Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ




1/2019
январь - февраль



**МухIамад ГIИСАЕВ**
**1949-2019**

# ГЪУДУЛЛЪИ



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**1**

**2019**

**январь - февраль**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.
МухIамадрасул ГIумаров

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

## НОМЕРАЛДА РУГО:


**РЕДАКТОРАСУЛ РАГІИ**

**М.ПатахІов**. Адабиятги, мацІги, цІарги....................3

**ТАРИХИЯЛ БИЦЕНАЛ**

**М.ХІамзаев.** АхІулгохІил биценал....................9

**МУХІАМАД ГІИСАЕВ ГЬАВУРАЛДАСА – 70 СОН**

**М.ПатахІов.** Къисматалъ кьураб лълъар....................14
**М.ГІисаев.** КучІдул....................20

**ГІАЛИМЧИЯСУЛ АРХИВАЛДАСА**

**А.ХІамзатов.** Дица кечІ гьабула, рекІеца малъун....................29

**ЮБИЛЕЙ**

**М.Сайпудинова.** Рецц-бакъ дуе, БетІергьан....................37
**М.АхІмадов.** НекІсияб Къородаса жакъасев шагІир....................43
**ХІ.Имранов.** КучІдул....................44

**ПРОЗА**

**Р.ГІалисултанова.** Дир васасул рекІел кІутІи....................54

**КУЧІДУЛ**

**ГІ.МухІамадов.** Богьнода....................64

**ГІАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

ГІунгутІаби камурав чи вукІунаро....................72

**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**

**М.АхІмадова.** КучІдул....................78

**ЦІИЯБ ТІЕХЬ**

**М.МухІамадов.** МагІарул мацІалда тІоцебесеб....................83

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

**М.Расулов.** Кортасул махсараби....................91


---


Журналалъул хъвай - хъвагІай гьабун буго хъвай-хъвагІай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хІакъалъулъ. РФялъул закон цІуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №1 2019 г.**

*январь - февраль*

*На аварском языке*

Выход в свет 7.03. 2019 г.
Тираж 1150 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 341 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*

***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# РЕДАКТОРАСУЛ РАГІИ

## АДАБИЯТГИ, МАЦІГИ, ЦІАРГИ ЦІУНИЗЕЛЪУН ТІАМУРАЛ ГАЛАБИ

*(ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъ 85 сон тIубаялде)*

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз гIуцIаралдаса 85 сон сверана. Жибго таварихалъул роцен хIисабалда балагьани, гьеб гIемерищ дагьищали лъаларо. Амма гьеб заманалда жаниб нилъер республикаялъул хъвадарухъабазул гIуцIиялъ нахъа тараб нухги жалго хъвадарухъабаз нахъе тараб адабияталъул ирсги гIезегIан бечедаб буго. Дагъистаналъул киналго миллатазул мацIги цIарги цIуниялъе гьабураб хIалтIул хIасил лъикIаб ккана.

Байбихьуда чанго рагIи абилин Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул таварихалъул хIакъалъулъ.

1932 соналъул апрелалда ВКП(б)ялъул ЦКялъ хасаб хIукму къабул гьабуна Литератураялъул художественниял организацияби гIуцIиялъул хIакъалъулъ. Гьеб хIукмуялда улкаялъул цогидал республикабазда, краязда, областаздаго гIадин, Дагъистаналдаги советиял хъвадарухъабазул союз гIуцIизе бихьизабун букIана (ДССП).

Гьелдаса хадуб чанго нухалъ тIоритIана хадурккун гьаризесел хIалтIабазул суалал гьоркьор лъурал Дагъистаналъул советиял Хъвадарухъабазул союзалъул гIуцIиялъул комитеталъул данделъаби.

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цогояб гIуцIиялъе квербакъизе 1933 соналъул июлалда нилъер республикаялде рачIун рукIана гIурусазул машгьурал хъвадарухъаби: Н.Тихонов, П.Павленко ва В.Луговской. Гьел щвана ЦIадаса ХIамзатихъе, Ашагъа-Сталалде Сулейманихъе, дандчIвана Э.Капиевгун ва цогидалги Дагъистаналъул хъвадарухъабигун. Гьебго мурадалда 1934 соналъул январалдаги нилъер республикаялде рачIун рукIана гIурусазул хъвадарухъаби: Л.Пасинков, Р.Фатуев ва Ю.Смирнов.

1934 соналъул апрелалда ВКП(б)ялъул обкомалъул бюроялда хIукму гьабуна ТIолгодагъистаналъул хъвадарухъабазул съезд ахIизе. Гьеб съезд рагьана 15 июналда. Гьеле гьеб рикIкIуна Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз гIуцIараб къолъунги. Съездалда бищана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул правление. Гьелъул тIоцевесев председательлъун вукIана лъарагIазул поэт ва драматург Багьавудин Астемиров. Правлениялда гьоркьов вукIана аваразул хъвадарухъан Ражаб ДинмухIамаевги.

Гьебго соналъул августалда букIараб ТIолгосоюзалъул хъвадарухъабазул съездалда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул хъвадарухъабазул делегациялъги, гьездаго гьорлъ ЦIадаса ХIамзатица ва Ражаб ДинмухIамаевасги.

1934 соналда аварав ЦIадаса ХIамзатие, лезгияв Сулейман Стальскиясе, лъарагIав ГIабдула МухIамадовасе кьуна Дагъистаналъул халкъияв поэт абурал тIадегIанал цIарал ва къватIире риччана гьезул кучIдузул тIахьал.

Хадуб Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъе бетIерлъи гьабуна Сулейман Стальскияс, Заид ХIажиевас, ХIажи Заловас.

1951 соналдаса гIумруялъул ахирал къоязде щвезегIан, 52 соналъ

республикаялъул Хъвадарухъабазул союзалъул председательлъун вукIана Расул ХIамзатов. Гьел соназда унго-унгояб цебетIей щвана жибго гьеб творческияб гIуцIиялъеги нилъер хъвадарухъабазеги.

Расул ХIамзатовасул тIолгохалкъалда гьоркьоб букIараб къадруялъги гьесул гьунаральги кIудияб СССРалда бищунго рикIкIунездаса цояблъун лъугьана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз. ТIолабго СССРалъул киналго мацIаздаги дунялалъул цогидал пачалихъаздаги миллионал тиражалгун къватIире риччана нилъер республикаялъул батIи-батIиял миллатазул хъвадарухъабазул асарал. Дагъистаналда щибаб соналда гIадин тIоритIана Россиялъул, цогидалги союзиял республикабазул, гьединго Шималияб Кавказалъул республикабазул литературабазул байрамал. Гьединалго Дагъистаналъул адабияталъул байрамал рукIана улкаялъул гIемерал республикабазда, краязда, областазда, Москва ва цогидалги чIахIиял шагьаразда. Гьелъ рес кьуна, Дагъистаналъул литература цогидиял халкъазде гIагар гьабиялъего гIадин, нилъеде цоги миллатазул литератураби гIагар гьариялъеги. Дагъистаналъул хъвадарухъабазе кIудияб рохеллъун букIана 1952 соналда лъабго моцIалъе цо бахъулеб «Гъудуллъи» журнал щуго батIияб мацIалда къватIибе биччазе рес щвей. 1980 соналдаса анкьго батIияб мацIалда къватIибе биччала щибаб моцIалъ лъималазе «Лачен» журнал.

Рагьана литературияб фонд, художественнияб литература халкъалда гьоркьоб тIибитIизабиялъул бюро. Буго Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул ичIго миллияб секция.

ГьитIинабго гIуцIиялдасан гьел соназда гIун бачIана 150 чи гъорлъе вачунеб Россиялда чIахIияздасан цояблъун кколеб Хъвадарухъабазул союз.

Бащадаб къарнуялдасаги цIикIкIарал соназ Расул ХIамзатовас бетIерлъи гьабураб, аслияб цебетIей гьесул хIаракатчилъиялда бухьараб Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъе ахираб 15 соналда нухмалъи гьабулеб буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас.

Жидерго Союзалъул юбилеялде хIадурлъулаго МахIачхъалаялдаги республикаялъул цогидал шагьараздаги Дагъистаналъул хъвадарухъабаз тIоритIулел руго дандчIваял, дандеруссинал, гьанже нилъгун гьечIел къаламцоял гьудулзаби ракIалде щвезариялъе данделъаби. ХIадур гьарулел руго щибаб мацIалда, юбилеялъе сайгъат гьарурал «Гъудуллъи» ва «Лачен» журналал. ТIоритIулел руго цогидалги адабияталъулги маданияталъулги тадбирал.

* * *

Нус-нус наслабаз наслабахъе кьолаго, цебехун босараб, щибаб цIияб гIелалъ бечед гьабураб буго магIарулазул халкъияб кIалзул хазина. Дунялалъул бокьараб халкъалъулалдаса нахъе ккечIеб буго нилъер рокьулги, кьалулги ва рукIа-рахъиналъулги суалал рорхараб поэзия. Жибго гIумруялъул хIалбихьиялда тIад рижарал, хIажатазе малъа-хъваял, босаразе гIакълу гъорлъ бессарал руго аваразул маргьабиги, биценалги, кицабиги, абиялги. Киналго рехсечIониги, цохIо 19 къарнуялъул ахиралдаги 20 къарнуялъул авалалдаги жидер цIарал машгьурлъарал, адабияталъул таварихалда абадияб лъалкI жидеца тараллъун хутIана Инхоса ГIалихIажияв, БакьагьечIиса ЧIанкIа ва ХъахIабросулъа МахIмуд.

Гьеле гьедин гъваридго кьалбал риччараб, бечедаб адабияталъул ирс цебе бугеб халкъалъул къоабилеб къарнуялдаги рахъинчIого рес букIинчIо пагьму-гьунар камилал, рагIи-калам бегIерал, гIагараб ракьалъулги, бокьулеб миллаталъулги, тIолабго Дагъистаналъулги къисмат къалмикье бачине,

гIумруялъул гъварилъабазде раккун ракIи абизе бажари бугел хъвадарухъаби.

Къоабилеб къарнуялъул авалалдасанго магIаруллъиялда тIиритIана ЦIадаса ХIамзатил асарал. Цо-цо гIадамазул тIекълъи-мекълъи, къарумлъи-хъантIи къватIиб чIвазабурал гьесул кучIдул раккулаго къабул гьаруна нилъер халкъалъ. Живго ХIамзатица абухъе, «гIосода рас баккараб магIарул тIамуралда» гьес бараб «лъабабилеб чIчIва» - сатираялъул кучIдул хIажаталлъун лъугьана магIарулазе гIумруялъул щибаб къоялъул лъугьа-бахъиназда тIад гIуцIарал рукIиналъ. Гъунибги, Хунзахъги хадуб Буйнакскиялдаги магIарул мацIалда газета къватIибе биччазе байбихьидал, нилъер халкъалъе унго-унгоги рес щвана ХIамзатил асарал цIализе. 1934 соналъ «ГIадатазул жул» абураб тIехь къватIибе биччазегIан цебего щун букIана шагIирасе халкъияб машгьурлъи.

Къоабилел соназул ахиралда магIарулазда рагIана Заид ХIажиевасул цIар. Сатираялъулги, цогидал социалиял суалал рорхаралги гьесул кучIдузул тIоцебесеб тIехь къватIибе биччана 1931 соналда.

Къоабилеб къарнуялда магIарулазул тIоцевесев прозаик хIисабалда нилъее загьирлъана Ражаб ДинмухIамаев. 1929 соналда басмаялде бахъана гьесул «Бидухъ би» абураб къиса. 1932 соналда – «Хъабчилъ бахIарзал» абураб роман.

Лъеберабилел соназул ахиралда харбазул тIоцебесеб тIехьгун цIалдолезда цеве вахъана МухIамад Хуршилов. Гьелго соназда рагIизе байбихьана ХIажи Заловасул цIарги.

Дагъистаниязул анищазде рагIад рехизабуна ракIалдаго гьечIого тIаде бачIараб балагьалъ – КIудияб ВатIанияб рагъалъ. Гьелъ тIубанго хисизаруна хъвадарухъабазул къасдалги пикрабиги. Гитлерилаб фашизмаялдаса ВатIан цIунизе арал аза-азар магIарулазда гьоркьор рукIана абадиялъего кьалул майданалда къанщарал Ражаб ДинмухIамаевги, Мухтар Абакаровги, Абакар ТIагьировги, хадубккун жидер цIарал машгьурлъизесел хъвадарухъаби МухIамад Сулимановги ГIабдулмажид Хачаловги.

Улкаялъе захIматал къоял тIаде рачIиндал нилъер халкъалда гьоркьоб унго-унгояб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялъул налъи тIаде ккана хъвадарухъабазде. ГIемерал гIадамал гIахьаллъарал митингазда цеве вахъунги, газеталъул гьурмаздасан рагъул кьогIлъиялъулги ракълил тIокIлъиялъулги бицунги гIемераб хIалтIи гьабуна ЦIадаса ХIамзатица. Дол соназда гьес къватIире риччана «ВатIаналъе гIоло», «Къисасалде», «Басняби» абурал, тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе рес рекъанщинаб гьабизе магIарулал ахIулел асараздасан данде гьарурал тIахьал.

Щибаб лахIзаталда хвалил хIинкъиялда гъоркь кьалул коронив вугев Ражаб ДинмухIамаевас хъвана «Хиянатчи», «Гьа», «ТIулакьераб борохь» абурал доб заманалда гIолохъабазул ракIазулъ чаран лъезе квер бакъулел рукIарал къисаби.

Нилъер ракьцоязул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ фронталъулал газетазда гIемерал макъалаби рахъана МухIамад Хуршиловас. Рагъул соназда гьес хъвараб «ГIандалал» абураб къисаялъулги, гьеб къисаялда рекъон театралъул сценаялда лъураб «Надир-шагь» абураб спектаклалъулги кIудияб кIвар букIана дол рагъул соназда умумузул бахIарчилъиялъул мисалалда цIияб гIел куцаялъе.

Рагъул соназда «ХIасратаб рокьиги боркьараб ццинги» абураб кучIдузул тIоцебесеб тIехьгун цеве ахъана гIолохъанав Расул ХIамзатов.

Рагъда хадусел соназда тIолабго Дагъистаналъул хъвадарухъабазго гIадин,

магIарулазул поэтазги прозаиказги жидерго асаразулъ магIарулал ахIулел рукIана, кьалул фронталда ккарал камиязухъги чIунтелазухъги балагьичIого, цIидасан гIумру-яшав гIуцIизе, лъикIаб букIинеселъе гIоло къеркьезе.

Адабияталъул гIумруялда ккараб кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун букIана 1949 соналъ тIоцебе магIарул поэзиялъул антология къватIибе бачIинги.

Авар адабияталъул хасаб цебетIей лъугьана кIикъоялда анцIабилел соназда.

1950 соналда магIарулги гIурусги мацIазда къватIире риччана ЦIадаса ХIамзатил «Вехьасул къиса» ва «ТIасарищарал асарал» абурал тIахьал. «ТIасарищарал асаразухъ» шагIирасе щвана СССРалъул Пачалихъалъулаб премияги.

Дагъистан тун къватIибехунги рагIизе лъугьана Расул ХIамзатовасул цIар. Москваялдаги МахIачхъалаялдаги рахъана гьесул «Дун гьавураб сон», «КIудияв вацасде», «Россиялъул солдатал», «Дир кIудада», «Лирика», «Поэмаби» ва цогидалги тIахьал. «Дун гьавураб сон» абураб поэма 1951 соналда мустахIикълъана СССРалъул Пачалихъалъул премиялъе. 1958 соналда Р.ХIамзатовасе кьуна Дагъистаналъул халкъияв поэт абураб тIадегIанаб цIарги.

КIикъоялда анцIабилел соназда унго-унгояб цебетIей щвана Заид ХIажиевасул творчествоялъеги. «БагIараб отряд», «ХъахIилаб экран», «Мукъур берцин» абурал поэзиялъулгун прозаялъул тIахьазги «Буран», «Сулахъ» абурал поэмабазги жидерго бакI ккуна нилъер адабияталда. Гьесиеги 1958 соналда щвана Дагъистаналъул халкъияв шагIир абураб хIурматияб цIар.

МагIаруласул къисмат рагьулеб кIиго тIехьалдасан данде гьабураб «Сулахъалъ нугIлъи гьабула» абураб роман цIалдолезухъе щвезабуна МухIамад Хуршиловас. Гьебго темаялда хъварал руго Асадула МухIамаевасул хасал тIахьал гьарун къватIире риччарал «МагIарулай», «Чаландар» ва цогидалги асарал.

Доб заманалда хасго гIолохъанаб гIел адабияталде гьоркьобе бачIиналъе квербакъана 1952 соналдаса «Гьудуллъи» альманах ва, «Дагъправдаялдаса» таржама гьабун гуреб, 1956 соналдаса жибго жиндаго чIараб анкьалъе щуго нухалъ бачIунеб «БагIараб байрахъ» газета бахъизе байбихьиялъги. Гьезул гьурмазда рахъарал тIоцересел асараздасан дол соназда магIарулазда лъана рукIинесел машгьурал хъвадарухъаби МухIамад Шамхаловасул, МухIамад Сулимановасул, ГIабдулмажид Хачаловасул, НурмухIамад АбихIасановасул, Муса МухIамадовасул, Машидат Гъайирбековалъул, Фазу ГIалиевалъул, ГIумархIажи Шахтамановасул цIарал. Гьезул цо-цоязул букIана гIезегIанго гIумруялъул хIалбихьи, цогиязейин абуни гьанжего-гьанже щун букIана адабияталъулаб тIадегIанаб лъай.

Гьел соназдаго рахъарал тIоцересел тIахьаз рес кьуна цIалдолезе рехсарал рагIул устарзабазул творчествоялъулгун жеги гIатIидго лъай-хъвай гьабизе. РакIалде щвезарилин гьезул цо-цоял: М.Шамхалов. «КучIдул», «КIудияв вац»; М.Сулиманов. «Гургур магIарда», «Беццаб божилъи», «Такъсир»; ГI.Хачалов. «Устарасул сайгъат», «Щибали лъай»; М.МухIамадов. «МугIрул ицц», «Манарша», «Чагъана»; Н.АбихIасанов. «ЧIегIерав», «Чияр би»; М.Гъайирбекова. «Борхалъуде нухда», «МагIарулалъул рагIи», «РикIкIадисей яц»; Ф.ГIалиева. «ГIагараб росу», «Ихдалил гьури», «Къисмат»; ГI.Шахтаманов «Нухда».

1958 соналда, гIезегIанго камилаб тIехь гьабун, къватIибе бачIана авар поэзиялъул антологияги.

Баракатал рукIана аваразул литератураялъе лъабкъоабилел соналги.

Гьел соназда бачIана Расул ХIамзатовасеги гьесул асаразеги унго-унгояб машгьурлъи. МахIачхъалаялдаги, Москваялдаги, союзиял республикабаздаги, улка бахун къватIибехунги рахъана гьесул «МугIрул ва гIатIилъаби», «ГIахьалаб чед», «ТIадегIанал цIваби», «Соназул чIумал», «МагIарулай», «Микьмухъилал кучIдул ва хъвай-хъвагIаял», гьединго гIемерал цогидалги тIахьал. «ТIадегIанал цIваби» абураб гьесул тIехь 1963 соналда мустахIикълъана Ленинилаб премиялъе. 1962 соналда Р.ХIамзатов вищана СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул членлъун.

Дагъистан бахун къватIибехунги рагIизе лъугьана Фазу ГIалиевалъулги цIар. Республикаялъулги централиялги басмаханабаз къватIире риччарал «ХъахIилаб расалъи», «ГанчIида накъищ», «АнцIила микьабилеб их», «Даимаб цIа» ва цогидалги тIахьал гъираялда къабул гьаруна цIалдолез. 1969 соналда Ф.ГIалиевалъе кьуна  Дагъистаналъул халкъияй поэтесса абураб тIадегIанаб цIарги.

МагIарулазе  унго-унгояб рохеллъун лъугьанин абизе  бегьула нилъер цебесебги советиябги заманалъул гIумруги гIадамазул къисматалги матIуялъусан гIадин жанисан рихьулеб лъабго тIехьалдасан данде гьабураб («Къисас», «Кьалбаз ккола гъветI», «Лъукъарал кьураби») абураб Муса МухIамадовасул роман къватIибе бачIин.

Гьелго соназда цIалдолезухъе щвана хIалтIухъанасул ракIбацIцIадаб захIматалъул бицараб, хадубккун республикаялъулаб премиялъеги мустахIикълъараб МухIамад Сулимановасул «Огниялда» абураб роман. ЦохIо магIарул гуребги, цогидалги мацIазда бахъана цIалдолезе лъикIаб асар гьабураб гьесулго «ХIинкъараб сапар» абураб къиса. ЧIужугIадан-нухмалъулелъул хIаракатчилъи рагьулеблъун букIана МухIамад Шамхаловасул «Салтанат» абураб къиса.

Рагъдаса гIолохъаби руссинчIелщиназе унго-унгояб сайгъатлъун букIана ГIабдулмажид Хачаловасул «Хваразул цIаралдаса» абураб кучIдузулгун поэмабазул тIехь. Гьеб цIаралда гъоркь бачIараб поэмаялъул асаралда гъоркь лъезе байбихьанин абизе бегьула магIарул гIемерал росабалъ ВатIанияб рагъда абадиялъго къанщарал васазе памятникал.

ЦIияб пикру-рагIиялъул шагIир хIисабалда машгьурлъана ГIумархIажи Шахтаманов. Гьелъие нугIлъи гьабулеллъун рукIана поэтасул дол соназда къватIире риччарал «Дур лъалкIда хадув», «ЦIвабзазул аманат», «ГIаздада цIаял» абурал кучIдузул ва поэмабазул тIахьал ва гьес авар мацIалде руссинарун хасаб тIехь гьабун рахъарал М.Лермонтовасул «Кавказалъул поэмаби». Хасго халкъалъул рекIелъе бортулеблъун букIана ГIумархIажил, киданиги жиндир тIадегIанлъи хвезе рес гьечIеб, авторасе партиялъул тIадегIанал идарабаздасан рекIелбакъвайги щвараб, жиндирго рекъечIеб хьвада-чIвадиялъ къисмат мекъи ккарай магIарул ясалъул бицунеб «Билараб кечI» абураб поэма.

Лъабкъоабилел соназда аваразул адабияталде рачIана жеги цIиял, хадубккун жиндир асараз Дагъистаналъул литератураялда бихьулеб бакI ккурал хъвадарухъабиги. МагIарул поэзиялда жиндиего хасаб нухги, хатIги, роценги батун, щибго ахIи-хIур гьечIого хъвадарухъабазул гъасда гIодов чIана ГIабасил МахIамад. Цоялда хадур цоял гьарун къватIире риччарал гьесул «Дерец», «Сардил чирахъ», «КьуртIа цIум» абурал тIоцересел тIахьазулъго цIалдолезда цо анищаб хинлъи батана.

Къокъабго заманалда цебе тIун бачIана Адалло ГIалиевасул творчество. ГIумруялъул магIнаги гIадамазул къисматги, жиндиего хасиятаб дунялбихьиги гъорлъ бессарал цIубарал кучIдуздасан гIуцIарал гьесул «МугIрул», «Нилъ рукIанищан гьикъани» абурал тIахьазда бачIинахъего батана магIарулазул ракIазулъе нух.

«Дун рагъул чи гуро, магъил чи вуго» абун рагIизабуна бачIинахъего жиндирго рукIинесел цIалдолезда Тажудин Таймасхановас. «Дир жаваб» абураб кучIдузулги «ЧIегIерал накIкIал» абураб харбазулгун къисабазул тIахьалги цадахъго гIадин рачIана гьесул къватIире магIарулаз къимат кьезе.

«Чундузул сухъмахъ» абураб, халкъияб кочIое хасиятаб мацIалда хъварал шигIрабазул тIехьгун цIалдолезда дандчIвай гьабуна ХIажи Гъазимирзоевас. ГIабдула Дагановасул «Дун гIуна мугIрузда» абураб кучIдузул тIоцебесеб тIехьалдасан бихьулеб букIана гьес поэзиялда жиндирго нух балагьулеб бугеблъи.

Газетаздагун журналазда ва гIахьалал тIахьазда рахьарал кучIдуздасанги харбаздасанги дагь-дагьккун магIарулазда рагIизе лъугьана Залму Батировалъул, МухIамад ГIабдулхIалимовасул, МухIамад ХIасанхIусеновасул, Майсарат МухIамадовалъул, МухIамад Гунашевасул¸ХIусен ХIажиевасул, ГIарип Расуловасул, МахсутI ЗайнулгIабидовасул, Майсарат Сайпудиновалъул, ХIасан ХIабибовасул, ГIумаржан ХIажигIалиевасул, МухIамад Гъазиевасул, ГъазимухIамад ГIалиевасул, МухIамад Пазлудиновасул ва цогидалги цIарал. Таймаз Асланов гIун вачIунев драматург вукIин бихьулеб букIана Дагъистаналъул батIи-батIиял театразул сценабазда гьесул пьесабазда рекъон лъурал спектакляздасан.

***МухIамад ПАТАХIОВ,***

*(хадусеб букIине буго).*



# ТАРИХИЯЛ БИЦЕНАЛ

**МухIамад ХIАМЗАЕВ**

## АХIУЛГОХIИЛ КЪИСАБИ



*Исана 180 сон тIубала АхIулгохIда дунялалдаго рагIараб рагъ ккаралдаса. АнцI-анцI нухалъ жидедаса цIикIкIарал пачаясул аскариязулгун Шамилил бетIерлъиялда лъабго моцIалъ рагъ гьабуна дагьалго магIарулаз. Гьеб къеркьеялъул хIакъалъулъ мухIканго бицунеб буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир, ДРялъул Пачалихъияб премиялъул лауреат МухIамад ХIамзаевасул «Имам Шамил» абураб тIехьалда. Гьенирго руго АхIулгохIил бахIарзазул къохIехьейги, исламияб диналъеги, гIагараб ракьалъеги гьезул ритIухълъиги бихьизабулел, тIехьалъул авторас данде гьарурал хIакъикъиял биценалги.*

*Нижеда лъикIаблъун бихьана гьел биценал журнал цIалулездаги цоги нухалда рагIизаризе.*

* * *

БахIарчиял муридзабаз солдатазул батальонал Щулалъул гохIде рахине риччалел рукIинчIо. Цо заманалдасан, гIешдерил кIкIалахъ букIараб гьабил нуцIаги бахъун, дугъ гIадин хучдузда къазабураб гьебги эхеде ккун, гьелда нахъаги рахчун, рахун рачIунел рукIана солдатал. Муридзабазул тункIил гуллаялда куракул цIулал гьабураб нуцIа борлъизе кIолеб букIинчIо. ГохI цIунулезда гьоркьов вукIана ГIашилтIаса Мусал Шамил абулев гьабигьан. Гьес абуна, жинца гьабураб нуцIа бугин, жив виччайилан. Гьабигьанас нуцIиде ишанги ккун, кьвагьидал, гохIде рахун рачIунел солдатал нуцIагун цадахъ герегун ана. Цинги гьабигьанас бицана, жинца, нуцIида букIараб кIудияб ноцIалде ишанги ккун, речIчIанилан.

* * *

Щулалъул гохIде балеб гIарадаялъул гуллаги щун, муридзабазул цевехъан Хириясул ГIалибегил гъеж лъукъана. ЩукIдузда бан, далдалун хутIараб гъежалъул ургъел гьабичIого вагъулев вукIана гьев. Цинги гъежалъ вагъизе квалквал гьабидал, ГIалибегица гьудулзабазда абуна гьеб къотIун рехеян. Гьесда гурхIиялъ муридзабазда гъеж къотIизе кIвечIо. ХIатIикье ккезабун, хвалчаца къотIун даларaб гъежги рехун, цогидаб кверaлъ хвалченги ккун, цIидасан вагъизе жувана ГIалибег. Гьедин шагьидлъана гьев бахIарчи. ГIалибег шагьидлъидал, гьесул гъеж эбелалъухъе битIана. Гьелъ абун буго: «Дир васасе бусада гуреб, гъазаваталда вагъулаго, шагьидасул хвел кьурав Аллагьасе рецц буго», – ян.

* * *

Щулалъул гохIда рухI босулаго, ГIашилтIаса ГIамирханил Малачица туманкI аскIор рукIаразухъе кьуна, жиндир васал чIаго ратани, гьезухъе кьеян. Гьебмехалде гьесул кIудияв вас МухIамад шагьидлъун вукIана. Гьелдаса мех балелде, сардилъ, кварицаги вухьун, АхIулгохIдаса ГIандигIурухъе кодоб щагIил хъабагун виччарав гьесул гьитIинав вас Гъазиги тIадвуссинчIо. Цинги гьесул ахирав вас ГIамирханги гохIда шагьидлъана.

* * *

Щулалъул гохI бахъулеб сордоялъ генералас щуго солдат витIана бакIалъул хал-шал гьабизе. ЧIедерал сухъмахъаздасан кIкIалахъа тIаде хIалицаго рахунел рукIана гьел. Циндаго гохIдаса гъоркье гирунги бачIун, гьезда аскIоб чIана, цIураб къандалъо гIадаб, чIегIераб жо. АскIоре рилълъун, халгьабурал гIурусазда гьев ватана кIиябго бохги гьечIев мурид. Накаби тун тIадехунисеб бакIалдаса рухь-рухьун ругоан гьесул бохдул. ГIурусазе къваригIун букIана муридасдаса имамасул къуватазул къадар лъазе. Гьез лъукъарав цин хIинкъизавизе байбихьана, жо ккечIелъул, гьесие гIемераб гIарац-месед кьелилан абуна.

Солдатазда мурид къуркьизавизе кIвечIо. Гьел тIасаго ричIичIелъул, муридас, магIарул мацIалъ хъачIаб рагIиги абун, гьезул цоясул гьурмаде туна. ГьебсагIат мурид чIвазеян лъугьарав солдат гIурусаз чIезавуна, гьадигIан бахIарчияв чи чIвазе бегьиларилан. Гьев вукIана Щулалъул гохI тушбабаз бахъараблъи имамасда лъазабизе унев ГIашилтIаса МухIамадмирза. Гьениса щунусго метргIанасеб манзилалъ, имамасда Щулалъул гохI тушбабахъе щванилан бицине хъурщана гьев бахIарчи ва гьелдаса мех балелдего гьесул рухIги босана.

* * *

АхIулгохIде гьужум гьабулел къояз гIурусазухъе асирлъуде ккана кIиябго гъеж къотIарав цо магIарулав. Имамасул аскаралъул хIакъалъулъ баянал щвезе къваригIун, гьесухъа сурав босулев вукIана гIурусазул генерал. Муридас гьесие щибго жаваб кьечIо. Цо заманалдасан, живго гIодов чIараб бакIги нахъегIан къазабун, муридас кIиябго хIетIе цеве чIарав генераласул каранда кьабуна. Генерал чехьатIаде гIодов речIчIана. Ццин бахъарал солдатал лъугьана мурид вусс-вуссун валилан. Генералас, гьелги чIезарун, абуна: «Живго те, гьав гIадал бахIарзал нилъер рукIаралани, АхIулгохI цебего бахъун букIинаан».

* * *

Хъизангун цадахъ АхIулгохIде гочаразда гьоркьов вукIана ГIоротIаса СагIадулагь абулев муъминчиги. ГIарададул гуллаги щун, захIматго лъукъарав СагIадулагьида тIад хурхана гьесул чIужу. РухI босулаго, гьес чIужуялда жиндирго ярагъ бихьизабуна. Росасул ханжарги босун, ягъулей йикIарай гьей захIматго лъукъана. Тушбабазухъе асирлъуде ккезе гурилан хIинкъун, гьелъ жиндирго гьитIинал ясазда (5 ва 7 сон барал) абуна жиндие кьурул рагIалде хъурщизе кумек гьабеян. Гъоркьа ГIандигIор беролеб кьурул рагIалде щведал, гьелъ, карандеги къан, ясазда убачал гьаруна ва тушманасда кодоре щвечIого рукIинелъун, гьел гъоркье тункана. Цинги гьезда хадуй жийгоги кIанцIана.

* * *

ЛъебергогIан гIарадаялъ тIаде гуллил цIад балеб бугониги, АхIулгохIда щибаб как ахIулаан. Тушбабаз, как ахIизе тIаде вахъа-вахъарав чIвалев вукIана. Цо къоялъ гохIда къадекак ахIулаго, цоясда хадув цояв вахъун, анкьго чи шагьидлъана.

* * *

Цо мугьажирасул чIужуялъ бетIергьанчиясда жидерго керен хахулеб лъимерги бихьизабун, гьикъана, гьалда щиб гьабилебан. Росас гьелда данде абуна, жакъа лъимадул тIалаб гьабулеб къо гурин, гъазават гьабулеб къо бугин, ганчIида лъимерги лъун, ханжар кодобе босеян. Рос-лъади шагьидлъун хадуса, ганчIида тIад гIодулеб хутIана гьезул лъимер.

* * *

ГIарадаялъул гуллаги щун, кIиябго рукьги цояб бохги лъукъун букIана Рихьуниса МухIамадил. ГохIил рагIалдеги хъурщун, гьес, цояб хIатIица, тIаде ххарун рачIунел тушбабазде гамачI хъвалеб букIана. Солдатаз кодовги ккун, лъавудаса арав МухIамад генераласухъе щвезавуна. ЦохIо ракьа хутIун букIана гьесул. Генералас МухIамадида цIехолеб букIана АхIулгохI сверун бугеб хандакъалъубе нух кисан бугебилан. БахIарчияс щибго бицинчIелъул, генералас абуна гьасда кIалдиб чакар лъеян. КIалдиб билълъун араб чакар, лъавуде вачIиндал, Билалил МухIамадица генераласул гьурмаде туна. ГьебсагIат аскIор рукIарал солдатаз чIван, шагьидлъана гьев бахIарчи.

* * *

Имамасул амру букIана, гIурусазухъе кверде инегIан, гIурулъе кIанцIеян. АхIулгохIде рахарал солдатал имамасул яц ПатIиматида хадур рортана. Ургьиб лъимерги бугей гIадан йикIана гьей. ГохIил рагIалдеги екерун, ПатIиматица гьурмаде чIинчIу цIана ва кьурса гIодое, ГIандигIурулъе кIанцIун ана.

Гьел къояз, тушманасул гуллаги щун, шагьидлъана имамасул чIужу Жавгьарат. РухI босилалде гьелъ аскIов вукIарав Унсоколоса ТIагьирида гьарана жиндие гьекъезе лъим кьеян. ТIагьирица гьелъие цо курак кьуна. Жавгьаратил каранда, цин бабайилан, цинги дадайилан гIодулаго, хахделев вукIана кIиго сон барав Шамилил вас СагIид. Цо заманалдасан гьевги шагьидлъана.

* * *

ГIурусазул тарихчи, генерал Милютиница хъвалеб буго: «Солдатал АхIулгохIде рахиндал, руччаби-лъималаз гьезда кодобе босизе кIварабщинаб жо речIчIулеб букIана. Цо гIолохъанай гIадан, солдатас хочодаги къазаюн, кодое йосана. Солдатасул гьурмаде тулаго, рухI босана гьелъул. Гьениса рикIкIада гьечIого, яхъун чIун йикIана цоги гIолохъанай чIужугIадан. Гьалмагъалъул ккараб къисмат бихьидал, гьелъ гурде тIаде борхана. Гьелъул махIабазда гьоркьоб бахчун букIун буго гьитIинаб лъимер, гьелъ гьеб, кодобеги босун, кьурса гIодобе, гIандигIурулъе рехун ана. ГьебсагIат, дагьаб добегIан рехараб ханжарги босун, гьей солдатазде тIаде кIанцIана. МагIарулалъ солдатазул кIигояв чIвана, лъабабилев лъукъана. Ункъабилес гьейги чIвана», – ян.

* * *

АхIулгохIалъул цо нохъода букIана имамасул яргъил нахърателги дагьал лъукъарал муридзабиги. Кьурулъа эхеде магIалги кьабун, кварил молодасан нохъоде рахине къачIалел рукIана солдатал. Ярагъ кодоб ккезе кIолеб хIалалда йигей кIиго чIужугIадан, гьезде кьвагьдолей йикIана. ГIисинлъималаз улбузе тункIал цIолел рукIана. Гьезда аскIой гIодое рехарай гIолохъанай чIужугIаданалъул бидул цIураб каранда хахулеб букIана анлъго моцIгIанасеб мех бараб лъимер. Кьурул рагIалде вакка-ваккарав чиясде ишан босулеб букIана дандбитIараб рахъалдаса тушманасул гIужихъабаз. КъваригIун вукIана кьурдаса гъоркье кIкIалахъе кIанцIун унаго, хвалчен кьабун, кваралги къотIун, мали бортизабизе кIолев чи.

Гьеб иш жинца тIубалин абуна ГIайишат абулей цо магIарулалъ. Къо-мех лъикIилан аскIов вукIарав, жеги балугълъиялде вахинчIев жиндирго васасда убачги гьабун, борхун хвалченги ккун, кьурдаса кIанцIана гьей. ТушбабазречIчIараб гуллаги щун, гьаваялдаго шагьидлъун, кIкIалахъе йортун ана магIарулай. Кварил молодасан ххарун, нохъодул кIалтIе щолел рукIана солдатал.

Имамас гьикъана, мали бортизабизе кIолев чи гьечIищилан. Киналго руцIцIухIун чIана. Цинги гьебсагIат шагьидлъарай ГIайишатил вас Шамил имамасда аскIове вачIана ва, магIил бералги цIун, абуна: «ХIурматияв имам, дихъе кье ханжар, дица хIалбихьила», – ян. ЗахIматго лъукъун, бида вецIцIулаго, гьенив вегун вукIарав цо херас абуна: «Ма, дир вас, гьаб ханжар босе, тIокIалъ дие гьаб хIажалъиларин ккола», – ян.

Херасул ханжарги кодоб ккун, кIанцIун арав васасухъе молол гIучI ккевзе щвана. ГьебсагIат васас хонжроца молол кварал къотI-къотIана. Малиги тIун, гьев васги, молодасан ххарун рачIунел рукIарал солдаталги, кIкIалал тIинде роpтун ана.

* * *

АхIулгохIда тушбабаз кверщел гьабидал, Къудукьа Хабукаца, гьезухъе щвечIого рукIине, жиндирго чIужуги васги гIоралъ риччана. ГIоралъ восун унев вукIарав вас рагIаллъуде рехана ва дадайилан инсул махIабазда хурхун вачIана. «Жакъа дуе дада гьечIо, дир вас, талихI бугони, мун иман бугесда ватила», – янги абун, нахъеги гIурулъе тункана Хабукаца цо вугев вас.

* * *

Ункъавго васги лъимаде йигей чIужу ПатIиматги рачун АхIулгохIде вахана ЧIиркъатIаса ГIумар. Бищун кIудияв васасул анцIила щуго сон букIана. Лъабго васги шагьидлъун рухIалида йигей ПатIиматида аскIов лъим кьеян, чIечIого гIодулев вукIана щуго сон барав Лабазан. Лъеда хадуй кIкIалахъе арай ПатIимат асирлъуде ккана. ЧIужуялдаса ватIалъидал, ГIумарица, сардилъ гIорги бахун, Лабазан чIекъдерил рахъалде щвезавуна, гьевгIаги нахъе хутIизеян. Хадув гIодулев васги тун, метер вачIинилан, гохIде вахана гьев. Августалъул байбихьуда бахIарчиго шагьидлъана ГIумар.

АхIулгохI бахъун хадуса асирлъуде ккарал руччаби-лъималги хералги гIурусаз Гъизляралде рачун унел рукIана, гьениса Россиялде ритIизе рукIине. Лъимаде йигей ПатIиматида нухда йилълъине кIолей йикIинчIо. Солдатаз хъундагъ кьабун, цее къотIулаго, гьей гIодой ккана. Гьеб бакIалда

ПатІиматица лъимер гьабуна. ГурхІел гьечІел тушбабаз малъгІанасеб рижи, хІатІица тункун, хъархъалъе рехана ва аман гьарулей эбел, цІалаца кьабулаго, цее къотІана. ГІемер мехалъ йилълъине кІвечІого, ПатІимат гІодой ккана ва гьеб бакІалдаго къадаралде щвана.

МелъелтІаса гІадамазда ватун, гьез нахъеги вачун, чІаго хутІана ГІумарил вас Лабазан.

* * *

Сардил гІужалъ гохІил рагІалдаса ГІандигІурухъе лъугьунаго, лъидаго лъалеб букІинчІо кинаб борхалъи бугебали. ТІоцеве щив гъоркье кІанцІилевали лъаларого рукІана. Цояз абуна ГІашилтІаса КъурбангІали кІанцІизе кколилан. АнцІила ункъо сон барав чи вукІана гьев. Имамас абуна КъурбангІали вукІинесев гІалимчи вугин, цойги чи кІанцІун лъикІилан. ХІакъикъаталдаги хадувккун магІаруллъиялдаго цІар рагІарав, чанги чиясда гІелму малъарав, кІудияв гІалимчи вахъана ГІашилтІаса КъурбангІали.

* * *

Лъабго васги, чІужу Ханзадайги цадахъ ячун АхІулгохІде вахана ГІашилтІаса НурмухІамад. ТІоцересел къоязго шагьидлъана гьев бахІарчи. Росасул би тІаса чуричІеб ретІелги ретІун, ягъулей йикІана Ханзадай. ЗахІматго лъукъун гІодой ккарай гьелъ лъим гьарулеб букІана. АскІор рукІарал гьелъул лъималаз, щиб гьабилебали лъачІого, эбелалъул ракъварал кІутІубузда магІугун хІацІу жубарал гьитІинал кверал чІвалел рукІана.

Хвалда йигей Ханзадаца васазда, ишара гьабун, жиндирго буртинадул хьитал рихьизаруна. Гьей пакъиралъ хьитазда жаниб бахчун букІана ахираб гІарац. «Чандай рукІарал гьедин, ахираб рикъзиги хьитазул бугназда жанибе буссинабун, бараб ахІуд рахьарал бахІарзал. (Аллагьас гьезул киназулго даража тІадегІан гьабеги!) Берал къанщун аниги, лъимал ралагьизе гІадин, хапелел рукІана Ханзадал кверал. Дагъаб мехалдасан гьелъул рухІ босана. Эбел-эмен шагьидлъидал, гурхІараз чІамун кьураб чІерги кванан вукІана гьитІинав Малачихан. Солдатал АхІулгохІде рахиндал, гьез нахъе вачун арав, гьесул тІокІаб хабар лъачІо.

Къоло щуго соналдасан, имам Калугаялда вукІаго, гьесухъе рачІаразда гьоркьов вукІана Парамонов абулев офицер. Имамасда вихьаравго лъана гьев гІурусав гуревлъи. Гьев ватана гьитІинаб къоялдласа нахъе Парамонов абулев бечедав чияс хьихьун гІурав ГІашилтІаса НурмухІамадил Малачихан. Имамас Калугаялдаса гьесул вац НурмухІамадил МухІамадихъе кагъат хъвана нужер вац чІаго вугилан. Гьев вацасухъе ваккизе Калугаялде вачІана, кІицІулниги Дагъисталалде щвезе Малачиханги ана.



## КЪИСМАТАЛЪ КЬУРАБ ЛЪЛЪАР, РОКЬУЛГУН КЬАЛУЛ, КЬУРАБ КВЕР ЧIАХЪАЯН, ГЬЕКЪАНА ДИЦА

**Цодагьалъги лъалхъе, хъван балеб гIазу,**
**ГIорцIулев гьечIин дун дур бацIцIалъиялъ.**
**Кверазда бауге, гIазул хIулаби,**
**ХIал хьолеб гьечIин дир нужехъ балагьун.**

**Гьединдай букIуна, рекIелъе лъугьун,**
**РакI инагьдулаго, унеб замана.**
**БукIарабщинабгун къо-лъикIги гьабун,**
**Гьаб дуниял тезе хIадурлъулеб мех.**

Гьединал жугьабаздасан байбихьулеб буго 2008 соналъул авалалда Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ къватIибе биччараб магIарулазул машгьурав шагIир МухIамад ГIисаевасул «Даимлъиялъул лахIзат» абураб кучIдуздасанги поэмабаздасанги данде гьабураб мажмугI. БачIинахъего щвана гьеб дихъе. ЦIалана авалалдаса ахиралде щвезегIан, цо-цо кучIдул чанго нухалъ тIадвуссунгицин. Батана гьезулъ дида рекIелъе лъугьунеб, цо кинабалиго анищаб асар бидулъ бессизабулеб поэзиялъул хинлъи, канлъи, цIилъи. Пикруги гьабуна, ГIисаевасул цересел асаразде дандеккун гьазулъ цо батIияб гIодовевиччай, пашманлъи, дунялалдаса ракIбуссин гьечIебдайилан. БукIаниги, гьеб пикруялде бицинегIанасеб кIварги кьечIо дица доб мехалъ. РакIалда букIана диего «Даимаб лахIзаталъ» гьабураб асаралъул цIалдолезеги бицине. Дун гьелъие дагьалъ кватIана. Хадуб бичIчIана, дагьалъ гурев,

гIемерго, тIубанго кватIаравлъи. РагIизе рес бугеб мехалъ жиндир тIехьалъул хIакъалъулъ ГIисаевасда лъикIаб рагIи абизе дихъа бажаричIеблъи…

Нилъер анищазги къасдазги малъухъе гуреб, БетIергьанас хIукму къотIухъе чиясул къисмат букIунеблъи киназдаго лъаниги, кидаго гуро нилъеца квешаб хиял рекIелъе биччалеб.

Гьеб тIехь басмаялде бахъун моцIгIан заманцин инелде, дунялалъулгунги, живги жиндие рокьаразулгунги къолъикIги гьабун, абадияб рокъове ана МухIамад. Гьадаб байбихьуда рехсарал кочIол жугьабазулъ жинцаго абухъе, гIумруялдаса хIалги хьечIого, гIаздалаб хасало, 2008 соналъул 11 февралалда – 59 сон  бараб къоялъ хъизан-лъималазги, гIага-божаразги, гьудул-гьалмагъзабазги, жиндир эбел-эменги даимаб макьида кьижун ругеб Хасавюрт шагьаралъул хабзалалъе, ахирисеб сапаралде нуха регIана гьев.

Чи цевеса ун хадуб ракIалде щола нилъеда гьес ракьалда тарал лъалкIалги, гьесул лъикIал ишалги, гьесулгун нилъер рукIарал ракIалда хутIарал дандчIваялги, жакъа-метерилан тарал, мацIалдаго цIорон хутIарал берцинал рагIабиги. ГIиллаги гьелъие батила, иргадал, цо-цоккун сонгицин нилъгун цадахъ рохелги къварилъиги гIахьал гьабун рукIарал унел рихьаниги, хьулазул халалъиялъ, нилъ гьелде кантIизе тунгутIи.

МухIамад ГIисаевасулгун дир лъай-хъвай ккана араб гIасруялъул ункъоабилел соназул авалалда. Доб мехалда гьев «БагIараб байрахъ» газеталда хIалтIулев вукIана, дун культураялъул училищеялда цIалулев вукIана. Редакциялде хъвара-тарал жалги росун арав дида, гьезухъги балагьун, МухIамадица абуна: «Гьанире рачIунел цо-цо гIолохъабазда дандеккун дулъ поэзиялъул кунчIи буго», – ян ва газеталда бахъизе чанго кечIги босана. Доб мехалда ГIисаевас абурал гьел рагIабазулги республикаялъул газеталда чанго кечI бахъиялъулги кигIанасеб кIвар дие букIарабалиги, гьелъ дие гьабураб асаралъулги гьанже бициналъул мурад букIинаро… Заман батIияб буго.

Гьадаб къоялъ ккараб лъай-хъвай нижер дагь-дагьккун божилъиялде, хадубги гьудуллъиялде сверана. Унаан цоцазухъе тIаде-гъоркье, МухIамад гIемер щвана росулъе дир эбел-инсухъеги. ЛъикIаб, цоцазда гьоболлъи-гьудуллъи рагIизабураб божилъи букIана гьесулги дир инсулги.

Ункъоялда анцIабилел соназул байбихьуда дун магIарул газеталде хIалтIизе вачIаралдаса ниж гIемер дандчIвалаан. Хъвадарухъабазул союзалда ГIисаевасулги редакциялда дирги гьабулеб хIалтIи цого букIиналъ, цадахъ кколаан батIи-батIиял данделъабаздеги дандеруссиназдеги, рохалилъеги хвел-гIел ккаралъуреги. РукIунаан ракIал журараб хабар-кIалалги, цоцазда ричIчIичIолъиги, пикраби дандеккарал бакIалги, бахIсалги. МухIамад вукIана цин пирхараб пири гIадинги лъугьун, цинги гIодове виччалев, кIалдибе бачIараб рагIиги абун, гьебсагIатго гьелдаса ракIги бухIулеб гIамалалъул чи.

Гьел рагIабазе мисал хIисабалда рехселин ГIисаевасул гьеб хасият-гIамал ракIалде щвезабулеб цо гьитIинабго хIужа: кафеялда гIодор чIун рукIана ниж. ГIисаевас абулебги дица бицунебги данде ккечIо. «Мун гIаданги гуро, мун поэтги гуро», – ян дидаги абун гьев нахъе ана. ВатичIони кIваричIилан дицаги тана. Хадусеб къоялъ дун хIалтIуде дагьав кватIана. Гьениве щведал бицана, чанго нухалъ ГIисаев вачIун вукIанила мун цIехонилан (доб мехалда гьев «Дагъправдаялда» хIалтIулев вукIана).

«Жакъа бащдаб къо ана духъ балагьун», – иланги абун кIиго «Сибирская корона» бахъун бачIана гьес столалъул хъурщиялдаса…

Гьединав вукIана МухIамад.

Чиясул къваригIел бугони, гьеб тIубазеги, жиндирго гьабулеб хIалтIиги бугелъуб тун гIедегIулаан гьев.

Бицарасул бицаралда божулеб гIамалги букIана ГIисаевасул. Гьелъ цо-цо мекъи ккунги ватулаан гьев. Гьедин, гьес жинцаго абухъе, «гьоркьохъабазул хIаракаталъ», цо-цо цере рукIарал лъикIал, живги жиндаги божулел гьудулзабаздасаги тIезавуна гьев.

МухIамад ГIисаевасулги дирги рукIарал лъикIал гьоркьорлъабазулги, гьесул гIамал-хасияталъулги бицинелъун хъвалел мухъал гуро гьал, гьесул юбилей гIагарлъулел къояз рижарал пикрабаз ракIалдещвеязде дун вачун ватаниги. ГIисаев вукIана диеги поэзия бокьулел, гьеб бичIчIулел, гьелъул къимат гьабулел магIарулазеги гьунар камилав, пикру бегIерав, рагIи магIнаяв шагIир. Гьесул творчествоялъ хасаб, живго поэтасе хасиятаб, босизеги ургъизеги гIураб жо жаниб бугеб бакI ккола магIарулазул гьанжесеб адабияталда. Гьелъие къимат кьун газетаздагун журналазда хъвадарухъабазги гIалимзабазги рахъарал макъалаби рехсечIониги, ракIалда буго МухIамадил гIумруялъул бащдаб гIасру свериялъул дандеруссин гьабулаго Авартеатралда гьесулги гьесул асаразулги хIакъалъулъ абурал гIемерал хинал, мустахIикъал рагIаби. Долдаса ана къого сон. Лъабкъогосонилабги лъабкъоялдаанцIгосонилабги юбилей гьудул-гьалмагъзабигун, жиндир поэзия бокьулелгун цадахъ кIодо гьабизе ГIисаевасе къисмат букIун гьечIо.

**Къисматалъ кьураб лълъар, рокьулгун кьалул,**
**Кьураб квер чIахъаян, гьекъана дица.**
**Гьанже гIумруялда дун божуларо –**
**Болжал щвела тIаде пуланаб къоялъ.**

Гьел мухъалги руго гьадабго, МухIамадил ахирисеб тIехьалда. Руго гьединал бакIал гьеб мажмугIалда жеги гIезегIанго кучIдузулъ. Къо бахъанагIан сахлъиялъ къо рехулеб букIин бихьидал, бичIчIун, хIалалда лъан букIун батизе бегьула гьесда жиндир гIумруялъул ахир гIагарлъулеб букIин. ШагIир аниги, шигIраби гьесул хутIана. КIикьогониги соналъ гьес нилъер поэзиялда тарал лъалкIал, нахъруссун балагьани, бицинеги борцинеги гIураб бечелъи жаниб бугел руго.

РакIалде щвезарилин ГIисаевасул гIумруялъулги творчествоялъулги нухалъул бицунел цо-цо хIужаби.

МухIамад гьавуна 1949 соналда Унсоколо районалъул МокIсохъ росулъ. Буйнакскиялъул педучилищеялдаса хадуб армиялъул налъиги тIубазабун, хIалтIана школалда учительлъун. 1978 соналда Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институтги лъугIизабун вачIана «БагIараб байрахъ» газеталъул редакциялде. Хадубккун хIалтIана «Гьудуллъи» журналалъул редакторлъун, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул секретарлъун, аваразул секциялъул нухмалъулевлъун, Литфондалъул директорлъун, «ХIакъикъат» газеталъул отделалъул редакторлъун, хадубги бетIерав редакторасул заместительлъун. Ахираб чанго соналъ вукIана «Дагъправда» газеталъул редакциялда.

МухIамадие кьун рукIана Дагъистаналъул комсомолалъул ва ХъахIабросулъа МахIмудил цIаралда ругел премияби, Россиялъул Федерациялъул ва

Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан абурал хIурматиял цIарал.

Газетаздагун журналазда рахъарал тIоцересел асараздалъун лъай-хъвай ккана ГIисаевасулгунги цIалдолезул.

**Бетоналъул чIарбида**
**ЧIвараб магIлъун дунги тун,**
**Моторазул хъудиялъ**
**Хъамун ана мун ячун…**

Гьелги гьезда релълъаралги жугьаби халлъичIого, гьез рекIее асар гьабичIого хутIичIо поэзия бокьулезе. Гьез цIияв, гIун вачIунев поэтасул творчествоялда хадуб халккуна, гьесул кучIдузулги поэмабазулги магIнаялъул хIисаб гьабуна, пикрабалъ жиде-жидер бичIчIиялда рекъон къимат кьуна.

«ЛъабгIин». Гьединаб цIар букIана 1980 соналда Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ къватIибе биччараб МухIамадил тIоцебесеб тIехьалда. Гьеб тIехьалда рахъарал кучIдуздасанги «Дир къо» абураб, инсанасул носол баллада бараб гIадаб къисматалъул бицунеб поэмаялдасанги бихьулеб букIана цIубарал пикрабазул, берцинаб, рагIизе бокьулеб поэзиялъул мацIги жиндирго хаслъиги бугев шагIир вукIин ГIисаев.

**БукIана замана дур багIараб чу**
**Чанги гьал къватIазда ункъид кIанцIулеб,**
**Хехлъи гIоларого, халатаб цIалалъ**
**Гьелъул цIакидаса цIваби кIутIулеб.**

Гьедин байбихьулеб «Гьокочи», «ЛъабгIин», «Беццав чагъаначи», «Лъала гьудул дида» абурал ва цогидалги кучIдузулъ букIана цIияв поэтасул гьураналъул цIилъи, цIияб кунчIи.

Хадуб МухIамадица къватIире риччана «Ракьул хIухьел», «ГIухьбузул цIадухъ», «Анлъабилеб океан», «Къеч», «Ана, гьудул, гьаб рии» абурал ва цогидалги кучIдузулгун поэмабазул тIахьал.

Гьесул тIахьазул цIаразго бицуна ГIисаевасул поэзия гIумруялде ва магIарулазул гIадатияб рукIа-рахъиналде кигIан гIагараб бугебали. ГIисаевасул асаразул аслияв герой ккола вижараб ракьалда гIумру бухьарав гIадатияв магIарулав. Гьезулъ буго ракIбатизабулеб гурхIел, магIарул чиясул кьолболал хиялазул, ургъелабазул ва хьулазул бицен.

Жакъасеб гIумруялъул бицунаго поэтасда кIочонеб гьечIо нилъер бахIарчияб тарих, багьадурлъиялъул цIар арал, гIасрабаз ирсилазе мисаллъун хутIизесел къадруял гIадамал. Шамилил хIакъалъулъ кечI хъвачIев шагIир къанагIатги ватиларо. Хъвана гьеб ГIисаевасги. Гьеб лъугьана цоги гIемеразда гьоркьоб батIабахъизе лъалеб, гьунаралъул бакъалъ къалъизабураб. Гьадин байбихьулеб буго гьеб кечI:

**РикIкIадал сапараз свакарав имам,**
**ТIадвуссунев вуго Дагъистаналде,**
**ГIемерал гIелазе бахчараб сипат,**
**Мармаргун, мазгаргун цолъила гьанже.**

**ГІарабустаналъул салул ракьалда**
**Даимаб макьида кьижарав Шамил,**
**Макьу кинаб щолеб апараглъуда,**
**Духъ хIакъдаралщинал рорхатал мугIрул.**

**Хоб киб букIаниги, рухI дур магIарухъ,**
**РухIдаллъула гьелда тIолго дуниял.**
**ТIадвусса, тIадвусса, тIадвуссайилан**
**АхIи рагIуларищ дуда мугIрузул.**

МагIарулазулги магIаруллъиялъулги бицарал гIемерал кучIдул руго МухIамадил. Щибаб цIияб тIехьалда цIи-цIигьабун тIадвуссунев вуго поэт гьеб темаялде.

**Ясазул каранда маржанал гIадин,**
**МугIрул керемалда магIарул росу.**
**Росулъан чвахулел чабхилал иццал,**
**Иццазулъ чвердолел чабхилал тIогьал.**

**Сухъмахъаз хьухьарал рихьула мугIрул,**
**МугIрузда нухаца рухьарал ракIал.**
**ЦIорораб хаселги хинаб риги,**
**ХисичIого къабул гьабулеб гIалам.**

**Риидала тIугьдул, хасало гIазу,**
**Хаслихълъи лъалареб мугIрузул улка.**
**Кидаго чIей гьечIеб гIумрудул чвахи,**
**Чуязул тIукъбуца нухда гIолеб цIа.**

Гьедин магIаруллъиялдасаги магIарул росдадасаги, гьелъул тIабигIаталдасаги, тIадегIанаб намус-яхIалъул гьелъул гIадамаздасаги чIухIун, гьеб рохел загьир гьабун хъвалеб буго ГIисаевас жиндирго тIоцересездасан цояб «Ракьул хIухьел» абураб тIехьалде унеб цо кочIолъ. Хадуб дагь-дагькkун заман хисанагIан, гIумру бакIлъанагIан бакIлъулеб буго шагIирасул рекIееги магIаруллъиялда кколеб хиса-баси. «Щиб дуе лъугьараб, дир магIарурллъи?» абун суал кьолеб буго гьес гIумруги гIаданги умумузул нухдасан тарулел рукIиналъ рахIт хвезабун.

**ГIазулцин бацIцIалъи цIехолеб буго,**
**ЦIорорал иццалцин чорокго руго,**
**ГIурдаде рехараб харил буртина**
**Багь-багьун бугилан буго рагIулеб.**

**Хварабищха чилъи, чучлъарабищ яхI,**
**Меседил кьерабищ букIараб намус.**
**Ракъаразул бикъи, къурахъа бахъи,**
**Къиямасеб къойищ тIаде щун бугеб.**

**Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,**
**МагIу щай хулараб дир хиялазда?**

Ахираб 20-25 соналда нилъер гIумруялда ккарал лъугьа-бахъиназ бижизабураб асар: жакъасеб къоялъул рахIатхвейги метерисеб къоялде гьечIеб божиги гьадин загьир гьабулеб буго МухIамадица цоги кочIолъ:

**Гьанже гьаб дуниял борчIулеб мехалъ,**
**БакIал пикрабазул гьирикь кьерула.**
**Кьижараб макьилцин лазат хун буго –**
**Хабар щиб бачIинеб бачIунеб къоялъ.**

**Рахъ-рахъалде цIалеб цIаха гIадинаб**
**ЦIакъ лазат бахъараб замана кIалтIа;**
**КIоларо божизе букIинеселда,**
**Щаклъи цIикIкIун буго цIакъ дунялалда.**

Цоги мисал:
**Дида ссандаги кIусун свакарал руччабаца**
**АхIулеб сариналъул сас рагIичIо цебего;**
**Цинги магIарулавин абиялъул пайда щиб,**
**Ирсалъе апараглъи дицаго босарав дий.**

Хадубги жеги кIудияб хIинкъигун валагьулев вуго гьев нилъер наслабазухъ, гьезул букIинесезухъ. Гьадинаб буго гьеб кечIалъул ахир:

**Дир гIелалъулни буго анищалъ руссунеб бакI,**
**Лъималазда гурхIула магIаруллъи лъаларел.**
**Нилъелъни жеги буго ирсалъе щвараб чIухIи,**
**ЧIухIилел сундаса гьел росдал цIарцин лъаларел.**

Цо гIакъилас абун буго, инсанасул бищун кIудияб чIухIи – миллияб чIухIи бугилан. Пуланаб миллаталъул чи вугилан цебе гIадин паспорталдацин хъвалебги гьечIони, магIарухъе щун, гьелъул тIабигIат-гIамалги бихьулеб гьечIони, гьелде тIадеги, умумузул рахьдал мацIгицин малъулебги гьечIони, гьев чиясда магIарулавилан кинха абилеб? Жакъа росабиги чIороголъулел, шагьараздаги гIатIиракьалъул цогидал бакIаздаги ралъдахъе журарал гIорал гIадин магIарулал рилулеб, тIагIунеб заманалда, кьалбал гьечIеб гъветIлъунги кьучI гьечIеб къедлъунги лъугьунел гьечIищ нилъги, хасго хадусел гIелалги абун суал лъолеб буго шагIирас.

РакIалда буго, 1999 соналда Дагъистаналда балагьал лъугьа-бахъинал ккараб заманалда МухIамад щвана Болъихъеги цоги-цоги рагъал рукIарал бакIаздеги. Гьенисан тIадвуссиндал, жиндаго бихьа-лъаралъул бицун, ритIухъаб куцалъ хIакъикъат бихьизабураб кучIдузул цикл буго гьесул.

**ТIандо, ТIандойилан кьвагьулел руго,**
**ГIарададул гулби дие макьабалъ.**

**ГӀанди, ГӀандийилан магӀу рагӀула,**
**Берал къанщарабго щобазда багъун.**

**ГанчӀида гамачӀ лъун умумуз бараб,**
**АнсалтӀа биххула гумпарабазукь.**
**Пиридакь гурони кьеричӀел мугӀрул,**
**ЧӀегӀераб кӀкӀуялъукь лъазе кӀоларо.**

**Болъихъ рарал сардал соролел руго,**
**Сордойилгин къойил рекӀелъе лъугьун.**
**Дир васал гӀадинал солдатал руго,**
**Бидуцаги релъун беразукь даим.**

ГӀисаевас жиндирго асаразулъ рорхулел суалазулги гьес кучӀдузулъ загьир гьарулел пикрабазулги хӀисаб гьабуни, гӀезегӀан бечедаб буго гьесул творчествоялъул тематика. ГьитӀинаб росдал, хадубги Дагъистаналъул, ахирги кӀудияб дунялалъул ургъалабаз, киса-кирего кколел лъугьа-бахъиназ асар гьабун, асир гьавун гӀуцӀарал руго МухӀамадил кучӀдулги поэмабиги.

Гьел киналго рехсезе, гьезул гӀатӀидго бицен гьабизе рес рекъеларо. Бегьилаан гьединго бицине ГӀисаевасул «Балахьуниса Муса» абураб тарихияб темаялда хъвараб пьесаялъулги, ракӀалде щвезаризе рекъарал рукӀинаан «ХӀакъикъат» газеталъул редакциялда хӀалтӀулаго хъварал жакъасеб къоялъул кӀвар бугел масъалабазул бицарал гьесул макъалабиги. Гьелъие хӀажалъи букӀинарин ккола. Щайгурелъул, кинаб жанралда хъварал ратаниги, гьесул асарал халкъалъул рекӀелъ хутӀана, поэтги журналистги хӀисабалда гьев магӀарулаз къабул гьавуна. ЛъикӀав инсанги махщел бугев хъвадарухъанги абураб цӀарги нахъе тун ана МухӀамад ГӀисаев абадияб рокъове. Гьелъул кӀудияб магӀна буго.

***МухӀамад ПАТАХӀОВ.***

**МухӀамад ГӀИСАЕВ**

**ГЬОКОЧИ**

**БукӀана замана, дур багӀараб чу,**
**Чанги гьал къватӀазда ункъид кӀанцӀулеб.**
**Хехлъи гӀоларого, халатаб цӀалалъ**
**Гьелъул цӀакидаса цӀваби кӀутӀулеб.**

**БукӀана замана, базаркъояца**
**КъваригӀел тӀубазе мун хӀажалъарав,**
**БакӀабщинаб къайи, чол гьакида лъун,**
**Лъий къваригӀаниги, рокъой рехулеб.**

Къурарал михъалги тIад хъурайсинги,
Хъинсан кколаан мун дир лъимерлъуда,
Дуниялалъул хIос дур чол гьакица
Гьабилин сверизе букIана рекIелъ.

Унго, гьаб замана чвахулеб хехго,
Чи хадув гъоларел свералабигун,
Сверана къого сон, гьале доб шагьар,
ГьечIо чол гьокоги, гьакида мунги.

ТIирахунел гьечIо къватIазда хIорал,
ХIур гьечIо бахъунеб гьакибурдузукь.
Гьокоги чуялги рукIинчIел гIадин,
Машинаби руго ишалда гьанже.

…Хъаляналъул кIкIуйица кIкIубарал михъал,
Соназул рахъаца бухъараб нодо,
Базаралда аскIоб гьитIинаб ашбаз,
Ашбазалъул бокIнилъ шишагун херав.

Херав – хехаб чодул гьакил бетIергьан,
БетIерги рукъарал заразде бегун,
Гьаб дуниялалда тIекъаб куцалда
ТIолабго жиндихъа бахъараб гIадин.

ГIумру – бекерулеб багIараб чулъун,
ЧагIазул надазда рукIкIелал рикIкIун,
ТIелхазукь сасарал херасул бералълъ
ГIолохъанаб гIужги пештIолеб цIалги.

Херав столалда нахъаса ана,
Вахъун къотIновегун, къвалакь квер чIвана.
ЧIезабуна такси, лъугьана жанив,
Михъида квер бахъун, гьимана, ана.

## ИХДАЛИЛ СОРДОЯЛЪ ХIИСАБ ГЬАБИДАЛ

КватIараб ихдалил цо сордо буго
Лъимадулал бераз дихъ балагьун чIун,
Релъийищ, гIодийищ, лъалареб нургун
Лъалеб бугищ жибан бералъги бигьун.

МоцIролаб лъадаца чвахун чурарал
Чарчарал ахазул цо сордо буго,
Сон-жакъа рагьарал гьезул букIдузулъ,
БичIчIизе захIматаб, цо хIикмат буго.

ЗагIипаб канлъухъе берда рихьулел
ТIугьдузул тIелхалги соролел руго,
Саву тIад чIелилан, цIороца чIвалин,
Я хIапаро балин, я хIутIалъ квинин.

Хинаб сордоялъул гьаб сасиялъулъ
Сусур гIадин буго божутIаго рекIкI,
БукIинилан гуреб, лъугьинин гуреб,
Нагагьин абураб цо рагIул суал.

Диеги хIинкъизе бачIунеб буго
Каранда хутIараб цо щакдариялъ,
Их гурелъул дирги, рии бугелъул,
БитIун завалалда зодой бакъ бахун.

АхIилилан тарал, танилан хъвачIел
Таманал саринал зазаллъун рекIелъ,
АбичIеб меседин, гIантал пикрабаз
ГIемераб кIвекIиялъ бакIлъараб бетIер.

Цояс хъаляналъе бихъизе гуреб,
Хъван нахъе хутIилин пикрабазулъ кечI.
Хадур рачIунезул нухлул рагIалде
ХвелгьечIеб цо жугьа хутIилилан хьул.

КватIараб ихдалил хинаб сордоги,
Суравалъе гIадин, бадибе къулун.
МоцIролаб лъадаца чурараб ракьги,
Чанги мун гIадинав анищчи лъанин.

Гьеб дидаги лъала, ихдалил сордо,
Исана кватIана мунги мугIрузде.
Дурни такрарлъизе гIемер рес буго,
ГIумру – гьеб рагIуца дун гIедегIула.

* * *

ГIумруялъул сагIат дагьалъ лъалхъана,
Дунги сихIкъотIиги цоцалъ журана.
ГьечIел гIайибазул бакIал хулжалги,
Хвалил раччи гIадин, тIаде регана.

Гьеб мехалъ шигIруги шигIру батичIо,
ГьечIилан рикIкIана гьудулзабиги.
РукIкIарал къоязул бецIал рагIдазукь
МагIил гIомо дица дагьаб къулчIичIо.

Мугъ чIварал къураби, кьватIелал лъугьун,
ХIурудеги руссун, гьороца хъвана.
Гьезде бугеб божии, божелго гьечIеб,
Гьадингояб чIахIлъун берзукь бухIана.

БухIулаго гьелъул гьарзаяб кIкIуялъ
Дие гIемералде берал рагьана.
Гьаб дуниялалда дир къисматалъул
СагIат цойги бугин гIинда щурана.

ГIумруги лахIзаталъ сагIат чIунилан
ЧIоларин абуна, ургъел тейилан.
Рагьараб рекIеда бакIлъарабщинаб
Щущалин, гьурщулин, гьороца унин.

Къаси, сардил зодил цIвабзазул цIаялъ,
ЦIодорал цо берал дие гьимана.
ЦIвабзазул дуниял бегарданиги,
Дие гьел хириял рукIин бичIчIана.

Хадув дун рекIана автобусалда
Дирго гIумруялъул гьанситоялде,
Лъималазул релъи рекIелъе ине,
Аслияб щибали цоги ургъизе.

Огь, гьаб дунялалда рукIинчIелани
РекIел кIодолъиги гIодобеккейги,
ГIумруги гIумрулъун букIинароан,
КIудияб, гьитIинаб бичIчIилароан.

Амма гьелъул гуро гьабулеб пикру
Гьундул риххулелъул гьорол сасихье,
Свараб чирахъ гуро ургъел гьабизе,
Ургъел бакIаб буго бакъ ссун хадуса.

## ЩИБ ДУЕ ЛЪУГЬАРАБ, ДИР МАГIАРУЛЛЪИ

ГIазулцин бацIцIалъи цIехолеб буго,
ЦIорорал иццалцин чорокго руго,
ГIурдаде рехараб ххарил буртина
Багь-багьун бугилан буго рагIулеб.

Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,
МагIу щай хулулеб дур хивалазда?

Хварабищха чилъи, чучарабищ яхI,
Меседил кьерабищ букIараб намус.
Ракъаразул бикъи, къурахъа бахъи,
Къиямасеб къойищ тIаде щун бугеб.

Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,
МагIу щай хулулеб дур хивалазда?

Хараби эхетун, гIолилан гIодор,
ГIаракъиялъул гуч, гашишалъул кеп.
Умумуз лъалиниб цIунараб ханжар
Ххвалийги хвалийги къватIибе бахъун.

Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,
МагIу щай ххулулеб дур хивалазда?

Алжанги жибго тун, жаналъ гьарарал,
ГьечIищха магIарухъ тIокIал мусудул.
Саяхъабщиналде тушманлъи лъураб,
Тамахлъунищ гIадат дир умумузул.

Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,
МагIу щай ххулулеб дур хивалазда?

Хабалазул рагIал, эхетун вуго
ГIазуги, заналги, зобги сверухъе.
Дица ахIун гьаракь гьабулеб буго,
Гьаракь карандаго бакъвалеб буго.

Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,
МагIу щай ххулулеб дур хивалазда?

Щиб дуе лъугьараб, дир магIаруллъи,
Дандерижи ана гьороца хъамун.
Цо доба, цо гьаниб кьурул сверабаз
Кьуна гьеб цоцахъе мадироялда.

Дида кколел руго рорхатал мугIрул
ГIасрабаз свакарал гъапуллъун ругин,
ГьабсагIат гьез рорчIун, берал ричIилин,
ТIаса тIолго рищни гIодой кIутIилин.

Ле! – ян абурасе жаваб гьабулел,
Гьаб дир тIалъиялда жегиги ругин;
ГIайиб ккаразул гьез гIундул кьурилин,
ГIамал берциназе рецц гьабилин.

– Щиб дуе лъугьараб, дир магIарулъи!
– Дун мугIрузда буго, махх гIадин буго!

## АХIУЛГОХI

**Гьаб АхIулгохIалъул чIимих анищ дун,**
**ЧIегIерал къоязул къисмат бихьараб.**
**Гьаб АхIулгохIалда хIурлъун анищ дун,**
**Гъазизабазул би бакъукь гьекъараб.**

**Гьебцин гIемер буго дир гIумруялъе,**
**Лъие щолеб жакъа гьезул даража.**
**Гьаниб хIотол хIули кIудияб буго**
**КIодолъабаздаса дуниялалъул.**

**Зодор тIогьал цурал гIазулал мугIрул**
**Дие гIисинлъула дур ракьаналда.**
**ЦIумал тIад сверулел сиртал лъугьуна**
**Ссаназул къадаллъун дур пикрабазда.**

**Кинабго гIумруги гIодоб лъарахъ тун,**
**Вахуна дуде дун сухъмахъ нухдасан.**
**Авaристаналъул хабалазул хоб,**
**Хивалазул ханлъун лъугьун буго мун.**

**Цо–цоязда кватIун бихьананиги,**
**Кини кIибикIана дуца мугIрузе.**
**Хъулухъалъ байрахъал рухIананиги,**
**Эбелалъул рахьгун лъана дида мун.**

## АНА, ГЬУДУЛ, ГЬАБ РИИ

**ТIогьазде гIазу бана,**
**ГIодорлъаби чарлъана,**
**Чвахун цIадазул цIалал**
**ЦIоролел руго гьанже.**

**Гьелегьараб бакъалъул**
**ХIохьелги гьекъезе кьун,**
**Макьилъ гIадин нильги тун,**
**Ана гIумрудул рии.**

**МугIрузда цIадал хIаллъун**
**ХIабургъарал иххаца**
**ГIорда тIад кьоял тIутIун,**
**Ана, гьудул, гьаб рии.**

**Кьуруда мугъалги чIван,**
**ЧIарал ссакал кинниги,**
**Нилъер рокьиги бикьун,**
**Ана, гьудул, гьаб рии.**

**Пирхана, гъугъадана,**
**Гъугълъизе нильги гьарун,**
**Гьороца тIамах гIадин,**
**Ана, гьудул, гьаб рии.**

**Ана, гьудул, гьаб рии,**
**Ана, гьудул, гьаб рии,**
**Гьогьомараб хаслихье,**
**Квер тункун, нилъги рехун.**

**Хивалал гIолохъанго,**
**ГIищкъу жеги бухIулеб,**
**Ана, гьудул, гьаб рии,**
**ГьечIо, гьудул, доб рии.**

* * *

**Нахъеги щвана дун щобил рагIалде,**
**ГIурдада щущараб жавгьар бищизе.**
**Щибалъулъ бакъалъул горду чвердолеб,**
**Чабхица къатIраби бераз гьекъезе.**

**Гьекъонги гIорцIичIо, къечги буссинчIо,**
**Къояца, сонаца дир магIаруллъи.**
**МугIрухъа мугIрухъе гьаракь гьабуна,**
**Гьелъий дандерижи жибго кIалъана.**

**КIолеб гьечIо гьанже, цебе гIадинан,**
**ГIазулал тIогьазда тIаде вахине.**
**Херлъиялъул асар гIагарлъанагIан,**
**МугIрузул щобазде бокьула щвезе.**

**Лъоба борхалъуда даимаб ханлъи,**
**Дир хивалазулгун хутIаралъулги.**
**Лъозул пикрабазда инчIеб замана,**
**Абадиялъукье жубачIеб жугьа.**

**Гьаваги тIадагьаб, тIегьги берцинаб,**
**ТIуруб мегIерилан гIодана МахIмуд.**
**ТIокIаб батIияб жо гьечIел макьабалъ,**
**Балеб гIазулъ вуго ГIарахъмагIарда.**

**Рехъенги жубалеб кьагIазул гъади,**
**Дунгун цадахъ ина ГIачинухахъе,**
**Рехъалъа – хутIараб кьегIер гIадинаб,**
**Дирги цIва бортила цIадулаб рачIгун.**

**РачIунел, унезе хазинаялъе**
**Херлъун гIуруялда тела анищал.**
**Аби мугIрул дийгIан хиралъаразда,**
**Халлъизе бегьула дун гьезул тIогьалъ.**

* * *

**Дун, хъвачIеб тIехьалде тIадеги къулун,**
**Араб гIумруялъул пикрабалъ вуго.**
**ХъахIаб кагъаталда хъвазе мухъазда,**
**Хивалалги къанцIцIун, ургъулев вуго.**

**Анщинаб кенчIола, матIу кинигин,**
**Жибги букIанилан мунги вукIанин.**
**КунчIарабщинабги жавгьар гурелъул,**
**ЖахIабго хутIула, харбие тола.**

Хадуб хIакъикъатги къала беразулъ,
Балагье абула дуниялалъухъ.
Дида, АллагьасхIа, кIоларо жеги,
ЖужахIаб замана, дуй къимат кьезе.

Ракьалда бищунго дун божулеб жо,
ЦохIо рокьи буго, йокьулей йиго.
Кьаллъун ругониги, барщананиги,
Бищун хириябги, батулебги бакI.

БукIинесеб тIехьги, гьелъул тIанчалги,
ТIолго гьудулалъе гьабила сайгъат.
Сунда бащалъулеб барщараб моцIги,
ЦIорораб сордоялъ сверулел нилъги.

Сасараб дунялги, цо дунги мунги,
Цоцазухъ балагьун берал гIорцIичIел.
Зодилъ гъадаролъун чIвалеб хIухьелги,
ХIухькъотIун лъалхъараб доб даимлъиги.

## МАХIМУДИЛ ЗОНОХЪ ЭМЕН

Нур сварал бералгун, зонохъ балагьун,
Васас бесдал тарав пакъирав эмен.
Сундул пикрабазда Анасилав, мун,
Аллагьасда гуреб гьанже лъаларо.

Бокьараб рухIалъе къулгьу кьезейищ,
Къуларав къаниде мун харадунив.
Ххарица бацараб хоб бецизейищ,
Щварав хабалалъе чIахIда кIусизе?

Сардаца цIорораб гамачIалда гъоркь,
Кьижараб кIодолъи, лъанищ гьеб дуда?
Дунялалда тарал гьесул жугьабаз,
Асар гьабунадай дур кереналъе?

Инсуе васасул шигIраби щайзе,
ЩвечIеб къисасалъукь къулун ватила.
Къоял жиндиргоги къокълъулел ругин,
Къаниде бикьулеб ургъел батила.

ХIалхьи гьечIев васас рахIат течIеб ракI,
КIвекIараб кинандай дур гIумруялда.
ГIищкъуялъул гуреб мацI лъачIев МахIмуд,
ДуегIан захIматав лъийдай вукIана.

Гьанже буго гIалам, гIищкъул Аллагьан,
Гьесие къулулеб, къадру гьабулеб.
КIиго рокьо гIечIеб зонол ракьанда,
Анасил МухIамад вуго рухIалилъ.

## КЪИСМАТ

ГIекколеб тIох гIадин тIенкIелеб буго,
ТIутIурал пикрабаз каранзуниб ракI.
Кибехун хъваниги, рахIму лъаларeб,
БухIараб заманалъ зарукьеги къан.

Гьанже маргьабазда божула цIикIкIун,
Маргьуялъул рагIад буго гьаб гIумру.
РагIадал рилула сардил бецIлъидалъ,
БецIаб рокъордай нилъ рахчирукъ хIалел?

Зодил хъахIиллъицин картIахун бугеб,
Кинаб хIикмалъуда гьанже божилел?
БожутIа рекIкIаца къорал рухъараб,
Къаданиб эхетун буго гьаб гIумру.

Зиярат гьабуна гIемераб дица,
Мавзолеялдеги цогидалъуйги.
Занал гьечIел хобал, хоб гьечIел занал –
Дуца гуккарав куц, къоабилеб век.

ТIутIурал пикраби кин ракIарилел,
Кинаб къилбаялъе къулилев гьанже?
Хисигун васвасди бессараб гIумру,
ГIажизаб замана – буго дир къисмат.

# ГӀАЛИМЧИЯСУЛ АРХИВАЛДАСА



*Хунзахъ районалъул Гъоркьколоса ХӀамзатов АхӀмадица ГӀарани гьоркьохъеб школалдаса хадуб лъугӀизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультет. ХӀалтӀана батӀи-батӀиял школазда учительлъун, республикаялъул Лъай кьеялъул министерствоялда инспекторлъун. ГӀумруялъул ахирал къоязде щвезегӀан, гӀемерал соназ АхӀмад вукӀана ГӀ.Тахо-Годил цӀаралда бугеб педагогикаялъул гӀелмияб цӀехрехалъул институталъул кӀудияв гӀелмияв хӀалтӀухъанлъун.*

*А.ХӀамзатовас хъвалаан кучӀдулги, харбалги, адабияталъул суалал рорхарал макъалабиги. Гьел рахъана газетал-журналаздаги, хасал тӀахьал гьарунги.*

*АхӀмадил архивалдасан нижехъе щварал «Дица кечӀ гьабула, рекӀеца малъун» абурал гьал хъвай-хъвагӀаязда бицунеб буго араб гӀасруялъул кӀикъоялда анцӀабилел, лъабкъоабилел соназда гӀолохъанал хъвадарухъабазул литератураялдехун букӀараб ракӀунтараб балагьиялъулги, жидедехунго букӀараб унго-унгояб тӀалабчилъиялъулги. Гьанже литератураялде рачӀунел авторазе тӀад ургъизеги мисал босизеги гӀезегӀан жо буго гьаниб жаниб. Гьелъго кьолел руго журналалда гӀалимчиясул архивалдаса гьал хъвай-хъвагӀаял.*

## ДИЦА КЕЧӀ ГЬАБУЛА, РЕКӀЕЦА МАЛЪУН

Дунги, ГӀабас Шейховги, Тажудин Таймасхановги 1931 соналда гьарурал, цого гӀелалъул гӀолохъаби кколаан. Ниж цоцазда лъана «МагӀарул большевик» газеталда рахъарал тӀоцересел кучӀдуздасан. Цоцазул адресал цӀехана. ГӀабас ватана МелъелтӀаса, Тажудин Гелбахъалдаса. Цоцазде хъвана кагътал, ккана гьудуллъи. Цинги цадахъго гӀадин армиялде хъулухъ гьабизеги рачана. Гьел рукӀана 1952-1954 сонал. Гьенирги ниж цоцаца ралагьана, гьудуллъи-вацлъиялде сверана, хӀалуцун поч хӀалтӀизабуна. Отпускаялъ аралго щолаан Дагъгизалде, Хъвадарухъабазул союзалде, газеталъул ва журналалъул редакциязде, Дагъистаналъул литературияб гӀумруялда кколебщинаб жо лъазабулаан ва цоцахъе хъвалаан. ХӀамзатил, Заидил, Расулил цӀиял тӀахьал (лъихъе щиб щваниги), гьединго нижерго цӀиял кучӀдулги цоцахъе ритӀулаан. Гьезие битӀараб къимат кьезе, гьединго Союзалдеги ритӀулаан рецензиялъе. Гьениса рачӀарал рецензиялги щвезарулаан цоцахъе.

Нижеца хъван, армиялде рачӀунаан «МагӀарул большевик» газета ва «Гьудуллъи» альманах. Гьелги цӀализе ритӀулаан щвечӀезухъе. Цоцазда рихьун

гьечIелъул, сураталги ритIулаан. «МагIарул большевикалъул» бакIалда, авар мацIалде буссинабун «Дагъправда» бахъизе лъугьараб мехалъ, ниж гIадал гIолохъанал хъвадарухъабазе гьелда бакI батичIо. БукIаниги, ГIабасил «Советияв солдат» абураб кечIни бахъун букIана гьелда.

Армияги тIубан тIадвуссаравго ГIабас хIалтIана Гумбет районалъул газеталда жавабияв секретарьлъун. Гьенив редакторлъун хIалтIулев вукIана АсхIаб Киров абулев, гIадан хирияв, цIакъ намус бацIцIадав чи. Гьез дир гIемерал кучIдул рахъана районалъул газеталда.

ЦIакъ хинаб, рохалилаб дандчIвай букIана гьеб. ГIабасил лъади Бисиги ятана цIакъ гIамал берцинай, унго-унгояй магIарулай. Гьезда аскIор рарал къояз дида бичIчIана ГIабас дагьабниги тIекълъи-мекълъи хIехьезе кIоларев, хасго хIакимзабазул гIунгутIаби рихьаралго, гьезулгун къалмил рагьде жувалев чи вукIин. Гьелъ гьесул нервабазул унти хIалуцинабуна.

ГIабас вукIанин гьадинав-додинавин абичIого, гьев живго кIалъазе тани, гьесул гIумруги, гIамалги, хасиятги чIаго цебе чIола. Дихъ цIунун руго армиялдасаги МелъелтIасаги гьес дихъе ритIарал гIемерал кагътал. ГIадан хIисабалдаги шагIир хIисабалдаги гьев вихьизавулев бакIал гьел кагътаздаса тIаса рищун кьолел руго. Дир хIисабалда, гьел кесказ бицуна Шейхов ГIабас щив чи вукIаравали.

Щуабилеб классалда цIалулев ГIабасица мадугьаласул хъизаналъул хIакъалъулъ хъвараб махсародул кечIалъ кеп щвезабун буго росдаего. Цинги 1949 соналъул тIоцебесеб январалда «МагIарул большевик» газеталда бахъана гьесул «Басрияб соналъ ЦIияб соналде» абураб кечI. Гьеб букIана гьесул басмаялде бахъараб тIоцебесеб асар. 1959 соналда, ай анцIго соналдасан, Дагъгизалъ басмаялде бахъана гьесул «ГIолохъанаб гьаракь» абураб кучIдузул тIоцебесеб тIехь.

Гьедин вачIана ГIабас Шейхов адабияталъул майданалде ва гьес нилъее тана, газетазда рахъарал рикIкIен гIемерал кучIдул малъичIого, гьадинал тIахьалги: «РекIел кьаби» (1963с.), «Окопазухъ тIугьдул» (1968с.), «Гьа» (1973с.), гьединго «РакIалда букIинчIеб ригьин», «Эбел росулъе тIадюссана» абурал пьесабиги.

* * *

Литературияб фронталда дир божарал гьудулзаби руго: Тажу, Фазу, Хачалов. Дие кIудияб кумек гьабула Заидица, Расулица, Аткъайица.

* * *

КочIол магIна лъаларев, гьелъул гьуинлъи лъаларев чиясулгун поэзиялъул хIакъалъулъ гара–чIвари гьабиялъул магIна – дуего гIазаб кьей ккола. Баянго абуни, ахIмакъас гIакъилав чи гIантав чилъун рикIкIуна.

* * *

Армиялда дида дандчIвараб захIматаб ва дие асар гьабураб жо буго цо сержантас бищун чорокаб учреждение бацIцIине тIами. Дица гьелъие инкар гьабуна, дица жеги гьа бан букIинчIо. Амма гIемерал начальниказ «хIинкъизавуна». Бугониги, кIиго рукъ чуризабуна гьеб сабаблъун.

Литературияб фронталда дир иш квеш гьечIо. КучIдул хъвала. Отпускаялъ ГIанжиялде щведал, радиоялдасан кучIдул цIализе вахъана. Дагьа-макъал газетаздаги рахъана.

Дуца бачIунаан рокьул кечI хъвалищан. «Гъудуллъиялъул» кIиабилеб номералда цо лъуна. Дир рокьул кучIдул гьеб тайпаялъул руго.

* * *

Умумул дир рацIцIадал магIарулал рукIана. Халкъалда гьоркьоб ретIунеб ретIелги дир бищун гIадатаб букIана, бицунеб рагIиги ритIухъаб, цIакъго гIодосан бугеблъун хутIула. Гьелъ батилин ккола – гIемерисез дир адаб гьабула. ГIурусазе дица кIудияб къимат кьола. Гьезулъ буго къохIехьей, ургъел гьечIолъи. Гьезул культураялдасаги мисал босула.

* * *

Дица дуе цIакъ гIемераб критика гьабуна. Критика гIемер бокьулев чи гуро дунги. Гьайгьай, гьелъ дур рекIее квешаб асар гьабун батилин ккола. Дир хIисабалда, нахъа дуе гьелъ кумек гьабила.

* * *

Мун витIарав вуго, «Ольга Ивановна» кIиабилеб кечI буго дир газеталда бахъараб. Ольга кутакалда берцинай гIадан йикIана. Элъул хIакъалъулъ дир гIемерал кучIдул руго. Печаталда лъабго бахъана. Дица гьей цеесей гIагарай чIужулъун тола.

Дун 1946 соналдаса нахъе дуца абулеб газеталъул («МагIарул большевик») корреспондент вукIана. ЦIакъаб газета букIана доб. Амма хIурудахъ ана кинабго!

Дуда ккоге дун рокъов хан гIадин гIуравилан. Дица талихIалъулги гIакъубаялъулги гIемер тIагIам босана. ГIемер къварилъи бихьана ле!

Гьале гьеб кагътида цадахъ анализалъе дихъе рачIарал, жеги кирниги рахъичIел кучIдул:

### МАРУСЯ

**Дунгун Кавказалде йилълъа, Маруся,**
**МугIрул гьаваялъул гьуинлъи цIцIвизе.**
**Гьоболлъухъе ячIа, йокьулей гьудул,**
**Кьурабалъ рагъулел гIорал рихьизе.**
**Нижеца дуй доба тепси гIуцIила.**
**ТIогьол квацIи лъела столалда тIад,**
**Ва гьелдаса дуца сунтIила махIал.**
**Нилъ ина ахикье къаси сардида,**
**Пихъил гъутIбузда гъоркь тира-сверизе.**
**Рикьила кIиязго гIищкъул пикраби,**
**Рокъоб гIадин дуца тIамила гIумру.**
**Дунгун Кавказалде йилълъа, Маруся,**
**МугIрул гьаваялъул гьуинлъи цIцIвизе.**
**Гьоболлъухъе ячIа, йокьулей гьудул,**
**Кьурабалъ рагъулел гIорал рихьизе.**

*(Май, 1953 с.)*

### А Н И Щ

**Дида кIолебани щибаб къоялда**
**Щу-щу кечI гьабизе, бищунго лъикIаб.**
**Бажарулебани, маргьабалъ гIадин,**
**ГамачI меседалде сверизабизе.**
**Яги цо кутакаб рагIиги абун,**
**Рагъ бокьаралщинал хвезе гьаризе.**
**Халкъалде гьакIкIараб аздагьоги чIван,**
**Лъугьине захIматаб гьунар гьабизе.**
**Дун ватаравани, Поль Робсон гIадин,**
**Бразилиялъул Элиза гIадин,**
**Яги Парижалъул Анрилъун ани,**
**Яги Индиялъул Китчулъун ани.**
**Дица кьелаан гьеб кинабго махщел**
**ЗахIматчи халкъалъе хъулухъ гьабизе.**
**Барахщилароан тIолеб гIетIалда,**
**ХIатта дирго чорхол рухIалдагицин.**

* * *

Тажу нилъер нахъарукъ гIадав чи вуго. Амма дуца досдаги дидаги поэтилан аби битIун гьечIо. Элъул гIоркь жеги нилъехъ гьечIо.

* * *

Дуца «Дружбаялъе» подписка гьаби цIакъ дун вохараб хIалтIи буго. Дир лирикияб кечI кIиабилеб номералда букIина. Дур «МагIарулай» цIалана. Республикаялъул печаталда бахъизе бегьулеб кечI буго. Амма дир пикру гьадинаб буго: кочIол бетIер «МагIарулай» гуреб, «Аминат Султанова» букIине бокьила. ЛъикI букIина гьеб къокъ гьабуни. Дир хIисабалда, кечI кIийиде бикьула, гьоркьоб бугеб рацIел квеш бугин тола. Цойги, кочIолъ миллияб хасияталъул мухъги буго. Масала:

**Паркъолел ясберал, борхатаб нодо –**
**БатIалъи лъалеб куц магIарулалъул.**

Паркъолел ясберал гIурус ясалъулги рукIуна, борхатаб нодо узбекалъулги дандчIвала (правда?). «Бакьулъ тIанчида», – ян хъвачIого, «тIанчил бакьулъ», – ан щай хъвачIеб? Поэма хъвай баркизе кIоларо. ГIисинал, къокъал, мухIканал кучIдул хъвазе ругъунлъун лъикIан.

* * *

КучIдузул къисмат Расулида бараб букIина. Гьев дир цIакъав гьудул вукIана. Гьанже дун гьеcда кIочон вуго. Дие досул цо кечI бокьула цIализе цогидазул поэмаялдаса. Додинаб бетIер гьабсагIат Дагъистаналда гьечIо.

* * *

Дида мун бакъ гIадав чи вихьула, амма цIакъго откровенниявлъун вихьула мун. Гьелъул цо рахъалъ дуе зарал букIине бегьула (гьеб гIамал дирги буго). Дун гIемер мехалъ вегун вукIана, гьанже «сах гьавуна». Абулеб буго цо-цояз (врачаз щибго бицунаро) гьеб дир унти сах гьабизе кIоларилан, амма гьелъул кIудияб хIинкъиги букIунарилан. ТIадвуссингун сах гьавизе ина.

* * *

ТIадвуссингун, дагьа-макъав хIалтIизеги хIалтIун, санагIат ккеялде балагьун, Литинституталде ине ккела. Дуда талихI гIицIго гьениб гурони батизе гьечIо.

Тажуца дур творчествоялъе лъикIаб къимат кьола. БитIун бицани, тIасалъугьа, дие дур кучIдул рокьуларо. Дие гьабсагIат нилъер гIелазул поэтазулъ Хачалов вокьула. Досул асарал гIемерисел Расулилазда релълъарал рукIунаан. Дица гьесде гьелъул хIакъалъулъ жиндир гIужалда хъвана. Гьесда гьеб бичIчIун батизе ккола, гьанже гьес оригиналиял асарал хъвалел руго.

Дирго кучIдузда дун, лъикI пикру гьабураб мехалъ, расги рекъоларо, амма аваразул чIахIиял поэтаз гьанжелъизегIан дир гIамал кIодо гьабуна, гьел рецциялдалъун.

* * *

Таймасхановасдасан дида лъана мун отпускалъ вукIин. Дир гьаниб (армиялда) цо лъагIалил школа лъугIана, грамотаги кьун, дир суратги кучIдулги рахъун руго гьаниб биччалеб солдатазул газеталда. Газета дуеги битIила. Солдатазул газеталде гIиси-бикъинал макъалабиги хъвала. Цо баня какун хъвараб статьяялъ ахIи бахъинабун, кIудияб кеп гурищ букIараб. ГIиси-бикъинал кучIдулги хъвала. «Советияв солдат» абураб кечI байбихьула:

**Хасалил квачаялъукь**<br>
**Квешал сардал рогьунев,**<br>
**Солдатасде цIуничIеб**<br>
**Рокьи лъие цIунилеб?**<br>
**ЦIуял тушбабаздаса**<br>
**ГIорхъалаби хьихьарав,**<br>
**Рагъухъанасде хъвачIел**<br>
**КучIдул лъиедай хъвалел?**

Дихъе щвана «Дружба» № 6. Духъе щвечIищ? Дие кутакалда бокьана Муса МухIамадовасул «Дир рекIел гьа». Доб бугеб газетаги жеги Тажухъе щун гьечIо. Досие цIализе битIе кечI.

Дуда цеве дун гIемераб жоялъе гIайибияв вуго. Гьелда гъорлъе уна дида гIурусал ричIчIичIолъи. ТIасалъугьа. Дур кагъаталъ дун гIемер гIодовиччазавуна, гIемер жоялда тIад ургъизе тIамуна. Дие баянлъичIел гIемерал суалал руго. Дица духъе гьел хъвала, жаваб битIе. Гъваридго дур адаб гьабулев ГIабас Шейхов. (12.03.54с.)

P.S. Дица ЦIумада гIолохъанал поэтазул литгьумер гьабизе буго. Дуца кьеларищ гьенибе цо лъикIаб кечI?

* * *

Дир гIадат буго гьудулзабазе, лъагIел ун хадуб, дир щиб гIунгутIи лъарабин суал кьолеб. Гьелъ гIемер гIунгутIаби тIагIинаризе кумек гьабула. Гьаб соналъ гьедин тIатана дун самовлюбленный чи вукIин. Дица тадбир гьабулеб буго гьеб гIунгутIи тIагIинабизе.

Расулица цин дихъе (1951с.) хъван бачIана дун дагъав гъаваялдасан вукIунилан. Дида гъелъул лъан букIинчIо, гъесда обижаться гъавун вукIана. Гъанже лъана гъев витIарав вукIин.

* * *

МахIачхъала!

Заид цевего гъечIо дова. Цо ккараб гъалатI сабаблъун гъесде тIаделъун рукIана. Гъанже гъев кив вугевали дида лъаларо.

Шамхалов Кировасул секретарьлъун вукIарав чи вуго, цIакъго гIодовиччарав чи вукIана.

Расул молодец вуго – гъес нилъее кинабго нух рагъун буго. Дир гъесда цIакъ ракIрекъола, хасго гара-чIваризе гъесдаса гъуинав чи дова гъечIо.

* * *

Кировасул доваса (МелъелтIаса) ине хиял буго. Гъесие мун цIакъ вокъула. Амма гъесул гIамал буго, цо мекъаб жо бихьани, гIумруялъго къурун вуссунеб. Живго цIакъав чи вуго, тIокIав сахав дида дандчIвачIо.

* * *

Залов Дагъгизалъул кIудияв вуго. Щаяли лъаларо, гъес дун гуккана, кагътида батIайиса хъван, иш батIайиса гъабун.

* * *

Съезд (хъвадарухъабазул) августалъ букIине буго. Дур кечIалдасаги пайда босила, бугеб ресалде балагъун. ЦIумада бахъараб «Дир ракь» абураб кечI битIун букIана духъе. ЩвечIищ? Гъенив вугев редакторас цIехолеб букIана дур адрес.

Дун дуда релълъарав вугин дида цебего гIемер чияс абуна… Шамхаловасул гIадатлъиялъе цIакъ гIужилго къимат кьун буго дуца. Гъедин букIунеб гIадат буго.

* * *

«Дружба» № 7 дихъе щвана. Дуца подписка гъабун бугелъул, щвечIищан хъван букIана. Дуе Расулил рагIи кидаго хвезе гъечIо.

* * *

Дун, тIоцеве редакциялде щвейгун, Сулимановасухъе ккана. Гъес дир асарал гъородахъ риччана (гъеб букIана дицаго хъвараб жоялъул магIна дидаго лъалареб мех). ТIокIаб батIияб жоялъ, тIокIаб кIудияб унти каранда лъелароан, гъесул критикаялъ гIадин. Амма гъес доб мехалъ додин абичIебани, дун гъанже цIакъго беццав чилъун хутIилаан. Гъесул критикаялъ дие цIиял нухал рагъана. Дун гъесие налъулав вуго. Сахаб, хIакъаб, «квешаб» рагIи гъединаб къуватаб жо буго. Дица духъе тIокIаб «квешаб» рагIи хъваларо, цо-кIиго абураб гIола. Дица дида лъараб жо абуни, гъелдаса битIарабги тIокIабги тIаса бищизе дудаго лъазе ккела. Бицараб жо кинабго битIараб букIунаро, чи мекъи ккола, витIун ккола. Дида жакъалъагIан самовлюбивый вукIин бичIчIичIо. Кагътазда гъединавлъун кколев ватаниги, аскIов дун гъединавлъун гъечIевлъун тола. Лъаларо. Дие самовлюбие цогидазулъ цIакъ рихараб буго.

* * *

Хирияв вац АхIмад! Дуца дун магIарул яхI бугев, сахав чилъун толев вуго. Дир хIисабалда, дун гъедигIан цIакъав чи гуро. ГIурусаз абухъе, «ни рыба, ни мясо» гIадав чи вугилан тола дицаго. ГIицIго кочIое дагъа-макъаб махщел буго. Гъебги гъечIебани, дидаса бажари гъечIев чи вукIинароан.

Амма дица гьеб яхIалъул къимат гьабула, гьудуласе гIоло дица щибгоги кьела, гьев сахав вугони, гьабулеб кумекалде вачIинаро, рес букIун.

* * *

Дихъе щвана дир «Советияв солдат» абураб кочIое дуца хъвараб «рецензия». Дица дуе ракI-ракIалъул баркала кьола гъваридго гьеб кочIода жаниве ваккаралъухъ. Мун цIакъго цIодорго лъугьун вуго гьелда жаниве. Дун дуе кутакалда мукIурлъула. Дур кагъат щвейгун, цо-цо лъикIабин ккараб кечI битIила разборалъе. Дица кечI цIидасан къачIана, къокъ гьабуна. Гьеб «Дагъправдаялда» бахъана.

Фазул «Лирика» абураб кечIгун кагъат щвана. Дие гьелъул кучIдул рокьула Машидатилаздаса. Нахъа гьелъул лъикIай поэтесса йикIиналде балагьун вуго дун. Долъул Литинституталде ине хиял буго. Гьей гьение ккезе цIакъ бокьилаан. Духъе битIулеб буго гьаб кечI. Гъваридго, нечечIого валагье гьелда жаниве. Кагъат битIе. Дун гьелъухъ валагьун чIела.

## ГЬУДУЛАЛДЕ

**Дие бокьун буго Доналде ине,**
**Дуся, мун йижараб росу бихьизе.**
**ГIищкъу бергьун буго шагьримоцIалде,**
**Щибаб сордоялда дуда берчIвалеб.**
**Гьава къотIун унеб хIинчIлъун анищ дун,**
**ХIасратай дур тIохда тIавап гьабизе.**
**ТIасан боржанхъулеб гьурилъун лъикIан,**
**ЛъикI цо мунги йихьун, чIалгIен буссине.**
**Дий къотIиги биххун, росуги танин,**
**Бесдаллъун хутIараб гIищкъу киб лъелеб?**
**Къан дир кверги босун, рокъойги анин,**
**Духъ бухIулеб керен кида чучилеб?**
**Аниве вачIаян кагъталги ритIун,**
**Кеп гьабулей йикIа, ракIалъул гьудул.**
**ЗахIматал ургъелал дидеги чIехьон,**
**КвачI бан лъеде гIурулъ, гIазизай гьалмагъ.**
**Россиялда гIурай гIурус бикаца**
**Босун араб канлъи кодой щвеладай?**
**Щуб тIаса гирараб тIогьолъги речIчIун,**
**ТIинчIнаялъ кеп цIцIулеб мех бачIинадай?**

* * *

Дир кочIое гьабураб критикаялъе аслияб куцалда дун мукIурлъула, рагIи тун.

Дица духъе, гьаб гурони, мурадалде щвараб кечI битIичIо. Киналго хинлъилаго ритIана, гьел къачIана. Хадубги цо лъикIаб гIадаб кечI битIила. Доб кочIол цо-цо бакIал дуда ричIчIун гьечIо. Гьей гIурусалде мун магIарул ясалде гIадин валагьун вуго. АскIов вугевани, бицинаан, цо-цо бакIалда мун мекъи вукIин дуда бичIчIилаан. Амма мун цIодорав чи вуго, дуда гIемераб жо бихьун буго. Литгъумералда бихьана А.ХIамзатовасул «Наташаде кагъат», «ГIагарал мугIрул» реццун. Расулида дун лъала, амма дов дида гурхIула, аваразул гIолохъанал поэтазул бищун лъикIав вугилан. Гьеб гIисинлъималазе бицунеб мацI бугоха. ХIакъикъаталда досие Мусал кучIдул рокьула. ГьанжегIагар Мусаца цо цIакъаб кечI хъван бугоан. Дие бокьана.

* * *

Дир сахлъи хвана. Гьеб сах гьабизе кІвеларо. Медицинаялъ, заманаялъе гурони, сах гьабизе кІолареб унти бугин диран абулеб буго. Гьеб дилъ жеги байбихьулеб бугила, гьелъул лъабго бутІа букІунила. Дир гьеб рахъалъ дидасаго ракІбуссун буго.

* * *

Дир кучІдузе къимат кьолеб буго, цогидазги дида гьединго абула. Амма гьабсагІат халкъ разилъулеб цониги кечІ гьабурав чи нилъер гьечІо. Цо рахъалъ пасихІлъи гьечІо, цоги рахъалъ магІнаялъулъ мискинго руго. Дун гІицІго басмаялъе гурони хъвадаруларо. Расулилги Хачаловасулги асарал дие бергьун рокьула.

* * *

Дуца 10 класс лъугІизабе. Литинститутадле дуе нух рагьун букІина. Заид вукІана велъун бицунев, дуца МахІмудил кечІ восстановить гьабун бугилан, амма гьеб тІурччи-махх хвараб хІалтІилъун толеб бугоан. Москваялда вукІаго, Хачаловас дихъе кагъат битІун бачІана, АхІмадилги кечІ бугила газеталда, дирги бугила, жиндирги бугилан.

Фазу йикІана дуца рокьул гурони ахІулеб гьечІилан (дихъе дагьаб цебе гьелъул суратги кагъатги щвана, вохана).

Альманах какараб статья буго дир. Долда Исаковскиясулалда релълъунилан цо васасул рокьул бицунеб дур кечІги какун буго. Тажуца мун махщалил рахъалъ дур гІелалъул поэтазда аскІов лъола. Дун досда разилъуларо: дур цІакъ жуба-гъубараб бакІаб мацІ буго.

Дуца цІакъ цІодорго абун буго, Тажуе гІакъуба бихьичІого кечІ хъвазе бокьулеб бугилан. Дун гьеб пикруялъул гІужиллъиялдаса вохана – кидаго хадув гъелароан, берда цебе букІаниги.

## ТАЖУДИНИЛ КАГЪТАЗДАСА МУХЪАЛ:

Шейхов доваса (армиялдаса) ахІун вуго Дагъистаналъул советиял хъвадарухъабазул кІиабилеб съездалде. ТалихІ баркула гьесда. Баркиялъул кагъат битІана съездалде.

Шейховас диде, мундила, Тажу, мацІалда тІад хІалтІулев гьечІилан бачІана. Гьеб рахъги цебетІуни, дур иш ина абун. Рази вуго дун гьесул критикаялда. Амма иш гІицІго мацІалда бан бугебани, дир пикруялда, гьеб бащдаб балагь букІана. Пушкин был рожден (он сам так сказал) с душой и талантом. А я рожден только с душой, без таланта. (14.07.53с.)

* * *

Дица АхІмадидасан магІарулазул Исаковский вахъине бегьулилан гьабураб пикру Шейховас нахъчІвана. (09.08.53с.)



*Сайпудинова Майсарат гьаюна 1939 соналъул 17 февралалда Хунзахъ районалъул Хьиндахъ росулъ. КучIдул хъвазе байбихьана щуабилеб классалдаса. ТIоцебесеб кечI бахъана 7 класс лъугIараб мехалъ «Росдал захIматчи» газеталда, «Баркала нужее, учительзаби» абураб. Хадур гьелъул кучIдул рахъана райгазеталда гурелги, «БагIараб байрахъалда», «Гъудуллъи» альманахалда, чанго цадахъал тIахьазда.*

*1962 соналъ лъугIизабуна Дагъистаналъул руччабазул пединститут.*

*ХIалтIана Майсарат гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительлъун Хунзахъ ва Хьаргаби районазда.*

*1981 соналдаса 2003 соналде щвезегIан гьей хIалтIана Дагъэнергоялъул ведомственнияб Курми росдал (пос. ГЭС) ясли-ахалъул заведующийлъун.*

*1981 соналъ Халкъияб творчествоялъул рукъалъ къватIибе биччана пьесабазул тIехь. Дол соназ гьел лъуна гIемерал районазул халкъиял театраз 2002 соналъ къватIибе бачIана «ТалихIаб рогьел» абураб кучIдузул тIехь, 2017 соналъ «Рокьул къисмат» – пьесабазул тIехь.*

*Майсарат ккола Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членги.*

*Хъвана гIемерал лъикIал чагIазул хIакъалъулъ очеркалги гьелъ.*

*Майсарат Сайпудиновалда 80 сонилаб юбилейги баркулаго, «Гъудуллъи» журналалъул хIалтIухъабаз гьелъие гьарулеб буго сахлъи, рохел ва творчествоялда жеги чIахIиял бергьенлъаби.*

**Майсарат САЙПУДИНОВА**

## РЕЦЦ ДУЕ, БЕТIЕРГЬАН

**Рецц дуе, БетIергьан, гьаб гIумруялда
Дида данде чIварал лъикIал гIадамахъ:
ГIаданлъи цIикIкIарал, рекIелъ яхI гIурал,
ГIадатлъиялъ инсан асир гьарулел.**

**Рецц дуе, БетIергьан, дир гьинал рекIелъ
РекIкI, жахIта жегиги бижизе течIев.
ЧIегIерал балагьаз къорал гъуниги,
КъуркьичIеб яхIалъул хIал дилъ цIунарав.**

**Рецц дуе, БетIергьан, гьаб гIумруялда
ГIадамасул лъикIлъи лъалей йижарай.
ЛъикIлъи гIемерасул цо хатIа ккани,
Кинабго гьеб холеб хасият гьечIей.**

## БАРКАЛА ДУЙ, САКИНАТ

**Баркала дуй, Сакинат,**
**Киналго сайгъатазухъ,**
**Бищун цIакъ дун йоххараб**
**Хирияб гьаб чедалъухъ.**

**Гьалда росдал махI буго,**
**Гьаб дир росдал яхI буго,**
**Дир росдал гIадамазул**
**ГIадатлъи гьалъулъ буго.**

**Гьале корохъ бараб чед,**
**Кинабго дир лъимерлъи!**
**Лъала, гьадинаб тIагIам**
**ТIокIалъул букIунаро.**

**ГIагарал росуцояз**
**Дун лъимералъул рекIелъ**
**Лъунщинаб тIадегIанлъи**
**ТIолабго гьалъулъ буго.**

**Рагъ лъугIарал дол сонал,**
**Гъаримай, херай кIодо,**
**КIодо гьайи гIадамаз**
**ГIумруялъ разилъарай.**

**Хирияб доб росдал кор,**
**Кутакаб цIинидул махI.**
**АхIулеб буго росу –**
**Росулъ цо къулгьуялде.**

**Лъималазул разилъи,**
**ЛъикIго кванaзе ругин,**
**Камурав чи вукIани,**
**Рокъобе бутIа кьолин!**

**Камун рукIана даим**
**Рагъда хутIарал васал.**
**ГьитIинаб дир росулъа**
**ВуссинчIев къогогIан чи.**

**Чанги соназ хьихьана**
**Хьулал гьедин росдаца,**
**Рагъда хутIарал васал**
**БутIадулъа рахъичIел.**

**ЧIегIер барал руччаби**
**ЧучичIо къварилъиялъ,**
**КъартIаб яхIги лъадарун,**
**Лъимал чIезе гьаруна.**

**Пашманал улбул хвана**
**Анищазда, хьулазда,**
**Даимго нухда лъурал**
**Беразул канлъиги ун.**

**ЧIаго рукIана росдай**
**Хвел гьечIел гIолохъаби,**
**ГIумруялъул берцинлъи**
**Берцинлъиялъухъ кьурал.**

**Баркала дуй, Сакинат,**
**Къиматаб гьаб чедалъухъ!**
**Къисматалъ рикIкIалъарай**
**Дир ракIалдещвеязухъ!**

* * *

**Дир телефоналда сурат буго дур,**
**Суалгин беразулъ дихъ балагьараб.**
**Сонал свераниги, сабру батичIеб**
**Ссудулеб ракI буго дур пикрабазда.**

**Гьанже дида сверун хириявилан**
**Хабарги цогидалъ бицунеб буго.**
**ГIайиб гьечIей лъади, лъимадул эбел –**
**Лъала, сураталъул хIисабалъ йиго.**

РекIелъ гулла щвараб, гIищкъу лъукъараб
Къисмат лъил гIайиб ккун ккараб гьадинаб?
Гьодорал ракIалги рукIинчIин нилъер,
ЧIухIи киназ кьолон, кьураб гьаб гIумру?

Гьал дир гъалатIазул гъунал гIуниги,
ГIищкъуялъ хъвараб цIар бацIцIинищ рекIелъ?
ЦIар лъезе лъалареб кьурунюссиналъ
КьечIодай, гIагарай, гIазаб дуеги!

## ПИКРАБАЗ АБУЛА…

Босе, рекIел гьудул, гьаб берцинаб тIегь,
ТIолго ракIалъ бугин дур цIар ахIулеб.
ХIасраталъ бекьараб, рокьуд лъалъараб,
Дуде рокьул цIураб рекIелъ бижараб.

Абила гIадамаз гIолохъанлъийищ,
ГIищкъул бицун гьанже кIалъазейилан.
КIикъойилъа сонал айилан абе, –
Араб гIумруялъулъ буго дир чIухIи.

Гьоркьо-гьоркьор накIкIал роржанхъаниги,
ХъахIилаб зоб нилъей роцIун букIана.
РекIкIал къварилъабаз къорал гъуниги,
КъуркьичIел нилъей бакъ хинлъун букIана.

Сонал унел рукIин ракIалде щвезе,
РукIкIалабаз гьурмалъ гьабуна бусен.
Гьудул, гIолохъанлъи бегулеб букIин
Буго расул кьералъ дида щурулеб.

Щаяли лъаларо, гьинал рекIеца,
Гьеб кинабго рикIкIад гьабулеб буго.
Гьудул, рокьи буго рекIелъ гьалдолеб,
Недегьлъи мукъсанаб, къуват цIикIкIараб.

Гьудул, цадахъ тараб нилъер нухалъул
Хиялазда йиго духъ ялагьун дун.
Пикрабаз абула дидаса лъикIай
Лъадуй мустахIикъав рос вугин мунан.

## РЕЧIЧIУГЕ, ЧIЕГIЕР БЕРАЛ

РечIчIуге, чIегIер берал,
ЧIорал дида гIадада.
Дихъ гIадин цогидалъухъ
Церего ралагьарал.

Балъаргъунге дир гIищкъу,
Къор гъоге хIасраталъе,
Дир гIадаб гIищкъул анищ
ГIемеразул лъукъарал.

Дир къотIносан унаго,
Гордухъан тIегь рехуге,
РакIалда гьечIеб бицун,
Берцинго дий гьимуге.

ГIадамазул харбие
Хочоеги дун чIваге,
Хадуб батизе гьечIеб
Гьодораб рагIи кьоге.

Дурго бажариялда
Божун гIемер хьвадуге,
ГIадамал чанлъун рихьун,
Чанахъанлъун хIалтIуге.

Дунги дуе чан гуро,
Чалухлъиялъ чIваларо.
ЧчугIа гуро гьинал ракI,
Гьин рехун гьеб кквеларо.

## НАГАГЬ ДУН ХОЛЕЛЪУЛ

Нагагь дун холелъул хабар рагIани,
Хирияв, тIаде щва, тIасаги лъугьун,
ТIолбаго гIумруялъ гIащикъаб ракIалъ
Балагьун гIорцIичIеб, чIвазе цоги бер.

Духъ бергьараб хIасрат хIалалъ бахчараб
Чара хвараб рекIел кIул духъе кьезе.
РикьичIого тарал дир анищазул
Ахирияб хIухьел дуде щуризе.

Диде тIаде къулун, къвалги бан баэ,
Къанщулел беразда бихьизе канлъи.
Лъадул къвалакъ вугев вокьулев дуда
Рокьуца риарал лугбал кIалъазе.

Дихъ ракI бухIун, бадиб ххулараб магIу
ГIодоб тIинкIизе те, тIаде ракь хъвайдал.
Хъирул къоно борлъун, гъорлъе тIинкIидал,
ТIуркIун борчIизе дир духъ гIащикъаб ракI.

## ТIОЦЕРЕСЕЛ ТIУГЬДУЛ, ЛЪИЕ НУЖ КЬЕЛЕЛ?

– ТIоцересел тIугьдул, лъие нуж кьелел!
– ТIоцебесеб рокьуй хисичIесе кье.
– ТIоцересел тIугьдул, лъие нуж кьелел!
– НижгогIан бацIцIадаб ракI бугесе кье.

Бикьизе рес гьечIеб рокьи хIехьарал,
ХIасратаб ракI бугел руччабазе кье.
Кье гьудуллъиялъе хилиплъичIезе,
Хведалги чIагоялъ рикIкIинесезе.

Кье ниж эбелазе, кье ниж яцазе,
Кье чияр ургъелаз ракI унтулезе.
Лъе дол хIинкъи лъачIел, къуркьи бихьичIел,
КъартIал бахIарзазул зонода цере.

## ХИСИЯТ БЕРЦИНАЙ, ДИР МАГIАРУЛАЙ

Гьаб дир гIумруялъул гIащикъаб ихалъ
Мун йикIана дица ракIалъ цIехолей.
Хасият берцинай дир магIарулай,
Доб мехалъ ятичIей щайдай дида мун.

Дир гIумруялъ чахи хисулеб буго,
Сабурай, хIеренай мун лъаралдаса.
РекIелъ йикIарайги кIочоней йиго,
КIарчамал дур берал гьимаралдаса.

Гьадаб хьахIил зодихъ бакъ тIерхьаниги,
Дие дур нур гIела гIумру гвангъизе.
ГIайибалъул чIинхаз чIван дун лъуниги,
Мун хиралъараб ракI хилиплъиларо.

## ДИР НЕДЕГЬАБ ЧАНИЛ ТIИНЧI

Дир недегьаб чанил тIинчI,
Чундузулъ батуларо,
Чара хвараб дир рокьи
Гьеб балагьулеб буго.

МугIрул, щобал тирана,
Рохьобги дур лъалкI гьечIо,
Лъим гьекъезе чан щолеб
Чабхил лъарахъги гьечIо.

ЧIурканаб чанил бурутI,
ТIурулеб щай дидаса,
Дир гIанчIал махсараби
Сурукъгойищ рихьарал.

Балъго къадарал квераз
Къорциндай дуй битIараб,
Рокьукъал бераз хадуб
Халкквейдай дуй бакIалъараб.

Анищаб чанил бурутI,
Бахчараб бакI лъазабе,
Барщизе гIилла ккараб
ГIайиб тIаса лъугьун те.

Дир гIищкъул гьаракь буго
Кьурабазулъ багъулеб,
Рокьул цIураб ракI буго
Дур лъалкI цIехон хьвадулеб.

Жаниб дур лъалкI тIагIани,
ТIабигIат мискинлъила,
Мун чияр къоралъ ккураб
Къо дие ахирлъила.

Дихъ доб кечIдай хутIила,
Кодоса мунги борчIун,
Рахъулел сураталъльдай
Сипат дунгин букIина.

## РИСАЛАТИЛ КЕЧІ

**Дир гІищкъу лъукъарав, талихІ гьукъарав,**
**Дур пикрабалъ йиго, гьудул, жеги дун.**
**Баккулеб бакъ дие мукъсан гьабурав,**
**Гьудул, дур хивалаз херлъулей йиго.**

**Дир гІищкъул гІазабал гІадахъ росичІев,**
**ГІазаб кьуна рекІей кІочон тейилан.**
**Дунги тун батІияй тІаса йищарав,**
**Беразе гьукъана духъ ралагьизе.**

**Суратал рихъана, кагътал рухІана,**
**Кинго мун кІочене кІвечІо, вокьулев.**
**Рокьи ккунан хІана, росасе ана,**
**Бахъаяб гьинаб ракІ – мунилан чІана.**

**Данде гьечІеб рокьул кьогІал гІазабал**
**Кьураб талихІилан тела гІумруялъ.**
**ГІищкъуе хисичІеб, хиянат лъачІеб –**
**Хабалъ лъуниги ракІ букІина чІаго.**



## ХIажи ИМРАНОВ



## НЕКIСИЯБ КЪОРОДАСА ЖАКЪАСЕВ ШАГIИР

*Къорода росулъа ГIибранил ХIажи дида лъала гьитIинаб къоялдаса нахъе. Къородаги Гьонодаги руго мадугьалилхъ ругел росаби. Нижеца кучIдул хъвазе байбихьана цого заманалда – школалда цIалулеб мехалда. Нижедаса дагьав кIудияв вукIана мунагьал чураяв Багъатар – доб заманалда гьев нижер цевехъан гIадав чи вукIана. Багъатарил кучIдул, макъалаби рахъулаан районалъул «ЦIияб канлъи» газеталда, дагьаб заманалдасан гьебго газеталда рахъизе байбихьана дирги ГIибранил ХIажиясулги кучIдул.*

*Зама-заманалдаса Гъуниб тIоритIулаан гIолохъанал мухбирзабазул данделъаби. Гьенире кидаго ахIулаан Багъатарги, ХIажиги, дунги.*

*РакIалда буго, цо нухалъ Къородисезул кьотIа почалъул минаялда цере данделъана лъабалго – Гъунире ахIун унел. Автобус, машина цIакъ къанагIат гурони букIунареб заман букIана доб. ЩвечIо нижее машина. Ахирги, гьарун-цIалун, Гъунибе унеб, хIухьел цIазе бакI букIунареб, почалъул машинаялда рекIине ккана. Жанибе сверулеб бензиналъулги газалъулги махIалъ бетIерги сверизабун хIала-балалъ щвана Гъунире.*

*Гъуниб майданалда гъоркье лъугьаралго битIахъе гIодор ккезе рахъана гIатIхиналъ. Гьедин букIаниги, ракI бохун букIана.*

*Ниж совещаниялда гIахьаллъана, сайгъатал кьуна «БагIараб байрахъалъул» редактор МухIамад Шамхаловас, жиндихъегоги ахIун лъикIаб, берцинаб хабар бицана районалъул «ЦIияб канлъи» газеталъул гIемерал соназ редакторлъун вукIарав МухIамад Башировас. Багъатар хадув, университетги лъугIун, лъикIав, кIудияв хъвадарухъанлъун вахъунев вугеб гIужалда армиялда нагагьаб*

*балагьалдалъун хвана, ХIажица цин экономикияб факультет лъугIизабуна багIараб дипломалда ДГУялда, хадуб Литературияб институтги лъугIана гьес Москваялда. Гьесул мугIалимзабилъун рукIана гIурусазул лъикIал шагIирзаби Валентин Сидоровги Эдуард Балашовги.*

*Литературияб институталъ ХIажие кьуна лъайги гьудуллъиги. Гьеб хIажатаб букIуна щибав шагIирасе.*

*ГIирбанил ХIажиясухъ ралагьарабго ракIалде ккезе бегьула гьев цо батIияб гIамал-хасияталъул, хасаб бербалагьиялъул, Аллагьасул валилъиги шагIирлъиги цолъарав гIадав гIажаибав инсан вугилан.*

*Буго гьеб гьедин. Амма…*

*Амма ХIажи вуго жиндирго къиматги лъалев, гIумруги бичIчIулев, гIадамасе киданиги ургъун заралги гьабуларев, жиндирго кечI-бакъанги къисматлъун гьабун, гьаб дунялалдаса доб дунялалъул пикруги цIикIкIинабун, кIалги ккун, какги бан, БетIергьанас тIад лъурабги тIубан, жиндирго рекIел хIалги хIалихьатаб заманалъул дарсалги кагътиде росулев шагIир.*

*Гьесие бокьула ккараб-таралъул гьебго лахIзаталъ хъвазе.*

*Амма ХIажи ГIибрановасул гIемерал кучIдул руго данде къан, къокъ гьарун, пикрабазе гIатIилъи кьун, рагIабазул магIна цIунун хъварал.*

*Жугьаялдаса бахъараб микьжугьабазде щвезегIан гьесул къокъал кучIдуз жиндирго хасаб бакI кколеб буго жакъасеб къоялда.*

*ХIажи вуго Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член, жигараб гIахьаллъи гьабула Хъвадарухъабазул союзалда аваразул секциялъул хIалтIулъ.*

*Исана гьес тIубала 65 сон.*

*Баркула ХIажида юбилей.*

*ТалихIги тавпикъги гьарула гьесие цIиял кучIдуздалъун магIарулал рохизаризе.*

***МухIамад АХIМАДОВ***

## ЦОЖУГЬАБИ

* * *

**РакI бугелъуб бакъ буго.**

* * *

**Зоб кIоченчIого гьиме.**

* * *

**МацI лъалесда нух лъала.**

* * *

**ГIакълу къокъав – ццин хехав.**

* * *

**Гъаваялъ ворхила – пикруялъ тела.**

* * *

**ГIедегIараб рагIи гIадада ккола.**

* * *
**РакI Аллагьан ахIде ахIмакъ гуресул.**

* * *
**Гьунар борхалъуде боххун бахуна.**

* * *
**Чодул мугъ бекулел харбал рицунге.**

* * *
**ГIумру хIисабалде босичIев, къола.**

* * *
**ГьечIеб чIаголъидуй чIанда-хъат чIваге.**

* * *
**ЧIухIараб бакIихъин хIетIе хъущтIулеб.**

* * *
**Кинлъи гьечIеб гIумру – канлъи гьечIеб рукъ.**

* * *
**Алжаналъул рагIад – гIагараб ВатIан.**

* * *
**ГIакълу къокъасдаса живго къокъав лъикI.**

* * *
**ГIумруги ВатIанги – вац-яц гIадаб жо.**

* * *
**Куц гIодоб кьабуге чияда цебе.**

* * *
**Халкъалъул кIалдиса босе рагIул чIор.**

* * *
**Рокъоб гIункIкI къинлъиги – Путинил гIайиб.**

* * *
**БокьичIонаниги абе битIараб.**

* * *
**Пикру кIалъалелде кIал рагь-рагьуге.**

* * *
**Хъурмида хъурмилаб хеккого лъала.**

* * *
**ТалихIги – хIехьезе кIвезе ккейнеб жо.**

* * *
**РекIеда лъалареб мацIалда лъоге.**

## КIИЖУГЬАБИ

* * *

ГьечIелъул тIалаб цIакъав,
Бугелъул гIей лъаларев.

* * *

Рокьиги кIочон тола,
КIочон толаро эбел.

* * *

Гьаб гьитIинаб росулъги –
Гьагъале – хобал руго…

* * *

Пикру гамалъун лъала,
РакI ралъадлъун бихьула.

* * *

ДахIалъун кьураб гIумру,
Барщулеб лъимерлъун дун.

* * *

Кколареб абичIони,
Кколеб абизе кIола.

* * *

ТалихIалъухъ хьантIарал,
ТасамахIлъи цIикIкIарал.

* * *

ЛъачIого чи веццуге,
Лъан хадувги какуге…

* * *

Дуй жигар бахъулев дун,
Дий жужахI бакулев мун.

* * *

КъваригIун къадру лъийго.
Лъалареб гIелму щибго.

* * *

Гьадин-додинан дунял…
Духъ балагьилин ухра…

* * *

РагIи байрахълъун ккурав
Рохъохъирщлъун вахъинчIо.

* * *

МацI лъай – бацIцIалъи буго,
ЦIиялде гали буго.

* * *

ЧIухIи – магIарда бугел,
Пикру кIкIалахъе гъунел.

* * *

Гьал рокьаби щайзе дий,
Щущан ине пикраби.

* * *

Лъалелда тIасан кIалъан,
ТIадегIанасе хIеле…

* * *

Огь, кочIохъе щолеб ракI, –
Щалай гIумрудул бахун…

## УНКЪЖУГЬАБИ

* * *

ГIаздал тIимугъги тIад бан
СогIго щолеб буго кьин;
ТIурччи хиралъун букIин
Алда «кIочон тун буго».

* * *

Бищун квешго вугев чи,
Босе дир лъикIлъи, босе!

Бищун лъикIго вугев чи,
Босе дир лъикIлъи, босе!

* * *

– ГIалам, щай сихI къотIараб?
– КIалъалев вуго поэт.
– Дунял, дур хъудиго щиб?
– Пикрабалъ вуго гIабдал.

* * *

**Ункъо хIатIида ккола**
**Кин реханиги кету;**
**Ункъо хIетIе балагье**
**БукIинеселъул дуца.**

* * *

**Къорода гIураб гъеду**
**Гъалдибералда чIола;**
**ЧIарал магь батилин тун,**
**ХIамаги цебе уна.**

* * *

**Ахираталъул тIокIлъи,**
**Аллагьас бицун лъала.**
**Аб дунялалъул кьогIлъи,**
**Дидаго, бихьун, лъана.**

***

**АхIи-хIуралда гIалам;**
**Пикру лъица гьабилеб…**
**Пикруялъ цIураб гIалам…**
**Щукру лъица гьабилеб…**

* * *

**Эбелалъул нусго ракI,**
**Лъималазулъ щущараб;**
**Лъималазул цохIо ракI,**
**Цо эбелалъе дагьаб.**

* * *

**Чвархъи гIарцул ргIани,**
**ГIакълу унеб пачалихъ, –**
**Пача кида дуй щвелев**
**Шамил имам гIадинав?**

* * *

**Яги кье магIарул мацI**
**Кьурулъ хIанчIил гIадинаб,**
**Яги кьурун бацIцIе кIал**
**ЦIекIал каламаздаса.**

* * *

**Дуниял хъумуз буго**
**Хъудулеб чIей гьечIого:**
**ГIадамал чIваби руго,**
**Рекъезаризе кколел.**

* * *

**ТIубараб улкаялъе**
**Кинан садакъа кьелеб;**
**Мискинасе кьейилан**
**Дибир вугин кIалъалев.**

* * *

**Огь, дир гIисинал куркьбал –**
**ГIагараб мугIрул калам.**
**Огь, дир чIахIиял куркьбал –**
**Гьеб кIочене тунгутIи.**

* * *

**Огь, лъаларо, лъаларо**
**Кин гьабилеб дуниял;**
**Гьайбатай мунилан ракI, –**
**РекIел зобалазда – накIкI...**

* * *

**МацIго лъаларевлъун лъикI,**
**Лъараб кIочон тезегIан;**
**Иццго гьечIелъувго лъикI,**
**Бугеб къун бихьизегIан.**

* * *

**ТIадегIанлъи щивасул**
**БатIи-батIияб буго;**
**Цояс тIегьцин тIоларо,**
**Цогияз тIутIцин чIвала.**

## АНЛЪЖУГЬАБИ

* * *

**Хъуйги сихIкъотIиги, – гьеб кинилан мун,**
**Цого заманалда цадахъ букIунеб?**
**Цадахъ букIинарищ – цIвабзазда гъорлъ ракь**
**ЦIурмил сасгIангицин гьечIин ргIулеб;**

**Гьелда тIад абуни ахIи-хIургин кьал**
**Гьоркьоб къотIараб мех гьечIо кидаго.**

* * *

**Дуца гIадада чи кIалъазавуге,**
**Я кIалалъ, я ракIалъ, яги пикруялъ.**
**Щивасул жиндирго мунагьал руго, –**
**Те гьев живго, гьезул юк баччун унев.**

**Дудаго кIоларищ гьеб гьир баччизе, –**
**Пайда гьечIо харбил, – дурабго бачче.**

## ПУШКИН РАКIАЛДЕ ЩУН

**Дир гьими ножое щай – гьеб ножое дахIайищ,**
**Гьединаб лъилго гьечIо – ХIалкIолесул сайигьат.**
**Дир къварилъи, ургъелал – эзулги ножое щиб,**
**Дицаго баччун буго дирго гъуждузда дунял:**

**Дун ножой иконайищ, къайи-цIайищ босулеб;**
**Дун – поэт, дир берцинлъи борцинаро гIасрабаз.**

## ЛЪАБГО ПИКРУ

**Зодисан цIикараб цIва, щибали дий шурулеб,**
**Чабхил кьурулъан кунчIун гаргадулеб иццгIадин.**
**Ахираталъул горду бугилан ккана пикру,**
**Цинги, дунял толелъул, – чиясул магIуйин гьеб.**

**Гьале лъабабилелъги гIажиз гьавуна тIуван:**
**ЖужахIалъ вухIулесул магIуцин бугодайин.**

* * *

**КIиго Дагъистан буго жакъасеб картаялда –**
**Цо – кочIолаб Дагъистан, цо – чохьолаб Дагъистан.**
**Цояб борхалъиялде цIум гIадин боржун унеб,**
**Цояб ахалъиялде гьорчо гIадин гирулеб.**

**Гьезул гьоркьохъеб кинаб – кинго лъазе кIоларо;**
**Сиясат накIкIулъ буго, унеб нух лъалеб гьечIо.**

* * *

**Кьурабаздаса рикIкIад, кьалбаздаса тIун гIадин,**
**Амма ТIадегIанасде гIагарал магIарулал.**
**МагIарул мацIги цIарги цIа гIадин кунчIун, гIурал,**
**ЩIия-цIиял наслабаз цIвабзахъе канлъун ккурал.**

**Дир божилъи гьеб буго, – цо-цоял кIалъаниги,**
**КIалалъ-бакI бахарабго, хун анин мун, авар мацI…**

## ГIАДИЛЛЪИДУЛ ЧАРХИТIА

Сахлъиялъе захIматаб компьютералда тIадги
Бергьенлъи босичIого чIеларин, – чIухIараб кечI.
ЦIадулъ Хучбар, жиндир михъ жегиги чIурхIун гьечIин,
Гьабги – жагъалаб сарин къватIибе борчIиларин.

Уха, «кочIое имам кинабго рекIарав лъикI»…
РекIинабизин гIумру гIадиллъидул чархитIа.

* * *

Огь, гьаб гIумруялъул кинан бицинеб, –
ГарцIахун бугеб куц; кинан бичIчIилеб?
ГарцIазул рохьов дун, гарцIалъ кинигин;
Макьилъцин вугодай – тIвар-тIвари рекIел.

Гьал ричIчIун хадуса, рохел цIикIкIина;
Гьал рукIинчIел ани, ракIбакъвалаан.

## МИКЬЖУГЬАБИ

* * *

Ягъзинлъун, нахъегIанлъун
Бугеб дуниялалда
Балеб хьатилан ккола
ХьатгIанасеб дир росу;

Умумузул ирсалъулъ
Намус тIаса бищараб,
ТIадегIанасе хIели
Ракьалда парзлъун ккураб.

* * *

– Щай разиял, бихьинал,
Пашманлъизе ккаралъур?
– Цоцазда рихьичIого
ГIемераб мех букIана.

– Щай пашманал, руччаби,
Бихьинал разиялъур?
– Рохел цоцазе бикьун
Цебего чIалгIун буго.

* * *

Ккезе тоге гъалатIал,
Гъенезе тоге гIумру.
ГIибадат борхатго ккве,
БетIергьан рази гьаве.

Аллагь разилъиялъулъ
Буго гIумрудул магIна, –
МагIдан гIадин, кьурулъун,
Кьурда цIум гIадин бугеб.

* * *

– Беразда бихьулеб,
БукIа берцинаб?
– БукIина, ракIалда
Сурукълъи ккоге.

– ГIундузда рагIулеб,
БукIа гIащикъаб?
– БукIина, пикрабалъ
ГIасилъи ккоге.

* * *

Нуж, Анжиялда ругел,
ГІурал мугІрулгун ругищ,
МугІрулгун ратичІони,
ЧІинкъила ножор тІогьал.

Нуж, лъол мугІрузде арал,
ГІатІиракьаллъун лъалищ,
Авлахъаллъун гьечІони,
Лъалъаларо кьурабаз.

* * *

МугІрузда лал тІамулел
Чуял ругебгІан мехалъ,
Чуязда лал тІамулел
Бихьиналги рукІана.

Чуязда лал тІамулел
Бихьиналги ругогІан,
Бихьиназда лал тІами
Рагъулги иш букІана.

* * *

Мафиялъ мафиялъул
Рукьги кверги чурула,
Каким чуриялда гьеб
Кингоги релълъунаро.

Гьез тІагІатги гьабула
Цоцазе цІакъ гІищкъу ккун;
ГІибадаталда гьебги
ГІагардецин къаларо.

* * *

– Огь, къваридаб лебаллъи,
Щайзе мун къварилъулеб?
– Къварилъи хьул букІинчІо,
Рохел бугищ гьеб гьечІеб?

– Огь, чІегІераб ритІухълъи,
Щайзе мун чІегІерлъулеб?
– ЧІегІерлъи мурад гуро,
ГІадамал сверухъ кинал?

## ЩИБИЗЕЯН ТАРАБ БОРХАТАБ ГЪУНИБ

Гъуниб, щиб такъсир ккун дица мун тараб,
МунгІан бокьулеб бакІ щиб дий букІараб.
Щобазухъ балагьун мугІрул цІум гІадин,
Мун дихъги хал ккун чІун борхалъудасан.

Вагъана дулъ имам ахираб нухалъ,
Хвалчен лъалиниб лъун босана рекъел.
Россия – кІудияб ракь насиблъана,
РакІ гІатІилъиялъе сабаблъун ккана.

Щибизеян тараб борхатаб Гъуниб –
ГъалбацІалъ «асирлъун» босараб мегІер;
ДугІаялъул баркат, гІаламалда таж,
ГІажаибаб букІон, Бичасул хІикмат.

## МУХIАМАДОВ МУХIАМАД ИБРАГЬИМОВИЧАСЕ

Рагьдухъ ахирзаман, цунами гIадин,
Цулеб дуца пикру цебеса цебе.
Цересел гIасрабахъ босулеб къисас…
«Жакъа чучарасул чилъи хваян» мун.

МухIамад, гIемераб халат гьабун щай;
ГIамалги гIакълуги бацIцIад цIунун лъикI.
БацIазе лъикIаб бакI рохьоб букIуна,
РекIелгъей нилъее – ракI бичIчIизе кIвей.

Гьелъул хIавузалъуб хIалухъин хIаллъи –
ХIалихьалъиялде данде чIараб къасд;
ХIелхIелчилъи, хIилла, ццин – чIарлъун чIарай,
ЧIарада зоб гIадин хасият гвангъи.

Гьеб дулъги бихьула, диеги анищ,
Аб дуниялалда шапакъат гIадин.
Щолеб жоян гуро – щукруян даим
Тавбуялда рукIин – гурищ хвасарлъи.

## ХЪАРАВУЛАЗУЛ МУХIАМАДИЕ

Къоло щуго соналъ армиялдаги
Дуца тарбия кьун куцана цIумал.
Гьанжеги мун вуго гIагарлъиялъе
ГIадиллъидул мисал, гIадлуялъул цIал.

БицинчIониги гьаб гIезе букIана –
Заман буго жакъа араб кIочараб;
ЧамгIаллъи щущараб, чилъи дalараб,
Долларазул гуреб далил лъалареб.

«Так держать!» – гIурусалъ абила дуда,
Хирияб бугелъул дуй бол лексика.
Бокьараб амру кье диеги жакъа,
Кьуру биххилеб «Есть!» букIина жаваб.

## ДИРГО КЕЧI

БачIа, я лъачи муза, бегьулеб батани мун;
Мун гьечIони дун гьечIо, – зобалаздасан чапар;
Чапун кечI чвахичIони, гьоболъун лъалхъила ракI,
Рохалил гьеб цIечIони, цIорой квалила каранлъ.

БачIа, диего хасаб хирияб хвелгьечIеб кечI,
Халкъалъул кицилъун лъай, бицанкIолъун гаргаде.
Мун дир кIиабилеб ракI, пикрудул пирилъараб,
Дир кIиабилеб гIумру, тIадегIанлъиялъ ккураб.

Гьалеха гаргадана, гьалеха гьуинлъана,
Гьаб асар лъугIугеги, лъугIел гьечIеб гIоргIанги;
МагIарулазул цIумур, ЦIурмиловасул бакъан,
Устарзабазул зикру, загьруманазе загьру.

## РАКIАЗУЛ ЧIУМАЛ

РухIиял квараз рухьун, ракIазул чIумал руго
Рехулелго рехулел гьаб халкъул гIаламалъго.
ГIаданлъиялъул чIумал, квербакъиялъул чIумал,
РакIбатизабиялъул, насихIатазул чIумал.

ГIемерал рехиялъищ – чвархъолел руго чIумал,
КIалал чвархъеялдаса ракIалго чвархъейго лъикI.
Чилъи гIодоб толарел, гIибадат борхат ккурал
ЦIвабзазул парад гIадин паркъолел руго чIумал.

Гьаз саламал ритIула тIолалго зобалазде,
Бухьен щула гьабула щибаб зарраялъулгун.
Заразул къвакIи тIолеб тIавап гьабун рохула,
ТIолгодунялалдего метерисеб нур тIола.

Цо-цо ракIал рортула цIвабзазулъан цIва гIадин,
Амма тIолалго ракIал цIвабзазул чIумаллъула.
Балагьея зодоре щибаб Бичасул къоялъ –
Къасимех бачIарабго чирахъаллъула чIумал!

## РОССИЯЛЪУЛ ПЕНСИЯ

Россиялъул пенсия, цо кьуричIого кьолеб,
Лъабкъого тIубарабго бихьиназе сайигъат.
Амма цо-цоязе жиб жаялдеги сверулеб,
Саяхълъицин течIезцин тохабщиналъухъ кьолеб.

Россиялъул пенсия – поэтазе сагIадат,
СагIатлъун хIалтIаниги, тIехьалъул хайир гьечIел.
ГьекъечIого, яхI цIунун, къадруялда хутIани,
Хасго сахлъи цIунани, цIидасан гIумру кьолеб.

Бичасе щукру гьабун, дунги хал ккун чIун вуго,
ВатIаналъул шапагIат, щварабго хвезабилин.
Саринал дагьалги цIакъ кенчIезаризе гIоло,
Мокърукьан кIиго чирахъ дализабизе кIвелин.

Нуж, ахадаго ругел, дунялалда рекIарал,
Дида гIажаиблъуге, экономист ватилин.
Хьалбал рагьараб хIамил къимат букIана цебе,
«Цо щобил бакъаналъухъ» щолеб жо жакъа – диргьем.

## БОКЬУЛА ГЬАБ ГIУМРУ

Бокьула гьаб гIумру, гIолохъанаб мех,
Бокьула, салам кьун, рещтIунеб рогьел.
Бокьула щибаб къо, рохел кьолебги,
Кьаллъулеб мех-мехалъ, пашманлъулебги.

Бокьилареб кин ракь, Аллагьас кьураб,
Бокьилареб кин век, кинилъун лъалеб,
Камилаб, тIогьолаб тIадмагIарухълъи,
ГIурччинаб, цIахIилаб, цIамхIалаб ралъад.

Бокьула берцинлъи, куркьбал хьвагIулеб,
Бокьула ритIухълъи, жеги гьел къачIеб.
КъачIалеб, узданаб аб дунял-гама,
Дунго НухIин ккола; кквея гъоб хъарщи…



# ПРОЗА

**Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА**



***ТIОЦЕБЕСЕБ ДАНДЧIВАЙ***

*Рукъият ГIалисултанова гьаюна ва гIуна Казбек районалъул Гъозтала росулъ. ГIагараб росулъ микьго классги лъугIизабун ана мадугьалихъ бугеб Инчха росулъе цIализе. Гьениб 10 классги лъугIизабуна, хIалтIана гIагараб росдал колхозалда, лесхозалда, Гъизилюрталъул ДАГЪЭЛЕКТРОАВТОМАТ заводалда батIи-батIиял хъулухъазда. Гьений хIалтIулей заманалда лъугIизабуна МахIачхъала шагьаралда бугеб Дагъистаналъул педагогияб институт. Гьаб сагIаталда хIалтIулей йиго «Радуга» эстетикияб тарбия кьеялъул централда мугIалимлъун. Цадахъго бачунеб буго Гъуниб районалъул «Гъуниб» газеталъул редакторасул кумекчиясул хъулухъ ва Даку Асадулаевасул фондалъул председателазул заместителасул хIалтIи. Заочно цIалун лъугIизабулеб буго Педуниверситеталъул магистратураги.*

*Адабияталде рокьиги Рукъиятил гьитIинго бижана. Печаталда рахъизе гIедегIичIониги, цебегоялдаса хъвала гьелъ кучIдулги харбалги. Нижеца цIалдолезул лъай-хъвай гьабулеб буго Р.ГIалисултановалъул «Дир васасул рекIел кIутIи» абураб къисаялъул цо-цо бутIабаздалъун.*

## ВАСАСУЛ РЕКIЕЛ КIУТIИ

Больницаялда реанимациялъул нуцIил кIалтIа яхъунги чIун гIодулей йикIана васасул эбел.

– Кинабго лъикI букIине буго. Нилъер вас сахлъизе вуго. Къварилъуге, дир хирияй. Нилъер ракI чIун букIине ккола, кинабго Аллагьасул иш буго. Щиб бихьаниги нилъ Аллагьасдаса рази рукIине ккола, – ян гьей гIодой йиччазаюлев гьелъул росги вугоан.

– Дир цохIого-цо вугев беразул канлъи! – янги абун гIодулей йикIана Фатима.

Къваридго, магIица рецIцIулел бералгун, гьезухъ ялагьун гIодулей йикIана цойги васасул эбелги. Гьебго авариялде ккун, захIматго вукIана гьелъул васги. Гьелда аскIов вукIинчIо гьей гIодое йиччазайизе, ракIбати гьабизе щивниги чи.

Тохтурас, къватIивеги вачIун, васасул эбел-инсуда абуна:

– Нужер вас хвасар гьавизе кIвей щакаб буго, нужеца сабру гьабе, нижеца нижеда бажарулебщинаб гьабуна, хисараб жо лъугьунеб гьечIо, – ян…

Васасул эмен бералги магIил цIун къватIиве ана.

Гьевго тохтурас, вачIун аскIовегун, цойги эбелалдеги абуна:

– Дур васасул ракI хIалтIулеб гьечIо, гьесие донор щвезеги захIматаб иш буго, щваниги, гьелъие гIемераб гIарацги къваригIуна, – ян.

Тохтур аскIоса аравго, гьей щиб гьабилебали лъаларого, гIезегIан мехалъ

хIухьел ккун гIенеккун чIана, чвахулаго бадисан магIугун квералги эхеде ритIун Аллагьасда гьардезе лъугьана;

– Аллагь, мун хIал кIолев вугелъул, гьабе дуца цо сабаб дир васасе. Дир рухI босе Аллагь, дир вас хвасар гьаве. Дир цохIо вугев хIасрат, дир мугъ чIвалеб хIуби. Гьабе, Аллагь, къабул дир гьари.

ГIезегIан магIуги тIун, цодагьаб рекIее сабруги бачIун, цо жо ракIалде щвараб гIадинаб хасиятгун, васасул эбел ана тохтурасул кабинеталъуе ва гьарана гьесда:

– Дир гIарацги гьечIо гьедин ракI бичун босизе, дунгоги унтарай гIадан йиго, гьев дир васги вуго инсул гьумер лъаларев вас. Гьев ургьив вукIаго хвана гьесул эмен, гьединабго авариялде ккун. Гьанже, инсул гIадаб къокъаб гIумруйищ гьесулги букIине хъван букIараб? Бегьулеб батани, дир ракI лъе дир васасда, гьесдаги бицунге эбелалъул ракI лъун бугин. ГьитIинав, гьанжего-гьанже дунял бихьулев, дунялалде гIащикъав, дир вас чIаго гьаве бегьулеб батани… Дир гIумру ана, гьанжеялдаса щиб дида бихьилеб? Гьарула кумек гьабе дир васасе!

– Дуца бицунеб щиб? Дуда гьединал къваригIел гьечIел пикраби ботIролъе рачIинего бегьилищ? Нижеда кIвараб нижеца гьабула, хIукму къотIулев цо Аллагь вуго, гьарула дуда сабру гьабеян. – Гьел рагIабиги абун, холев вугев васасул эбел гIодое юссинаюлей вукIарав тохтурасул рагIабиги васасул эбелалъул каламги рагIарай Фатимал цIакъ ракI гурхIана гьелда, ва аскIоеги ун гьей гIодойиччазайизе хIаракат бахъана.

– Мун сабру гьабун чIа, Аллагьас киналъего сабаб батилебин. Нилъеда бараб щибго гьечIо, гIенеккун чIани гурони. Аллагьас лъикIаб хъван батаги. Дунги йиго гьаний мунго гIадай васасул эбел, гьевги захIматго вуго. Дир Аллагьасда божи буго. – ян рацIцIунаго бералгун, жиндагоги магIу кквезе кIвечIого, абуна Фатимаца.

Гьедин кIиялго эбелаз жидерго къварилъи цоцазе чучулаго, тохтурас ахIун ана Фатима кабинеталъуе, ва цо заманалдасан ячIун гIодой чIана коридоралъуб лъураб скамейкалда. ГIемераб мехалъ кIалъачIого чIана гьей. РецIцIун чвахулел бералги рукIана. Бераздасаги цIакъ гIекколеб букIана керенги. Васасул каранда кIетIолеб ракIалъул лъугIун унеб кIутIиги. Кинабго гьеб ботIролъ жаниб сокIкIине кIолеб гьечIо гьалда. Васасул рухI лъугIулеб буго. Эбелалъул тIулида каратI бахъулеб буго.

Амма сабруги гьабун, пикрабиги данде ракIарун, къвакIизабун ракIгун, цо гIажаибго гIодоеги юссун, цо жоялда тIад цIакъ ургъулей йикIана гьай. Цинги кIанцIун тIадеги яхъун ана тохтурасул кабинеталъуе.

– Тохтур, дир вас гIадав гIолохъанчи вуго холев, цIакъ бокьилаан дие гьев вас хвасар гьавизе…

– Кин дуца гьев хвасар гьавилев? – ян абуна тохтурас.

– Дир васасул ракI лъе гьесда, дир росасдаги щибниги лъазе тоге. Дие бокьилаан, дир васасул рекIел кIутIи рагIизе, цойгиясул каранда бугониги… Гьарула тохтур, гьей гIаданалъухъа щибниги гIарацги босуге, дир васасул ракI лъе гьесда, – янги абун гIодана Фатима. – Дун дирго вас чIаго вугев гIадин йикIине йиго, щай гурелъул, гьесул ракIалъул кIутIи лъугIизе гьечIелъул.

– Кин гьедин букIинеб? Нуж кIиялго – эбелги эменги гьелда разилъун гъулбасани, гьеб гьабизе бегьула кватIизегIан чIечIого. Амма заман унеб буго…цинги кватIун букIинеги буго. АхIе васасул эменги кIалъазе, гьесулги разилъи букIине ккола.

– Йохъ! – ян кIиябго квералъ нуцIаги ккун, къвакIун чIана Фатима, нуцIил кIалтIа. – Гьесда щибниги лъазе гьечIо!

– Кин гьеб лъалареб? Дуца бицунеб щиб? Дуда лъалищ, гьединаб ишалъул щиб букIунебали, гьелъ кире рачунелали? Гьесда лъачIого операция гьабизе бегьуларо. Йохъ! Гьеб бегьулеб жо гуро! А къватIие гьаниса, дурго росгун кIалъай цин, цинги цадахъ рачIа дида аскIоре. – ян абун инкар гьабуна тохтурас Фатимал гьариялъе.

– Дица гьесулгун кIалъай цинги гьабила. Гьесул гьелъие гьабсагIат бетIерги хIалтIулеб гьечIо. Гьесие цIакъ хирияв васги вуго гьев. Дица гьесда хадусан бичIчIизабила кинабго. Дида ккола гьевги разилъилин, цинги нилъее баркалаги кьелин.

Кин бугониги, тохтурги рази гьавун, Фатимал васасул ракI лъуна цойги холев вукIарав гIолохъанав вас Керимида. Гьесие операция гьабулеб хадусеб къоялъ, кIудияб садакъагицин гьабуна гьениб Фатимаца, хварав васасул ракI цIидасанги чIаголъун бачIунеб бугелъул.

Керимил эбел йикIана, гIодое йиччан, сабурго гIенеккун чIун. Нахъасан вахъун гьелъул къварилъиялда квер чIвазе чиги вукIинчIелъулха. Кинабго гьабулеб букIана Фатимаца жиндего тIаде босун. Гьелъ ракI гIодобе буссинабурай Керимил эбелалда гьей кколей йикIана бищун жиндие цеесей гIагарай гIаданлъун…

Къоял анагIан сахлъулев вукIана Керим. Сах-саламатав, берцинав, къамартIав, чIахIиязул адаб-хIурматги гьабулев, лъикIаб-квешабги лъалев, ритIухълъи бокьулев, гIаданги хирияв васлъун гIолев вукIана гьев заман анагIан. Гьесухъе щвезе арай Фатимаца, васасул эбелалъеги гьабулеб букIана хъулухъ. Гьей йикIана гьанже босаде ккун.

* * *

Гьедин унел рукIана къоял, моцIал. Фатимада кIолеб букIинчIо цогIаги къоялъ вас вихьичIого чIезе. Минутцин халалъулаан гьелъие сагIатгIан гьев вихьизе бугеб хIасраталъ.

Къойидаса къойиде захIматаб унтуца кIвекIизе лъугьана Керимил эбел. Жийго босада халалъулейги йигин, къоялги рагIалде ракIарулел ругин, йорчIунгуртIиялда ракIчIарай гьелъ гьарула Фатимада: «Фатима, дир хирияй, дир бищун цевесев чи щиван дида нагагь цIехани, дица абизе буго, мун йигин, хадусеб иргаялда вас вугин. Дуца дир васасе гьабурабги, гьесие кьураб гIумруги, гьеб яц-вацасги гьабулеб жо гуро. ТIасалъугьа мун дидаса, дуца гьабунщинаб лъикIлъи дуе нахъбуссинабизе дир гьечIеб ресалдаса. Дир ахирисеб гьари буго, дир вас рехун толев вуго. Дица гьев дуе кьун толев вуго. Дун гьанже нужедаса уней йиго.»

Фатима, каранде къан ПатIиматгун гIек-гIекиялда гIодула, гьейги гIодое юссинаюлаго, абула:

– Дуца бицунеб щиб, ПатIимат? Диегицин гIакълу кьезе ккарай мун, гьедигIанго щай тамахлъулей? Нилъеца жеги гIемераб жо гьабизе буго цадахъ. Дица мун батIияб пачалихъалде ячунги сах гьайизе йиго. Гьениса нилъ тIад руссаралго, мун йикIине йиго дир гIакълу данд балейги, кина-щинабго ургъел бикьулейги кIудияй яц гIадин дида цадахъ. Амма дуца рицунел харбал дие рокьулел гьечIо.

Унтуца босада кIвекIарай, къоял тIагIарай ПатIимат рогьалил гIужалде Аллагьасул къадаралде щвана. Гьелъул рухI босулеб лахIзаталда цо батIияб, хъахIаб кьералъул цIад байбихьана чвахун базе. Гьеб цIад лъалхъичIого бана лъабго къоялъ, дуниялго ракI бухIун гьелда хадуб гIодулеб бугеб гIадин. Керимие дуниялго чIегIерлъун ана, рекIелгъей тIагIана. Фатимаца гьев рехун толев вукIинчIо. Гьесул къварилъи гъварилъуде ине биччачIо.

Эбел хун кIиго моцI араб мехалъ, Фатимаца вачана гьев жидехъего

хIалтIизе. Фатималги гьелъул рос Маликилги букIана жидерго хъизамалъул минаби ралеб компания. Живго Малик вукIана генералияв директолъун, Фатимаца гьабулеб букIана гьесие заместительлъи. Гьеб компания букIана гьезие Фатимал инсуца ирсие тараб. Фатимаца Керимие байбихьуда кьуна жийго ячун хьвадулеб машиналъул шоферасул хIалтIи. Гьелъие гIиллаги букIана, гьев кивего цадахъ вачун, кинабго гьесда бихьизеги лъазеги букIине. Гьелъул гьесдехун бугеб хинаб, хIеренаб бербалагьи, цадахъ хIалтIулезда бичIчIулеб букIана батIияб магIнаялда. Гьезда кинха лъалеб Фатимал балъгояб, эбелалъулаб рокьи. Гьел мекъса балагьулел рукIана гьел кIиязухъго. Гьез бицунеб букIана, Фатималги Керимилги иллагьи бегараб рокьул. Кин гьелда кIвараб жиндир хварав васасул гIел бащадав васгун дандчIвазе? Кин гьеб Маликида бихьулареб? Кин гьей росасул бадие ялагьулей? Гьей гьечIелъуб, гьелда тIасан гаргадун, гIемераб бичIчIулареб балъголъи букIана компаниялда жаниб.

Фатимал рос Маликие, цохIо вугев вас хваралдаса, сверухъ лъугьа-бахъунеб жоялъул щибниги ургъел букIинчIо. Гьес цIехолеб букIинчIо чIужуялда, дуца щиб гьабулеб, кие уней йигей ва кий йигеяли.

Гьес балъго-балъго гьекъезе байбихьана. Къаси-къаси вачIун жиндирго кабинетги жанисанхун рахан, гьенив чанги хутIулаан сордо банги. Гьедин вукIана Малик жиндирго къварилъи шишие чучулев.

Цо къоялъ, хIалтIул заманги лъугIун, рокъове ине, Фатимаги ячинеян, гьелъул кабинеталъул нуцIа рагьарав гьасда бихьана Керимил кIиягъежалда лъураб, жиндир чIужуялъул кверги, бадиеги ялагьун хIеренго гьесда кIалъалей гьейги. Бадисан цIа гIадин щцин беролаго, вачIун аскIовегун, чIужуялъул гьурмалъ, таманча кьвагьараб гIадаб гьаракьги бахъинабун, хьат кьабуна Маликица. Керимил гьурмадаги зарги бан абуна гьес:

– Гьеб гьабизейищ мун хIалтIуде вачун вукIарав гьве! – ян.

Гьезул борхараб гьаркьихъе, щибдай ккарабан рекерун рачIарал хIалтIухъабазда бихьана кинабго гьениб лъугьа-бахъунеб.

– Дуда кин кIвараб? Дуе камураб щиб букIараб? – янги абун унев вукIарав Маликида хадуй ахIдана Фатима

– Малик! Цодагьалъ гIенекке дихъ! – ян.

– Дие хабар къваригIун гьечIо дур! Дида кинабго бичIчIана, кинабго бихьана…

ЛъикI гьелъухъги валагьун, Керимида квешал бералги речIчIизарун гьев къватIиве ана ва ахIана охранаялде:

– Гьанир ругел къватIул гьаби нахъе рачахъе! – ян.

Гьес гьедин ахIарабго, Керим живго ана къватIиве, лъиданиги рагIиги абичIого. Гьесда хадуй ялагьун, «Керим!» – ян ахIулеб Фатимал гьаркьихъги гIин тIамичIо васас. ЦIакъ квеш букIана гьесда Маликица жиндего абурал хъачIал рагIаби.

Гьениса къватIиве арав гьев, гIезегIан заманаялъ свера-тирула паркалда. Гьесда бихьулебги рагIулебги букIинчIо сверухъ бугеб щибниги: паркалда ругел берцинал гьутIби, гьутIбузда сверун ругел берци-берцинал, батIи-батIиял тIугьдул, гьенир ругел хIанчIазул чIирчIиди, ралъдал карачелабазул гьелчолеб хъуй, гьенисахун гьурмада чIвалеб хинабго гьури…Гьеб кинабго берцинлъиялъул асар гьесда лъалеб букIинчIо рекIел хIалуцарал пикрабаз. Жиндихъаго ккараб мекъаб иш, кигIан ургъаниги, батулеб букIинчIо. Цо чIчIечIого рачIунел Фатима-эбелалъул телефоналъул цIурмил гьаркьалги гьесда рагIулел рукIинчIо. Цо гьитIинав васас гьесул накалда кверги кIутIун абуна: «Даци, дур телефон ахIдолеб буго» – ян. Цинги, рекIеда ватарав

гьес свинабун тола телефон. Жив сабаблъун гьелъие ккараб жоялдаса рекIекълъун, щиб гьабилебали, щиб гьелда абилеб лъаларого вукIана гьев. Чанго нухалъ бачIана гьесул ракIалде, унеб поездалдаги рекIун, киве унги, унев-унев вукIине. Амма кколев вукIана цо щибали жиндаго бичIчIулареб рекIел асаралъ.

Маликица жиндирги васасулги рекIелъ лъурал ругъназул пикраби гьарулаго, Фатимада ракIалде кколеб букIана: «ВахI, гьав чиясул ботIролъ кинал пикрабигIагидай ругел, Аллагь? Гьав дирго вас гIанасев гIолохъанчиясда щакдарулевгIагицин гуродай цощина? РакIалдего щайдай кколеб гьесда гьедин? Кин гьесда кIолеб гьединаб пикру ботIролъего биччазе? Гьадин цоцазе рокьулел, рокьун данделъарал ниж. Жеги цоцазда гьоркьоб ракI хвечIел, ворхун кIалъан дир ракI хвезабичIев гьасие щиб лъугьараб? Дида кинго кIолеб гьечIо бичIчIизе? Кий дун мекъи ккарай? Щиб гьесие лъугьараб?»

Фатимаца чанцIул хIаракат бахъараб Маликгун кIалъазе, амма гьесда гьей рагIулейги йихьулейги йикIинчIо.

Гьелъие кинго ихтияр кьолеб букIинчIо гьес гIодое йиччан, ккараб-таралъул бицине. Гьей йихьизецин бокьулеб букIинчIо Маликие… Гьедин унел рукIана къоял, анкьал, моцIал. Заман бахъанагIан биццалъулеб букIана рос-лъадуда гьоркьоб ццимги.

Гьазул компаниялда ругел хIалтIухъабиги рукIана гьелго пикрабазда. Гьезда бихьулеб бугелъулха Фатимал гьев васасдехун бугеб бербалагьи. Амма Фатимал ракIалда щиб бугебали лъалев чи цониги вукIинчIо.

Кванан – гьекъон, жиндирго рекIел ургъалица кIвекIулев, Маликги вукIана, пикрабаз чIвалев.

– Нич тIагIарай гIадан, жиндир васгIанасев чигун рокьуда! Кинан кIвараб? Щай гьелъ гьединаб инжилъи гьабураб? Щай гьей хисарай?

Маликил ботIролъ гьеб гурони тIокIаб батIияб пикру букIинчIо. АскIоре рачIун мацIихъабацаги вукIинчIо толев: «Гьедин мун суризавурай, дур тIагъур чияда лъурай гьей, чIвазе мустахIикъай йиго» – ян абун. Кинабго ботIролъ багъун, щиб гьабилебали лъаларого вугев Малик, чанцIул гьесарав лъадиги гьелъул «вокьулевги» чIвазе ине, чанцIул гьес кодобеги босун ярагъ гIодоб лъураб?

Гьел ругеб сверухъ-мухъалда тIибитIун ана гьеб рекъечIеб хабар, гIадамаз кIалухъ яхъулей йикIана Фатима.

Гьеб рагIарав цо кIудияв, росдаца гурониги, сверухълъиялъго гIакълу данд балев, гIадамацаго цеве ккурав, киназго жиндир адаб-хIурмат гьабулев ГIабдула-хIажи, вахъун уна Маликил хIалтIулеб бакIалде, гьаб щиб жинда рагIараб хабар абун, гьесда гьикъизе.

Маликица, ГIабдула-хIажи вихьаравго данде вачIун, саламги кьун квер бачана.

– Мунгийищ дихъе щолев вукIарав ГIабдула-даци? МунгIаги щиб къваригIелалъ дихъе вачIарав? Щиб бугеб дица тIубазе мурад?

– Дун, дир вас вачIана духъе, гьаб цо сурукъаб, къваригIел гьечIеб хабарги рагIун. Гьа, бицея щиб ккараб нужее?

– Гьанже дуцаги дир ракI лъукъуге, ГIабдула-даци, дун гьадинги гIодов чIван вугин. Дида киданиги ккелароан Фатимаца дир тIагъур чияда лъелебилан, гьебги, жиндирго васгIанасев чиясда. Дун гьел кIиялго чIвачIого гIодоцунаро. Гьадинги дие щиб гьабизе къваригIинеб гьаб гIумру; цо вукIарав вас хвана, йокьун ячарай, рухIалдасаги хирияй лъади хилиплъана. Дие лъикIаб жо, гьел кIиялгоги чIван, туснахъалде ин буго.

ГIабдула-хIажица, гьес бицунебщинаб лъугIинегIан сабруги гьабун, гIодовеги виччан абуна:

– Вай дир вас Малик, ццидае бокьараб гьабуге. ГIакълу цебе, ццин нахъеян аби буго нилъер умумулъанго бачIараб. Сабру алжаналъул кIул. Мун сверухъе валагье цо лъикIаланго, вугищ гьенив дуе хIажалъи ккараб мехалъ хIалае вахъунев чи? Нилъ къватIир чIвазарулел, киндай цоцазул гьоркьоблъи хвезабилаян ругел гIемерал руго. Щайха цониги чи гьезул вачIун дуе сабру гьабизе кумек гьабичIеб? МацI, гьереси, кIигьумерчилъи, хIилла, рекIкI, гьеб кинабго сверухъ бугони, дуниял роцIцIунаро. Гьеле гьединаб жоялъул пикруги гьабе, дир вас, гьезул мурадги гьабун, мацIидаги божун дурго хъизанги бихуге. Дида кколаро гьеб хасияталъул гIадан йигилан дур хъизан Фатима. Кинго кIоларо божизе. Дуда щай лъалареб, гьабщинаб заман цадахъ бахъунги бугелъул, дурго лъадул гIамал-хасият?

– Дирго кIиябго беразда бихьараб жоялда божичIого кин вукIинев, ГIабдула-даци? ГIадамаз бицаралдани божилароан. Киса-кибего щун буго дир хъизан дие хиянальиялъул хабар. Кинаб ракIгун дун вукIине кколев? Дун кин валагьилев гIадамазул бадиве?

– Воре, дир вас, сабру гьабе. КIудиясухъ гIенекке. Дур beралда бихьараб жо батIияб букIинеги бегьула. Гьелда гьев вас жиндирго хварав васасул бакIалда, васлъун вихьулев ватизеги бегьулагури. Дурго ццим хехлъун, дуцаги бицине тун батиларо гьелъие бугеб хIакъикъат. Амма, нужер берцинаб, цебетIураб яшавги, нужер цоцаздехун бугеб адаб-хъатирги бокьулев чи гIемер гьечIев. Гьеб лъан букIа дуда кидаго. Дуда цеве жив лъикIавлъун вихьизавулев –гьев ккола нилъер тушман. Дида, гьаб нилъер кIалъаялдаса хадур, нуж рихьизе хьул буго, кIиялго цадахъ, кинабгоги тIокIкIун, жинди-жиндир бакIалдеги ккун, дихъе рачIун. Аллагьас рекIее сабру кьеги, дир вас Малик. Цойги нухалъ гьарулеб буго, ццидае бокьараб гьабуге дуца.

Гьел рагIаби абуна ГIабдула-хIажица Маликида, гьесул кIигъежалда кверги лъун.

ГIабдула-хIажил каламалдаса хадув, Маликил ракI гIезегIан гIодобе буссана, гьев цодагьав сабруялде вачIана. Цодагьабго бигьалъи лъугьана гьесие. Амма берда цебеса унеб букIинчIо Керимил кIигъежалда лъураб Фатимал квер.

«Гьав кIудияв чияс абухъе гьеб батани, дун кутакалда вохарав вукIинаан. – ян, живго жиндаго кIалъалев вукIана гьев. – Унго дир Фатима хисанадай дие гьев гIолохъанчигун? Гьев кивгIаги гьелда ватарав, щай дой недегьаб, бичIчIизе кIолареб балагьигун гьесул бадие гьимулей? Гьевгун талихIай йигейлъун йихьулей йикIана дида гьей. Йохъ! БукIине рес гьечIо. ЧIая, чIая, яги дунгун талихIай йигейлъун хIалейгIаги гуродай йикIарай? Вай бетIергьан Аллагь! Дир ботIролъе рачIунарел пикрабиги гьечIин, гьабе дуца цо сабаб. Дун кив мекъи ккарав, гьадинаб гIасияб дир къисматалъе? Гьединал пикрабаца чIвалев Малик щвана рокъове. Сверухълъиго цIун буго рокьукъаб сихIкъотIиялъул. Цо рокъоса цоги рокъове ун, васасул букIараб рокъове ваккун, гьев вегулев вукIараб бусадеги валагьун, гьенисан рукIана гьеcда ракIалде щолел лъимадул гьаркьал, релъи. «Дада, дун кьижун ккезегIан вега дида аскIов, цинги дун кьижун ккаравго а», – ян абулел васасул ракIалде щварал рагIабаз Маликил берал чвахун рачIана. «КIвечIо, дир вас, дида мун цIунизе, тIасалъугьа дидаса» – янги абун къана васасул рокъобе нуцIа. Гьениса уна Малик жиндирго кабинеталъуве. ГIезегIан мехалъ столалда нахъа гIодовги чIун, гьес цо ящикалъуса бахъана, цебесеб, кьер свараб, басрияб, суратазул альбом. Гьеб букIана Маликица Советияб Армиялда хъулухъ гьабулаго, гьениб гьабураб солдатасулаб альбом.

Гьенир руго солдатазул суратал. ТIоцебесеб тIамчида руго гьасул эбелги эменги. Гьале альбомалъул кIиабилеб тIамачалда жиндиргоялда данд битIун

бугеб тӀамчида чӀвараб, армиялде Маликие битӀун бачӀун букӀараб Фатимал сурат. Гьелда нахъа бугоан хъван: «ХвезегӀан хисиларо, хирияв, дун дуе», абурал Фатимал рагӀаби. Гьелъухъ валагьун, ракӀалдещвеяца, цо параялъ Малик жиндирго гӀолиллъиялъул заманалде вачана. Рокьул керен цӀурав гьав унев вукӀана тӀугьдузул квацӀигун Фатимахъе, гьелъул цӀали лъугӀун щвараб диплом баркизе. Гьеда дандчӀвана гьенир, гьезул кавудахъ, Фатимал эбел-инсул азбаралъуса къватӀире лъугьун рачӀунел гьалбал. Гьесда бичӀчӀана гьезул гьенире иналъул мурад. Гьезда хадув вахъарав инсуда дандеги ун, жинцаго гьесда абурал рагӀаби:

«Дун армиялде унев вуго, даци, Фатимал рагӀи лъиего бицунге. Дун вачӀарав вуго духъа изну босизеги гьелда къо лъикӀилан абизеги».

«Нич тӀагӀарав вас, яре дида цевеса», – ян абурал, Фатимал инсул рагӀаби рекӀелъ къана васасда.

«Дуца дие гьей кьезегӀан вачӀина, даци, дун духъе. Дир гьари тӀубазабе бегьулеблъун батани, дун вачӀинегӀан гьей лъиего кьоге» – янги абун ана вас нахъе.

Инсул рекӀелъ хӀунсана гӀанчӀав гӀолиласул рагӀаби ва абуна гьес Маликида:

«Цин тӀадвусса армиялдаса, цинги кӀалъалин нилъ...»

Амма Фатимал рагӀи лъиениги кьун батичӀо гьелъул инсуца. Армиялдаса тӀадвуссун гӀемер заман гьоркьоб бахъичӀого данделъана, кӀудияб бертинги гьабун.

Гьороца, кьабизабун, къан бачӀараб гордоялъул гьаркьица рекӀеде вачӀинавуна Малик. Ва макьидаса ворчӀарав гӀадин лъугьана. Сверухъ валагьидал, гьесда бихьулеб букӀинчӀо щибго батӀияб жо, цохӀого цо къваридаб рукъалъул къадал гурони. Вахъун тӀадегун, гьес щула гьабун къана цӀорол горду, цинги ана къватӀиве. Цодагьалъ кӀалтӀа бугеб гьотӀокьги гӀодов чӀун, гӀемераб жоялъул пикру гьабулеб букӀана гьес. ГьотӀокь ахӀдолел хӀанчӀазул чӀичӀидиги, аскӀобе бачӀун жиндаго лъурлъудулеб батӀияб пачалихъалъул, берцинго рокъоб хьихьараб кетуги бихьулеб ва рагӀулеб букӀинчӀо гьасда.

* * *

Больницаялде рекӀел унтиялъ вачун вачӀарав унтарав, палатаялъув тохтурасда жиндирго унтиялъул бицунаго, жидерго росдал тохтурзаби какизе лъугьана. Тохтурас цӀехана гьесда мун щиб росулъа кколеван. Гьес бицинарищха росу-ракь, киса жив кколевали. Цинги ракӀалде щун, цӀехана гьес унтарасда Маликилги Фатималги. Гьезул ахӀвал-хӀалалъул.

ЦӀакъ кеп щун велъанхъулаго, бицана гьес:

– Гьел некӀого ратӀалъанагури. Фатима жиндирго васгӀанасев вокьулевги ккун, гьевгун хьвада-чӀвадулей лъан: йихьун йигоха гьесдаги цоги гӀадамаздаги. Гьезул рокьул гьениб бицунарев чиго гьечӀо. Маликги гьекъолдухъан лъугьун вуго.

Гьесул гьеб релъи цӀакъ рекӀее гӀечӀо тохтурасе. Гьесие кколеб даруги кьун, гьев къватӀиве ана ва медсестраялда абуна:

– Дун цо цӀакъ хӀажатаб ишалъ ине кколев вуго. Дун вугев гӀадин гьаниб гьабулебщинабги гьабе, жакъа дун вачӀине гьечӀо.

Гьелда гьединги абун, бахъун тӀаса хъахӀаб халгӀатгун, тохтурас сапар бухьана Маликихъе ва Фатимахъе...

Щвана гьав Маликил минаби ралеб компаниялъул кӀалтӀе. Гьениб бугеб кӀудияб, гӀемер тӀалаялъулаб компаниялъул минаялъул азбаралда машинаги лъун, ана директорасул кабинеталъул кӀалтӀе. Гьений столалда нахъе гӀодой чӀун ятарай секретаршаялда гьас цӀехола:

– Вугищ Малик МухIамадович кабинеталъув?

– Вуго. Щив вачIун вугилан абилеб гьесда?

– Абе, цо цевего лъалев чи вачIун вугилан.

– ГьабсагIаталъ абила, – янги абун ана секретарша Малик МухIамадовичасул кабинеталъуе.

– Жаниве ахIулев вуго мун, – ян абуна гьелъ.

– Ассаламу гIалайкум!

– ВагIалайкум салам!

– Щиб къваригIун вачIарав дихъе?

– Дуда дун лъачIищ? – ян абуна тохтурас.

– Валлагь, дуца дида гIайибги гьабуге, цо вихьарав гIадав чи вугиланги ккун буго, амма лъалев гьечIо, дуцаго бицеха вац.

– ВахI, гьедигIанго хисунищха дун вугев?

– Дуца гIайиб гьабуге, гьаб цо ахираб заманаялъ бетIер лъикI хIалтIулеб гьечIо дир, – янги абун бетIер ккуна Маликица.

– Дун вуго Къади Абакарович. Тохтур. Дур гьеб бетIер цодагьаб хIалтIизабизе кумекалъе вачIарав.

Вахъун тIадегун, цин кабинеталда вилълъанхъана Малик, цинги, гIодов чIана, хадусан щиб букIине бугеяли лъаларого, хIалхисун гIадин лъугьана.

– Мун цодагьав хIалакарав гIадин вихьулев вуго, Малик МухIамадович. Дуда ракIалда бугищ больница, дур вас вачун вачIараб?

– Буго, – янги абун, цо чIваркьун beралги гьесухъ ралагьизарун гIодове къулун чIана Малик.

– Дун вуго дов тохтур, нужер васасе операция гьабурав. ГIемер ракIалде щола дида гьеб лъугьа-бахъин. Хъизан кин йигей?

– Дида лъаларо. Гьей кин ятаниги гьелъул иш буго. Дие къваригIунги гьечIо гьей. Мунги цо лъикIаб гуреб хабар босун вачIарав ватила дихъе, – ян абуна цодагьаб гьаракьги борхизабун Маликица.

– У вац Малик МухIамадович. Дунги хабар босун вачIарав вуго, амма квешаб гуроха. Гьеб квешабин дуца абулеб хабар цойиде ккезабизе вачIарав вуго. Сон дихъе вачIарав цо унтарас бицана жив дур росулъа кколин. Дица гьесда цIехана нуж кин ругелан. Гьес бицана, ратIалъун ругин, цо рокьукъаб хабар.

– ГIела! Бокьун гьечIо щибго рагIизе! – ян гьоркьов къотIизавуна Маликица тохтур. – Дида чIалгIана кинабго.

– Дуда щиб чIалгIараб дида лъаларо, гIенекке дихъ ахиралде щвезегIан. Сабру гьабе. – ян абун тохтурас Малик гIодове вуссинавуна.

– Дур вас авариялде ккун вачIараб, гьебго сордоялъ, гьениве вачун вачIана цойги гьединавго гIолохъанчи. Гьесул букIана къаркъала, бетIер – кинабго сахаб, амма хIалтIулеб букIинчIо ракI. Нужер вас вукIана кинабго къаркъалаги, рукьбиги, бетIерги ярагъунареб хIалалъ. Гьесул бидулъ батана цIикIкIараб къадаралда наркотикалъул цо тайпа. Гьелъ авария ккун хварав вукIана гьев. Гьесул машинаялда кьабурав вас вукIана доб сордоялъго гьениве вачIаравги. Язихъаб хъизамалъул, нахъа эменги гьечIев бесдалав вукIана гьев. Чияр машинаги бачун, эбел ячине, гьелде данде унев вукIун вуго гьев. ТалихI къосарасде данде къо тIагIарав чIвалин абулелъул, гьедин ккана гьезул иш. Амма гьеб гьелда лъугIичIо. Гьев гIолохъанчи хвасар гьавизе рес букIана, амма ракI босизе гIарац букIинчIо язихъай эбелалъул. Дица гьесул эбелалда донор къваригIун вугин абулеб рагIарай дур хъизамалъ, гIодулей, чIвадулей гьей гIодое юссинаюлей йикIана. Жиндир ракI лъе васасдаян йикIана гьей гIодулей, жинда гьадинги бихьизе хутIараб жо гьечIин. Дица кинабго жинда бицарай, вас ворчIулареблъи лъарай дур лъадуца, жаниеги ячIун гьарана дида,

жиндир васасул ракI лъеян гьесда. Лъиданиги бицунге, хасго, гьабсагIаталда дир росасда гьеб лъазеги тогеян гьарана гьелъ. Гьелда дун рази вукIинчIо. Васасул эмен вукIине кколин аскIован дица абидал, гьей дур ракIалда барахщана, гьадинги гIодов чIван вугин мунин абун. Заман арабго гьесда кинабго лъалин абуна гьелъ. Дур лъадул гьариялъе инкар гьабизе кIвечIев дица, дов цояв васасда лъуна дур васасул ракI, гьесие кьуна цIидасан гIумру дур хъизамалъ. Малик…гьев васул каранда кетIолеб буго дур васасул ракI.

– Дир васасул ракI? ВахI ... Дир васасул ракI ... – ян щакърахун, щибго абизе кIоларого хутIана Малик.

– У, Малик МухIамадович, дур васасул ракI. Дур хъизамалда гьев вас жиндирго васлъун вихьулев вуго. Гьединлъидал, гьелъ гьев, жиндаго аскIов, берзукь вукIинеян вачана гьаниве хIалтIизеги. Амма мацIихъабаз толел гьечIо нуж. Дуда кин кIвараб мацIалда божун хъизангун кьаллъизе. Гьелъ вачIарав вукIана дун жакъа гьаниве, гьаб нужер хабарги рагIун, хIалтIиги рехун тун. Дир больницаялда ккараб гьеб кинабго лъугьа-бахъиналъ, хвараб нужер гьоркьоблъи данде буцIцIинабизе вачIарав вукIана дун. Гьев васасдаги гьечIо щибго гIайиб. Гьев вуго нужер хварав васасул бакIалда Аллагьас нужее кьурав вас. Дур хъизамалда жиндирго васлъун вихьун вуго гьев.

– Му-у-мун гьанжелъизегIан кив вукIарав? Гьеб цебего дида бицунги, лъанги букIарабани, гьадин ккелароангури букIараб? Нужеца чIвана дун, – янги абун, бадир квералги чIван, чвахун магIугун гIодана Малик. – Щай вачIинчIев цевего? Дица гьанже щиб гьабилеб? Дун кин валагьилев дирго хирияй лъадул бадиве? Щиб дица гьелъие бицинеб? Кин тIасалъугьинайилей? Кин дида кIвараб гьелда щаклъизе? АхIмахъ! Гьев васасда щибилан абилеб? Кин дица гьел тIасалъугьинарилел? Дир хирияй Фатима, кинаб ургъаликье дица мун рехун йикIарай? Къа…Къади Аб…Абакарович… гьанже дица гьезда щибилан абизе кколеб? Мун гьаб рохалилаб хабар босун вачIаравги вуго… тоге ниж гьадин… гьабе кумек…дир гьумер гьечIо гьелда аскIове ун кIалъазе. Му…мун а… гьелъухъе… дида кIоларо ине. Баркала дуе, дир вац Къади. Дуца цIидасан дида рухI лъуна, – ян, щакърахунаго, гьарана гьес тохтурасда, жиндир хъизан нахъбусинабеян.

Гьедин гьел рукIаго, жаниеги яккун секретаршаялъ абуна;

– Малик МухIамадович, довго кIудияв чи вачIун вуго духъе, – ян. Маликица дандего ун, нуцIихъа къватIивеги ваккун ахIана:

– ГIабдула-даци хехго жаниве вачIа, мунха гьанже къваригIунго вугев. Гьале лъикIаб хабарги босун, вачIун вуго нилъерго кIудияв тохтурги.

Гьезухъ валагьун чIарав, щибго бичIчIуларев кIудиясда бицана гьез цIидасан кинабго.

– Дица абичIищ, дир вас дуда, гьелда гьев васлъун вихьулев ватилин, кIудиязухъ гIенеккизе ккола. Дунги вукIана духъе гьелъго вачIарав, киналъулго цIех-рехги гьабун, дур ахIвал-хIалги лъазе. Нужер гьоркьоблъиги цIи гьабизе. Кий йигей дур Фатима-ханум?

– Дида лъаларо, ГIабдула-даци, гьей йигей бакI, – ян бетIер гIодобе къулана Маликица.

– Гьеб лъазабизе захIматаб иш гуро, – янги абун Къади Абакаровичас телефоналъ кьурана. – хехго дие МухIамадова Фатима Гьиматовнаялъул чIараб бакI лъазабе.

– ЧIая-чIая дир вас, дица кинабго лъазабун буго. Гьей йиго дов васасул рокъой, гьевгун цадахъ. МацIихъабаз бицунев «вокьулевгун». Гьевги вуго гьелда аскIов. Гьелъ гьев кивего виччачIо, дица ун гьелъухъегун, киналъулго мухIканлъи лъазеги гьабуна. Гьелъ букIараб щинаб бицана дие. Ва гIажаиблъун хутIана дун Фатимал сабруялдаги, рекIелъ бугеб иманалдаги,

къвакIараб гIамалалдаги. Гьей йиго унго-унгояй магIарул чIужугIадан. Гьединай яцIцIадай гIадан чороклъуларо, мацIихъабазул чорокал харбаца. Аби гьечIищха, «месед хIащулъе бортунин чороклъуларо, гьеб кидаго хутIула меседлъун», – илан. Гьединлъидал, дир лъимал, нуж киданиги божуге мацIихъабазда. Гьанже нилъ рилъине руго Фатима-ханумихъе, – янги абун гьев тIаде вахъана.

– ГIабдула-даци, дун вилълъинаро нужгун, – ян, Малик бетIерги ккун, цодагьав багIа-бакарлъунги лъугьун, гIодов чIаралъуса тIадецин вахъунаро.

– ВахI, гьеб щай мун вилълъунарев нижгун? Гьанжеги щиб ккараб? – ян абуна тохтурас.

– Мун намуслъун ватани, гьеб нижеца тIубала, дир вас, – ян сабурго абуна ГIабдула-хIажица.

– Дун кин гьезда цеве вахъинев? Дида кIоларо. Дун цIакъ намуслъун вуго гьанже, ГIабдула-дациги Къади Абакаровичги. Фатимаца чанго нухалъ хIаракат бахъана дунгун дандчIвазе. Дун мукIурлъичIо. Дица гьелъие изнуги кьечIо. Нуж дида тIасалъугьа, гьаб щинаб квалквал кколеб бугелъул нужееги дун сабаблъун. Дие бокьилаан гьанже, кигIанго дун нужедаса нечон, намуслъун вугониги, нужеца гьаб ишалъе ахирги лъезе, Фатимаги Керимги нужеца рачун рачIине. Дидаго кIолеб гьечIо, тIасалъугьа нуж. Кин гьел дица тIасалъугьинарилел, щиб гьезда бицинеб, дун ургъулев вукIина, – ян абулаго тIадеги вахъун гордухъан къватIиве валагьарав Маликил кIалдисан гьал рагIабиги рачIана: – Унго гьаб дунялалъул берцинлъи!

Гьесухъги ралагьун, цоцазе гьимулаго, ГIабдула-хIажида тохтурас абуна:

– Нилъеца гьав живго телин цодагьав, рилълъа гьанже нилъ Фатимахъеги Керимихъеги, гьел рачун рачIине…

Гьелдаса нахъе ана лъикIалан заман. Гьанже гьел лъабалго руго хIалтIулел жидерго минаби ралеб компаниялда. Маликилги Фатималги васасул рекIел кIутIи камулеб гьечIо гьезда аскIоса. Керим вуго Маликил киналго хIалтIаби гьарулев бищун божарав чи. Аллагьас рехун течIо гьел ракI лъикIал гIадамал, ракI бацIцIадаб хъизам.



# КУЧIДУЛ



*ГIалихIажи МухIамадов ккола ЛъаратIа районалъул ТIадиял росулъа. ЦIалун лъугIизабуна Дагъистаналъул педагогияб университет. ХIалтIана Дагъистаналъул Жанисел ишазул министерствоялъул хасал хъулухъазул мухъилъ (ОМОН).*

*ГI. МухIамадовас кучIдул хъвала школалда цIалулелдасаго. Гьел рахъана ЛъаратIа районалъул «ЛъаратIа», республикаялъул «ХIакъикъат» ва «Миллат» газетаздаги. 2007 соналде къватIибе бачIана ГIалихIажиясул «Росдал саринал» абураб кучIдузул тIехь. ГьабсагIаталда хIадурлъулеб буго басмаялде бахъизе гьесул кучIдулги харбалги данде росараб, кIиабилеб тIехьги.*

**ГIалихIажи МУХIАМАДОВ**

**БОГЬНОДА**

**МугIрул гIаздалъ бахчараб,**
**Ризал рохьаз бацараб,**
**ГIажаибаб, гьайбатаб**
**ТIалъи буго Богьнода.**

**Хъудулеб КIудагIоралъ**
**ГIасрабаз ахх бачунеб,**
**Беричаб, баракатаб**
**ТIалъи буго Богьнода.**

**РекIелъ иман бессарал,**
**Исламалъул нух ккурал,**
**ГIалимзаби рахъараб**
**ТIалъи буго Богьнода.**

**ВатIаналъе ритIухъал,**
**Чодул кьолонир гIурал,**
**БахIарчиял васазул**
**ТIалъи буго Богьнода.**

**Бакъудаса нур щварал,**
**МоцIрол канлъи босарал,**
**Гьайбатал мусудузул**
**ТIалъи буго Богьнода.**

**Рохелги къварилъиги**
**ГIахьал гьабун бикьулел,**
**Къадруял гIадамазул**
**ТIалъи буго Богьнода.**

**Гьобол, гьудул хириял,**
**Тушманасе кьвararал,**
**КьучIал магIарулазул**
**ТIалъи буго Богьнода.**

## САЛАМ ДИР ТIАДИЯЛ

**Салам, дир ТIадиял, дир инсул мина,**
**Росу бакьулъ бакъде буссараб рагъи.**
**Бакъуде гьурмал кьун, къеда мугъал цун**
**Хараби харбие цолъулеб авал.**

**Дир лъимерлъи жаниб хутIараб свери,**
**Дир гIицIал хIатIазул къватIазда лъалкIал.**
**Дир гIоди, дир релъи рагIарал къадал,**
**Къуларал, гьетIарал хабалалъ занал.**

**Салам дир гIумрудул гIазизаб кини,**
**ГIурдада гIаздалъа баккараб дерец,**
**Дун щибаб рогьалилъ ворчIизавураб**
**Рагъида маккаца бачунеб гъургъур.**

**Салам, росда нахъа чармил кьураби,**
**Мокъокъазул къвакъвай, гIунсбузул гьиштIи,**
**Кьурул гIусде бахун цIабуцIунеб бис,**
**Борхалъи мукIурал мугIрузул цIумал.**

**Салам, кьиндал гIазтIа хъештIараб гIуру,**
**Лъарги къан гьабураб ниж чвердараб хIор.**
**ХIилла-рекIкI лъалареб, лъимгIан бацIцIадаб**
**Гьал къватIахъ хутIараб мун, дир лъимерлъи.**

**Салам, дол мугIрузда гIиял рехъаби,**
**ГIухьбуца щобазда бачунеб швантIих,**
**Школалде ахIун, щибаб рогьалилъ**
**Росу рагIалдаса рагIулеб цIумур.**

**Салам, гIачиязул чарчараб рехьед,**
**Росда нахъа гIурда гIисинал бачал,**
**ХъахIилаб зодоса, хъахIаб мухъ бахъун,**
**Боржунеб самолет – гьитIинабго тIанкI.**

**Салам, дир ТIадиял – дир инсул росу,**
**Дир гIумрудул авал, умумузул ракь.**
**Щибго кIочон гьечIо дур наслабазда,**
**ЦIилъила, хъудила дур къватIахъ гIумру.**

**Салам, кьурул магIу – лъим роцIараб ицц,**
**Бакъуде кенчIолел хъахIлъаразул хъуй,**
**Зобалазул гъугъай, чвахун балеб цIад,**
**ЦIалтун виччарав вас росдал цо къотIнов…**

## Э Б Е Л

Эбел, мун гьечIого гIумрудул сонал
Хехаб гIор кинигин, уна гIедегIун.
Эбел, баракатги, рахIат-хIалхьиги
Мун камидал гьечIо гьаб ракьалда дий.

Эбел, мун къанщигун, къварилъабаца
Кьола дие салам, бала гьоболлъи.
Дур дугIадуй ккурал кверал камигун,
Унтаби, гIузраби дилъ гIемерлъана.

Дида мун йихьула хурул ракьанда
Надалда гIетI барай, гIодойги кIусун;
Рахъ-рахъалде арал лъималахъ урхъун,
Росулъе бачIунеб нухде ялагьун.

Дида мун йихьула, рогьел кунчIигун,
ГIодор накаби чIван какикьжоялда.
Дида мун йихьула бакъанил гIужалъ
Къуръанул аятал ахIун цIалулей.

Дида мун йихьула бакъул риидал,
БакIаб харил магьалъ къулизаюрай.
Дида мун йихьула хIалтIи гIемерай,
ГIедегIун ячIуней, гIедегIун уней.

Нижер тIинаб рохел мегIерлъун ккурай,
Нижер ракIбакъваяз ечIазаюрай;
Нижер ургъалица макьуги хъамун,
ХъахIлъи рехизегIан хивалалъ йосун.

Росдал хабалазда дур ганчIил зани,
Къварид балагьула диде мун гIадин.
Дир гъуждузда лъураб дур кверзул хинлъи
Хисулеб щибниги батичIо дида.

Дида мун йихьула, хирияй эбел,
Хвалида кIвечIо мун дихъа яхъизе.
Ххарилъ тIерхьун зани – гIекколеб дир ракI,
ДандчIвалин, хирияй, ахираталда.

## КЪВАРИД ВАЛАГЬУЛА ЦIИЯБ ГIЕЛАЛЪУХЪ

**Къварид валагьула цIияб гIелалъухъ,**
**РекIелъ хIинкъи, бакIлъи буго хIенсолеб.**
**КIочоне течIого хутIилародай**
**Умумуз цIунараб гьал наслабазулъ.**

**КъватIиса бачIаралъ хвезабичIого,**
**ЦIунун бажаризе хадур гIолезе.**
**Авар миллаталъул къадруги сиги**
**МагIарул хаслъиги майилан кьезе.**

**МагIида рангIаги хутIилародай,**
**Ханжар, тIамур, тIагъур, буртина, чухъа.**
**Чода кьили лъезе, пурцил гIоркь кквезе,**
**ЛъачIони щиб къимат магIаруласул.**

**Гъазул бертабалъа инадай тIагIун**
**Зурмаги, къалиги, хехаб кьурдиги,**
**ХутIиладай лъора мугIрул каранда**
**МагIарул росаби, гьенире нухал.**

**МагIарул мацIгин цIар кIочене тани,**
**КIудияб щвеларищ нилъее рогьо.**
**Щибдай къачIан бугеб къисмат ракьалда,**
**Къолоцоабилеб къарнуялъ нилъей…**

## ДУНГИ МУНГИ

**Дунги мунги цо гъасда**
**ЦIалъун ракIал кунчIарал,**
**Дунги мунги цо рокъор**
**КъватIиб дунял кIочарал.**

**Дунги мунги беразда**
**БатIиял рихьуларел,**
**Дунги мунги гIундузда**
**Цогидал рагIуларел.**

**Дунги мунги рикIкIада**
**РакIал даим гIагарал,**
**Дунги мунги кидаго**
**Цоцазул пикрабазда.**

**Дунги мунги жакъа къо –**
**Сон ва метер лъаларел,**
**Дунги мунги сордо, къо –**
**Цоялъ цояб хисулел…**

## БИЦЕЯ ДИР ГЬУДУЛ

**Бицея, дир гьудул, гьаб накIкIулаб къо**
**Къасиялде дуца кинан бачараб,**
**ЦIунцIарабазул гохIлъун ххенолеб шагьар**
**Щиб бицунеб тараб, нуцIа къалаго?**

Рихьанищ гIадамал, гьаб дунялалда
Даимал кинигин хьетулел ругел,
Бадибги, харбильги, хиялазульги
Хазина, магIишат, боцIи бессарал.

Бихьанищ лебаллъи, гьезул хадургъей,
Лъай-хъваял, бухьенал гьаризе гьунар;
Щолелъубе кколеб щвезе гьабизе
Гьезул бугеб махщел, ратулел нухал.

Чи вихьун бицунеб харбил гьуинлъи,
Хайир, пайда кьолеб батулеб хехго.
КIичIардулел кьунсрул, къенкIолел берал,
Огь, сундулъго гьезий кьун бугеб гьунар.

Аллагьги эбелги жанир рехсарал
РекIеда квер лъурал гьереси-гьаял;
Гьуриги бакъанги кинан пуниги,
Гьал «палугьабазул» кьурдизе гьунар.

КъватIиб тIагIам гьечIеб, рокъоб чIалгIараб
ЧIамучIлъи бачIуна дихъе мех-мехалъ,
Сунцаго ракIалъе рахIат кьоларел
КьогIал къояз кьалаб бала гьоболлъи.

Амма инсанасул хьул халатаб жо,
Божула накIкIаца зобал теялда.
Ва амма сардилаб, кIичIи берцинаб,
ШагьримоцI гвангъила, бецIлъи хъамила.

Гьелъин къаси дица къуват-жан кьолеб,
Чорхол хIал цIилъулеб, пашманлъи чIвалеб;
Канлъи свараб гордухъ керен гIекколеб,
Пандрида панаяб бакъан бачунеб…

## ДУН ИНА…

Дун ина цо къоялъ гьаб дунялги тун,
Дунги нужги гьелде ургъичIеб мехалъ.
Дун ина…нужеда рагIила хабар,
Хоб бухъулеб мехалъ, ялъуни кватIун.

ЩIум речIчIараб мехалъ, макказда релълъун,
Риххила, пархила гIагарал, лъалел.
ЛъикIав чи анилан абулел ккела,
Ани щиб гъовилан щурулел ккела.

**Дун ина гьаниса, азарго анищ**
**Гьанибго хутIила тIубазе хъвачIеб.**
**Дир хабада зани бихьун, цо-цоял**
**Гьавгийищ хвараван хаган хутIила.**

**Дун ина…нахъехун хутIила лъалкIал,**
**ГIумруялъул нухда дица гьарурал;**
**Цоял дун чIухIулел гъваридал, лъалел,**
**Цогидал загIипал, чIахIилъ рахчарал.**

**Дир рекIей гIагарал, гIазизал чагIи**
**ГIемерисел доре ана цо-цоккун;**
**Гьезул дун урхъарал хIайранал гьурмахъ**
**Гьимун валагьизе ахIула ракIалъ.**

**Мегеж чарлъизегIан кьурал къоязухъ**
**РухI босулеб ракIалъ щукру гьабила.**
**Къуват-жан лъугIарал гъаримал лугбал**
**Гъуждузда росила росдал бихьиназ.**

**Цо дида гурони лъаларел чанги**
**Балъголъаби ина рачун къаникье,**
**Дир каранда хIалхьи батичIеб рекIел**
**КIутIи къотIарабги къалъила цо къо.**

**ГьекъанагIан къечалъ керен бухIулеб**
**ЦIамхIалаб лъим гIадаб лъугIила гIумру,**
**ГIурдал чохьонире руссун гурони,**
**Свак чучичIел лугбал тIупила къаникь.**

**Дир гъаримай лъади, дир лъикIал лъимал,**
**Дунялги къварилъун, магIилъ рукIина.**
**Къаданиб зонода бикIараб сурат**
**ХутIила хIайранго балагьун нужехъ.**

**Гьаниса дун ингун, гьаниб хутIулеб**
**ЦIар бацIцIадаб тезе бокьун буго дий;**
**Гьаниса дун ингун, гьаниб хутIулеб**
**Хазина, боцIуда урхъун гьечIо дун.**

**Дун ина… Нуж тела къо-мех лъикIилан,**
**Къокъаб жо гьаб гIумру, гIасру баниги…**

## КЪО-ЛЪИКІ ГІОЛОХЪАНЛЪИ

**Къо-лъикI, гIолохъанлъи – талихIаб заман,**
**Цо лахIзат кинигин гIедегIун араб.**
**Къо-лъикI, гIумруялъул риги ихги,**
**Ун хадуб гурони къимат бичIчIичIеб.**

**Къо-лъикI, дун цIализе кьабурал цIурмал,**
**ЩIиял гьудулзаби лъараб замана.**
**Къо-лъикI, аваданаб гIумруялъул ригь,**
**ГIолилал ясазул чалухал берал.**

**Къо-лъикI, Каспиялъул карачалаби,**
**Чанги дир балъголъи бихьарал, лъарал.**
**Къо-лъикI, бакъул къоял, къиматаб заман,**
**ЩIоройги хинлъиги дида халлъичIеб.**

**Къо-лъикI, дир бахIараб, гIащикъаб заман,**
**ГIурда ххарилъ тIегьгIан гьайбатал къоял;**
**Къо-лъикI, дир къаркъала рехун таниги,**
**Дир рекIелъ хутIараб хирияб заман…**

## ВАЙ ДИР КАРАНДА РАКІ…

**Вай дир каранда ракI, щай мун унтулеб,**
**Лъукъараб хIинчI гIадин щайзе твархолеб?**
**Бащдаб гIасруялде гIумру щвелалде,**
**Щай бухулеб цIумур цIикIкIанин цIайи.**

**КвегIаб рахъалъ бугеб бакIлъиго кинаб,**
**Кинабго чорхол хIал хисизабулеб?**
**БотIрода хъахIаб рас загьирлъилалде**
**Гьаб дихъе бачIунеб гIарз-зигара щиб.**

**Мун каранда бохун тIеркIезабураб**
**Рохел чанги кьечIищ гIумруялъ нилъей?**
**Сордо бачIаниги, макьу щолареб**
**ТалихI кигIан лъараб нилъ кIияздаго.**

**Бице каранда ракI, мун унтиялъе**
**Дунищ гIайибияв, мунищ чучлъараб?**
**Яги бихьанщинаб жаниб биччалеб,**
**Дурго хIалимлъийищ гIиллалъун ккараб?**

**Бадир гьиманиги, чIорлъун дулъ къалел**
**Къадарал чагIазул харбал бакIлъунищ?**

ГІагаралин ккарал, вацаллъун ккурал
Чарал гІадамазул согІлъи хІаллъунищ?

ЛъикІлъи гьабуниги, баркала гьечІел
ХІалхъубал чагІазул чамгІаллъи лъанищ?
Дир гьитІинаб хатІа нусцІул бадибчІван,
Нусал дуда чІварал чІукІнабацайищ?

Ракълил заманальги рагъ бихьиялъищ,
Ругъназ дир черхалда хъварал мухъазищ?
ТІутІун лугбал рарал гьудулзабазул
Жаназаби ракьулъ рукъи бакІлъунищ?

Вай дир каранда ракІ, щай зигардулеб,
Зулму диргоцинищ дуда хІаллъараб?
Мун цІунун, вахча-къан чІезе лъаларев
Дунищ гІайибияв дур гІузрабазе?

Ва дир каранда ракІ, дир твархолеб хІинчІ,
Къо тІаде щвезегІан щулаго букІа.
Дий гІумру, гІадамал хириял руго,
Халгьабе берцинлъи баккулеб бакъул!

## БАРКАЛА

Баркала, дир рухІгин жан
Бохизабураб талихІ,
Баркала, дир каранда
РакІ бухІараб пашманлъи.

Баркала, цІехечІого
Дихъе щвараб къварилъи,
Баркала, дир черхалда
ЛъалкІ тун, сахлъарал ругънал.

Баркала, дир битІккеял,
Баркала, дир гъалатІал,
Баркала, лъикІаб, квешаб –
Дун кантІизе гьавурал.

Нуж рачІингун, нуж лъайгун
Лъана дида гІадамал;
Лъана дида гІагарал,
Нилъералгун чиярал.

Гьудуллъиялъул къимат,
Гьодорал гьаял, реццал,
Хиянатлъигун, хІусуд,
ХІилла-рекІкІ, хІалихьалъи.

Жирулел гьурмал, хІаял,
ЖахІдаялъ цІурал берал,
Бицунебгун гьабулеб
Зоб-ракь гІадин батІиял.

ГІумруялъул дарсазул
Ахир лъалареб рахас,
Ахиралде щвезегІан
Лъазе захІматав инсан…

# ГІАКЪУЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ

## ГІУНГУТІАБИ КАМУРАВ ЧИ ВУКІУНАРО

ЯчІанила цо гІолохъанчІужу росдал дибирасухъе ва абунила:

– Дуца магъари лъун, данде гьарун рукІана ниж кІиго соналъ цере, гьанже нижер ригьин биххе, – илан.

– ГІилла щиб, дир яс? – ян гІажаиблъанила дибир.

– Цоги руччабазул росал ригьда рокъоре рачІуна, дирав кватІун гурони вачІунаро. Гьеб дида тІокІаб хІехьезе кІоларо, – ян чІванкъотІун лъазабунила гьей гІаданалъ.

– Гьебищха аслияб гІилла? – ян мухІкан гьабунила дибирас.

– ТІадеги щибха цоги букІине кколеб, гьеб гІоларебищ? – ян гьейги гІажаиблъанила.

– Батани, яц, дица метер дур мурад тІубала. Амма бугоха гьелде щвезегІан дуца тІубазе кколеб цо шартІ. Метер дие нисдал чедги босун ячІа мун, – ан абунила дибирас, – амма гьелъие дурго рокъоса щибго хвезабуге, къваригІунебщинаб мадугьалзабаздаги, лъалел-хъвалездаги кьезабе.

ТІоцее гьей гІадан нису гьаризе мадугьалалъухъе анила.

– КІиго-лъабгониги гІакаги буго нужер, рокъоб нисогойищ дур гьечІеб? – абун гьикъанила мадугьалалъ. Гьадай гІаданалъги дибирасулгун ккараб хабар бицанила гьелъие.

– Рокъове кватІун вачІин гурони, батІияб багьана-гІайиб гьечІев рос вугей дуени щиб, – абун байбихьанилаха мадугьалалъ жиндирго росасул гІунгутІаби рицине…

Хадуй гьей анила цоги мадугьалалъухъе ханжу гьаризе. Гьелъги гьадабго суал кьунила, гьалъги добго жаваб кьунила. Хадуб гьей мадугьалалъги, дой цоялъго гІадин, жиндирго росасул гІунгутІабазул къвачІа чІехьанила.

Гьединго кканила ханал, нах, риди гьаризе гьай гІадан анщиналъубги.

Щванила нахъисеб къоялъ нисул чедги босун гьадай гІадан дибирасухъе ва абунила:

– Дица кинабго дуца абухъе гьабуна, амма дуца дунги росги ратІа гьаруге. Гьев цогидалщинал бихьиназдаса бищунго лъикІав вуго.

– ЦохІо сордо-къоялда, гьададигІан квешав вукІарав гьев кин лъикІлъарав? – абун гьиманила дибир.

Гьеб сордо-къоялда жаниб ккарабщинабги, щванщинаб бакІги, дол руччабаз жидерго росабазул хІакъалъулъ абунщинабги гьалъги бицанила.

– Гьелеха, яц, – ян абунила дибирас, – гІунгутІаби камурав чи я бихьиназда, яги руччабазда гьоркьор цониги рукІунаро. Цоцазул гІиси-бикъинаб жоялъул бицун, гьеб понцІозабичІого, цоцазда тІасаги лъугьун, цадахъ рекъон гІумру гьабуни, Аллагьги разияб, гІадамазда цебеги гІодорегІанлъулареб гІумру-яшав букІуна щибаб хъизаналъул.

Ункъабго бокІон битІараб къед букІунареб гІадин, ункъабго рахъ рекъарав инсанги вукІунаро. Аллагьас насиб гьабураб къисматалда разилъун, БетІергьанасе щукруги гьабун чІани, гьелда баракат букІуна, – ян лъугІизабунила дибирас гьей гІаданалъулгун бицунеб хабар.

## ХЪАЧАГЪ КАНТIАРАВ КУЦ

Росабалъа росабалъе ун, дин тIибитIизабулев, гIадамазул ракIазулъе иман тIинкIизабулев, кIудияб гIелму кодосев цо чи вукIанила. Цо росулъе гьев ине кколаанила ризаб рохьосан. БитIун рохьове гьев щваравго, данде вачIанила цIакъ квешав хъачагъ.

– Дур чунтбузухъ бугебщинаб жо, гIарац батаниги, щиб батаниги гьабсагIат дихъе кье. Гурони, нодо бакьулъ жоги речIчIун, дица мун чIвазе вуго, – ян лъазабуна хъачагъас гIалимасда.

– Дир чунтбузухъ щибниги гьечIо, ботIрода жаниб гIелму-лъай гурони, – ян гьев чиясги абунила.

– Дур гIелму-лъаялъ дир хъизан-лъимал хьихьуларо, дие гIарац къваригIун буго, – абун тIирун чIанила хъачагъ.

– ЛъикI буго, – ян абунила гIалимас, – гьеб хIалалъ хIарамаб къагIидаялъ боцIи-рикъзиги балагьун дуца хьихьулел хъизан-лъималаз Аллагьасда цеве вахъарав къоялъ дагьа-макъалниги дур мунагьал тIаде росиладай? Гьанив, гъотIода вухьун дунги тун, гьеб гьикъизе рокъове щай мун унарев?

Хъачагъ ургъанила. ГIалимас абухъе гьабизе гьев рокъове анила.

Гьикъанила тIоцебе эбелалда:

– Хъачагълъи гьабун магIишат гьабизе гуро дица мун гьавун вукIарав, гIадамал гIадин хурги бекьун, боцIиги хьихьун гIумру гьабизе кколаан дуцаги. Дур мунагьал дица тIаде росуларо. Щивас жинди-жиндир жаваб кьезе ккола Аллагьасда цебе, – ян абуна эбелалъ.

Гьебго суал хъачагъас лъадуеги лъималазеги кьунила. Гьезги жаваб гьадабго кьунила.

Гьеб мехалъ киналго жинцаго гьаруралщинал квешлъаби цере чIун, цIакъго ракI къварилъун лъугьанила гьев. Рохьове щведал, гIалимасе, жив кантIизавуралъухъ баркалаги кьунила хъачагъас, ракI-ракIалъ тавбуги гьабун, цогидал гIадамазул гIадаб гIумру-яшавалдеги вуссанила гьев.

## ГЬАЦIУЛ КЪАТIРА

БукIанила, гьанже жидер цIаралцин кIочон тараб, цоцазда вацлъи рагIизабурал, хIал-махI рекъарал жамагIаталги ругеб, мадугьаллъи гьуинлъараб кIиго росу. Цояб росулъ вукIанила наял гIемерав, гьоцIо бичун бечелъарав чиги. Цо пуланаб къоялъ гьесухъе гьоцIо босизе вачIанила доб цояб росулъа гIиявехь. Цадахъ къавул гьойги букIанила гьесда. Вехьасе дарам гьабулаго, найихъанасухъа дагьа-макъаб жо гьоцIо гIодобе тIинкIанила. Боржун бачIун гьелда тIад рещтIанила тIутI. ТIотIода хважаинасул кетоги хурханила. Кинаб илбисалъ къосинабурабали, катида тIад вехьасул гьойги речIчIанила. Гьаб жоялъул нахъегIанлъи щибилан, найихъанас цIадирабаздасаги босун ботIролъ гамачI щвезабураб гьойги гьеб бакIалдаго тIирщун кканила. Дир бищун божараб гьалмагъ чIварав тушманиланги ахIун, вехьас гIадалъ бараб тIилица найихъанасеги ахир лъунила. Гьеб бакIалдаго найихъанасул вацас вехьги чIванила.

Щванилаха хабар доб цояб росулъе, мадугьалзабаз жидер чи чIван вугилан. Бугес бугеб ярагъ-матахIги босун, рахъанилаха къисас босизеян къватIире

вехьасул гІага-божарал гІолохъаби. Ал цоялги гІенеккун чІелищха… Гъедин, аз дозул чІван, доз азул чІван, лъагІел данде сверилалде, кІиябго кІудияб росулъ цохІониги чи хутІичІила.

## ГЪУРЩИЦА ЧІВАРАВ

Инкъилаб ккезегІан цебеги Темир-Хан-Шураб (гьанжесеб Буйнакск) букІун буго пачаясул аскаразул гарнизон. Цо бухІун бакъ щвараб къоялъ гьеб гарнизоналъул генерал унев вукІанила жиндирго гІолохъанай лъадул кверги ккун базаркъватІичІван эхеве. Гьедин эркенго ретІа-къарай чІужугІадан цееккун йихьичІев, дагьал цІани магІарде рахарав цо гІоркьилав, генераласул лъадуда тІад хурханила. Генералас щибго вихха-хочинчІого, чІужуялдаса гІолохъанчиги вичІизавунила, чванитинисаги бахъун, гьесухье маххул гъурущги кьунила, «молодец, молодец», – янги абун, мугъзада кверги кІутІ-кІутІун, нахъе витІанила.

– Кинав генерал мун вукІунев, гьадав къватІул жояс дун хІакъир гьаюраб мехальги кІалъазе кІоларев, тІадежоялъеги, досукьа хІинкъун, гІарацги кьун, «молодецги» бачунаго дов хунчІук нухда регІулев. Дие мун гІадав рос хІажат гьечІо, – илан гьеб квеш бихьун, семулей йикІанила гьесде лъади, нухда унаго.

– Сабру гьабе, хирияй, дица гьабураб жоялъул магІна дида лъала. Дудаги гьеб кватІичІого бихьила, – илан гьей гІодойиччазаюлев генералги вукІанила.

Бахъанила циндаго цо кьвагьи… Тира-сверун гьадабго бакІалде генералги гьесул лъадиги щведал, вугилаха къватІ бакьулъ чІван рехун дов гІолохъанчиги, гьесда сверухъ ракІарун гІемерал гІадамалги.

Генералго гІадин, лъадигун цадахъ вачІунев вукІун вуго гІолохъанав офицерги. Дов цояс гъурущ кьураб мехалъ, гьасги гІабасиниги кьечІого теларилан ракІалде ккун батилаха, гьесул лъадуда тІадги хурхун вуго гІолохъанчи. Офицерасин абуни нодо бакьулъ жоги речІчІун ккезавун вуго гІоркьилав.

Гьеб мехалда бичІчІун буго генераласул лъадуда росас гьабураб жоялъул магІнаги гьесул гІакъиллъиги.

## ДУЕ ГУРОНИ ИНЖИТЛЪИЧІО

Цо магІарул росулъ вукІанила цІакъ чуял хирияв чи. Чуязул тІубараб илхъиги букІанила гьесул, гьезул тІалаб-агъаз гьабизе мухьги кьун тарав хасав чиги вукІанила. Сверухълъиялдаго гьесул лебаллъиялъул цІарги ун букІанила, гьельги батила, росдаца бегавуллъунги вищун вукІанила гьев.

Пуланаб къоялъ гьесухъа бичун лъикІаб чу босизеян вачІанила округалъул наиб. Чуязул хал гьабизе бокьоре щведал, ругилаха руснир цадахъ регун бегавуласул ясги дов илхъичиги. Бегавулас гьебсагІатго росдал дибирги ахІун, магьариги лъезабун, гьанже нуж рокъоре аян ритІанила кІиялго.

Кинабго тІубайдал, наибас бегавуласда абунила, дида мун цІакъ бахІарчияв чи вугилан рагІун букІанин, вукІунго гьечІогурияв. Кинин кІолеб гьадаб инжитлъи хІехьезеян.

– Жакъа дун цо дуе гурони инжитлъичІо. Амма ясги дов гІолохъанчиги дица чІван рукІаралани, дун Дагъистаналъего инжитлъулаан, – илан жаваб кьунила гьесие гІакъилав бегавулас.

## ХIАЖАЛЪИГИ АНИЩГИ

КIиго кьурда тIасан лъураб чIедерабго хъорщодаса щибго ургъел гьечIого унев чиясухъги балагьун, гьесда цояс абунила:

– Мун щибго ургъел, хIинкъи-къай гьечIого хьвадула гьадаб тIеренабго хъорщода тIасан. Дун хIинкъула гьенисан ине. Мун хIинкъунгутIиялъе гIилла щиб?

– Дун гьанисан доб цояб рахъалде уна диегоги хъизан-лъималазеги лъим босизе. Лъим щвечIони, ниж къечон хола. Гьеб пикруялъ дун хIинкъизе регIун толаро. Нахъвуссун вачIунелъул, дир анищ букIуна хехго дирго хъизан-лъимал рихьизе. Гьеб анищ бергьун, гъоба гъоркьа гъваридаб кIкIал букIин кIочон тола дида.

– Дица щибха гьабизе кколеб хIинкъи бачахъизе?

– Щиб букIаниги гьабизе бергьун кIудияб хIажалъи, яги цIакъ кIудияб анищ бугони, чи сундасаниги хIинкъуларо.

## ЦОГИ КИНАБ НУХХА ДИЦА ТIАСАБИЩИЗЕ БУКIАРАБ?

ВукIанила кIиго вац. Цояв вукIанила, жиндир бажари-гьунаралъул киса-кибего цIар тIибитIарав, свак-кIвахI тараб хIалтIул хIасилалъ борхалъуде вахарав. Цогиявин абуни, гьитIинаб къоялдаса цIогьодун, гьекъолдун, квешабщинаб жо гьабун халкъалдаго чIалгIарав, рихарав вукIанила. ГIажаибаб жо, цояв вацасе жиндир бергьенлъабазухъ кIудияб шапакъат кьолебги, цогияв вацасе жиндир такъсиразухъ диван къотIулебги цого къо кканила.

Такъсиралъухъ диванги къотIун, гIезегIанго сонал туснахъалда разе витIулев цояв вацасда ахирги диванбегас гьикъанила, гьедигIан инжитаб нухде кин мун ккаравилан.

– Дир эмен вукIана кидаго гьекъолдулев, гьекъанщинахъе эбелги дунги, дир вацги руха-кьабун гIорцIуларев чи. Рукъалъе кигIан гьитIинабги пайдаги гьесул букIинчIо, – ян абунила гьес. – ЦIакъ пакъираб, язихъаб гIумру букIана нижер… Цоги кинаб нухха дица тIасабищизе букIараб?

КIудияб бергьенлъиялъухъ къиматаб шапакъат кьолаго, шапакъат кьолес цогияв вацасда гьикъанила, халкъалъе пайдаяб гьедигIан магIнаяб нухде мун кин ккаравилан.

– Дир эмен вукIана кидаго гьекъолдулев, гьекъанщинахъе эбелги, дунги, дир вацги руха-кьабун гIорцIуларев чи. Рукъалъе кигIан гьитIинабги пайдаги гьесул букIинчIо, – ян абунила гьес. ЦIакъ пакъираб, язихъаб гIумру букIана нижер… Цоги кинаб нухха дица тIасабизизе букIараб?

## КЪАЛИГИ, ГАНЧIАЛГИ, ЧIИМХАЛГИ, САЛИГИ

Иргадулаб дарсида мугIалимас жиндирго цIалдохъабазда цебе лъунила цIорол кIудияб къали. Ранила гьелде жанире къали цIезегIан ганчIал. ЦIурабищ къалиян гьикъанила гьес цIалдохъабазда. ЦIунилан абунила гьез.

Хадубги мугIалимас гьенире ранила чIимхал. Гьелги ганчIазда гьоркьор хутIарал эркенал бакIазде кканила. Гьадабго суал кьунила гьес цIалдохъабазе. Гьезул жавабги добго букIанила.

Нахъеги цIорол къалиялъубе лъикIаланго салиги банила мугIалимас. Гьелъги жиндирго бакI ккунила къалиялъуб. Лъабабизеги добго суалги кьунила цIалдохъабазе, гьезги гьадабго жавабги кьунила.

Хадуб мугIалимас цIалдохъабазе биценила жакъа жиндицаго гьабураб гьеб ишалъул магIна:

– Гьаб цIорол къали буго гIадан-инсан. Гьалда жанир ругел ганчIалги, чIимхалги, салиги – гьесул гIумру, гьесда сверухъ бугебщинаб. ГанчIал – хъизан-лъимал, чIимхал – хIалтIи-пиша, гIумру гьабулеб бакI, цоги гьелда релълъанщинаб, сали – цоги хутIанщинаб гIиси-бикъинаб жо. Гьаб къали чIимхазул цIезабурабани, салиялъе гурони, ганчIазе бакI хутIилароан. Салул цIезабурабани, я ганчIазе, яги чIимхазе бакI букIинароан. Гьединлъидал, чиясе тIоцебесеб бакIалда рукIине ккола хъизан-лъимал. КIиабизе – хIалтIи-пишаги, гIумру гьабулеб бакIги, цоги гьелда релълъанщинабги. Гьеб кIиялдасаго заман тIокIлъани, цоги гIиси-бикъинаб жоялдеги вуссине бегьилаан чи. Амма чIимхаца, яги салуца цIезабуни, гьаб къалиялъуб ганчIазе бакI хутIулареб гIадин, цогиябщиналде вуссун, хъизан-лъималги кIочон гьабуни чияс гIумру – гьеб гIумру гуро – гIадада тIамулел къоял руго.

## ЩАЙХА, ЯЦ, ДИЕ ГЬЕБ БЕТIЕРУНТИ КЪВАРИГIАРАБ?

Цо ясалъул лъабнусиялда лъабкъоялда щуго гурде букIанила. ЛъагIел данде сверизегIан цого гурде кIиго къоялъги ретIулароанила гьелъ. Амма щибаб къойил рокъоса къватIие яхъинелде, хис-хисун гьел ретIуней, цонигиялда рекъоларого, матIуялда цее, гIода-йорчIун чанго сагIат унаанила гьелъул. Гьеб гIазаб-гIакъубаялда гьей йикIаго, щибаб къоялъ цого заманалда, цо ясги унаанила гьелъул горда цеесан. Кидаго цого гурдеги букIунаанила гьелда тIад ретIун. Цо батIияб, сундулго ургъел гьечIеб, чIагояб дангъваги букIунаанила гьелъул гьурмада.

Цо къоялъ гурдал гIемерай ясалда ракIалде кканила гьелъие цо гурде кьезе. НуцIаги рагьун, къватIиеги яккун, гьабунила лъай-хъвай. Кьолеб букIанила гьай ясалъ дой цоялъе гурде. Амма гьелъ гурде босизе инкар гьабунила.

– Дие гьаб цо бугеб гIола, – ян абунила гьей ясалъ, – гьаб хведал, цIиябги босила. Жакъа дуца кьолеб гурде босани, дир кIиго гурде букIина. Цинги, щибаб къоялъ дун ургъизе ккола гьезул кинабдай тIад ретIинаян. Щайха, яц, дие гьеб бетIерунти къваригIараб.

Гьединги абун гьей яс жиндирго нухккун анила. Гьай цояй ясалъин абуни гьелъул рагIабазул гIемер пикру гьабунила. Ургъараб мехалъ, кигIанго мискинай йигониги, рухIдаллъизе бачIанила дой ясалда. БичIчIанила гьелда, гурдазул гIемерлъиялъ жиндие кигIан кIудияб лазатбахъи гьабулеб бугебалиги, гьелдаса дой цояй яс эркенго йикIинги.

## ДИР УРГЬИСАЛА БИЧУН БОСИЗЕ ЧИ ВАЛАГЬЕ, ТОХТУР

Кканила берцинай цо ясалъухъ гIолохъанчиясул рокьи. Гьелъие васги къабуллъанила, гьезул къотIи-къаялда кIиязулго тухум–кьибилалги разилъанила.

Жиндир бугеб ресалда рекъараб бертинги гьабун, бахIарай рокъое ячине къачIадилев вукIанила гIолохъанчи. Цо пуланаб къоялъ, чIваркьун бадиеги ялагьун, жиндир вукIинесев росасда ясалъ лъазабунила: гьаб иш дуца конкретно, на уровне гьабичIони, жий дуе ячIунарин. Гьеб «конкретно, на уровне» абураб рагIул магIнаги букIанила, жиндие кьолеб-толеб жоги кьерилал рухIдаллъулеб, бертинги гIалам хIайранлъулеб букIине кколин абураб. Гьединаб, цоцалъ къец бан абурал ясазе хъалималги хIадурулеб, цIаруего, кIудияб ахIи-хIуралда бертабиги гьарулеб гIадат бугила гьеб росдал гIадамазул. Рес щиб, абурай ясалъул тIалабги гьединаб бугони, цогияздаса нахъе ккезе бегьичIев гIолохъанчиясги бугезухъа къарзалъе босанила, хIакъикъаталдаги «на уровне» ригьин гьабизе гIурабгIанасеб гIарац…

ЛъугIанила бертинги, цо-цоккун анила къоялги, къояз цIун гIунила моцIалги, ахир-къадги къарз бецIизе заман щванила. Щун гьеб хутIичIила, щовудасаги ун, тIаде проценталин абулел жалги рачIине лъугьанила. Цо къоялъ налъул бетIергьабаз, чIван-къотIун гIолохъанчиясда лъазабунила, лъабго къоялдасан къарз тIадбуссинабичIони, жидеда гIайиб гьабугеян. ГьечIеб жо киса кьелеб. Рес къотIараб бакIалде кканила гьев чиясул иш.

Анила гьев больницаялде лъалев тохтурасухъе. Бицанила жиндирго лъугьараб-тарабги, ккун вугеб бакIги. Ва тIадеги жубанила: «Дир ургьисала бичун босизе чи валагье», – абун.

## ГЬАДАВ ЧИ ДИР ВАЦХА ККОЛЕВ

ВукIанила кIиго вац. Гьезда гьоркьоб щиб букIарабали Аллагьасда лъала, цоцазде тIаде-гъоркьени киса раккулел, нухтIа дандчIваницин цоцазда кIалъалароанила. Гьезул цояв росдал бегавул вукIанила.

Цо къоялъ гьеле гьев бегавулги гьесул гIелги годекIанир гIодор чIун рукIаго, гьезда цевесан унев вукIанила бегавуласул дов вац. ХIакимасе жиндирго ритIухълъи бихьизабизе бокьарав гIелас, гьадав чиясде рекъечIеб рагIи реханила. Бегавулас, гIеласул чухъил къвалги туркIун, гьумер дандцузегIан гьесул бадивеги къулун, ццим бахъун абунила:

– Ле, гьадав чи дир вацха кколев, – илан.

## ДИЦАГИ ЩИБХА ГЬАБИЛЕБ, ИМАМ

Шамилихъе хабар щвезабунила, дур хазиначияс Имаматалъул мал-мулкалда гьоркьоб рекIкI гьабулеб бугилан. Гьес ахIун хазиначигун абунила, гьадинаб хабар щванин дихъе, кьучI бугищ гьелъиейилан.

Хазиначи щибго рагIи имамасдаги абичIого, къватIиве анила, мехго бахъилелде кIиябго кверзухъ кIиго гъадарогун жанивеги вачIанила. Цоялда жаниб бугоанила нахул къакъу, цогияб гъадаро чIобого букIанила. Хазиначияс цояб гъадароялъуса босун нах цогиялъуб лъунила ва нахуца риччизарурал килщалги Шамилида рихьизарун абунила:

– Гьалеха, имам, дагьа-макъабниги жо бахинчIого хутIулеб гьечIо, дицаги щибха гьабилеб? – илан.

# ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**Марина АХIМАДОВА**



## ИНСУДЕ

Мун тIовитIизе щивго
ВукIинчIо къватIив вахъун,
Вокзалалъул цIурмил сас
БукIана гIицIго гIинзукь.

ГьитIинаб ва гIазизаб
Шагьарги тун унаго,
Унтулеб букIана ракI,
КIетIей букIана хехлъун.

Духъ тIохдасан ялагьун
ЙикIинчIо щийго гIадан,
Дур березаги хьирщулев
ВукIинчIо гIадамалъ чи.

Кинабгоги, щибгоги
БукIана цIакъ гIадатго,
Амма поезд туркIидал,
МагIица беццлъана къо.

«Къо-мех-лъикI! ТIасалъугьа!
Кагъат хьвай!» – ян рагIулеб
БукIана киса-кибго…
Цо жо тIуна каранда.

ГIодой ккун-яхъунаго,
Екерулей йикIана
Поездалда нахъ цояй:
– ЧIаго вусса, дир вас! – ин.

Цебе букIана дуда
Москва ва хвалилаб рагъ.
Нахъехун – дол рагIаби,
Дол чияр эбелалъул.

## ЛЪАБГО ЧИНАРИДУЛ ГЪВЕТI

Инсул рукъалда цебе
Лъабго чинари буго,
Лъабго хъаравул вуго
Хасалил сардилъ тIерхьун.

Гьел рагъарулел руго
Гьаругьинан рахъ-рахъалъ,
Кьурун лъурал, рагъулал
Полкалъул байрахъаллъун.

Лъабго чинаридул гъветI
Гъункун чIун руго кьерда:
Доб тIеренаб – дир эбел,
Гьал цоял – эменгун вац.

Щулаго цоцада цун,
ТӀамхал журан руго гьел.
Гьуригун накӀкӀул ургъел
Ва агъаз гьечӀо гьезий.

Дун – гӀантаб чӀор, абуни,
Кибалиго рикӀкӀада,
ГанчӀилаб ракьуда тӀад
ТӀомги биццалъун буго.

Горо-цӀералъ буххула,
Бакъуца бухӀула гьеб…
Амма дун кьалда йиго
Юхьун чинарабигун.

ГӀалхул авлахъазде кка,
Кий бокьаниги рехе –
Манзил рикӀкӀинчӀого дий
Регьел щола гьездасан.

## ВАТӀАН

Къисматалъ кӀудаб ВатӀан
Сверизабуна дида,
ГьитӀинаб ВатӀаналда
Къочизе къасд кканагӀан.

Дун гӀайибияй йигин,
Дун йижараб бакӀ мерхьун,
Бакъбаккуде рачӀунин
ТӀаде кӀанцӀун рачӀунин?

Танкабаца нодо цун
Дир умумузул ВатӀан
Москваялъул Славянка
Ракьдаса тӀун чӀинтӀунин?

Гочине ккараб заман
КӀоченаро кидаго.
Наслабаз наслабахъе
Ругъун гӀадин кьела гьеб.

Поездалин абуни,
ЧӀор гӀадин битӀун уна,
Хабалъ букӀараб гьаб дир
Росдал азбаралъусан.

Вагоналъул гордуда
КӀаркьенги цун чӀун йиго,
Ва тӀолабго гӀагарлъи
МагӀилъ рехсолеб буго.

Вокзаланиаса щвела
Чияр ракьалде рокъой…
ГьитӀинаб ВатӀаналда
ТӀад чӀегӀер гъудул руго.

## МАХӀАЧХЪАЛА

Дун сапаралдаса тӀадюссунелъул
БецӀаб сардилъ йиго пикрабалъ тӀерхьун.
Берзуй макьу гьечӀо, цебе чӀун буго
МахӀачхъалаялде дир поезд щолеб.

Бихьула меседил кӀазги тӀад чӀвараб
Тарки-Тау данде бортун бачӀунеб.
Маргьудалъ гьайбатай ясилан кколеб
Каспий ралъадалде гӀищкъу бергьараб.

Бихьула рогьалил бакъ тӀад кенчӀолеб,
Маякалъ гвангъизе гьабулеб ралъад.
Маяк-Анжи-Арка – ганчӀилаб гохӀда
Миллатал гӀемераб дир шагьаралъул.

Дида лъикIго лъалеб маххул нухдасан
Шагьаралде щолеб буго дир поезд;
Хъвадарухъабазул союз – цо рахъалъ,
Цогидаб рахъалада – гумуз цIураб порт.

Огь, рагIулеб буго чайкабазул сас,
Дие салам кьолел Каспиялда тIад.
Доле зодой араб краналъ дие
Квер буго хьвагIулеб – лъикI юссарайин.

Ва цебе чIун буго поездалдасан
БагIарал тIугьдулгун мун данде щолеб.
Дур къвалакье, йохун, лъугьунег йиго,
МахIачхъала – мун дир хирияб шагьар.

## 22 ИЮНЬ

*Геннадий Ивановасе ва Сергей Каратовасе.*

Гена, ракIалда гьечIищ
ЛъугIел гьечIеб нилъер бахIс,
Сордо рогьунеб гIужалъ
Воробьев магIарда нилъ.

Дудаги кIочон танищ
Доб рогьел, гьудул Сергей?
Рагъ ккараб къоялъулаб
ЦIа гIадаб бакъ баккараб.

Нилъ Воробьев магIарде
Рахана доб къоялда.
Нилъ – рагъда хадусеб гIел
ГIумруялде рачIарал.

У, гьеб къо къан букIана
Мукъулукъалъуб даим.
Дагьаб бигьалъулаан
Москвалде бакъ щведал.

Шамил ва Коля гьечIо,
Нилъго соназда руго.
Амма жеги гьаб къоялъ
Керен борлъулеб буго.

Доб нилъер умумуца
ЦIунараб Совет улка,
Бичаразе – гIасрабаз
НагIана кьезе буго.

## МАСЛИХIАТЧИ

*1996 соналъул 9 январалда хварал гъизляралъулазде*

«Кьвагьуге роддомалде
Кьвагьуге роддомалде
Ма, гьале лъималазул
Простыназул байрахъ!»

Акушерас тIилада
Бана жиндирго халгIат,
Ана ракIчIей гьечIого
Гьебгун цевехун вилълъун.

Дора маскаби ххурал,
Яргъид гIуцIарал мугжул –
ХIинкъарав тохтурасул
Хьул зобалазде буго.

Роддомалда къинлъарал –
Лъебералда лъабгоял;
Тохтур, циндаго, хехго
Ана рагъулье гIадин.

Тохтур сукI-сукIун ана,
Хвалилаб ругъунги щун;
«Кьвагьуге роддомалде!»
Гьесул ахираб рагIи.

Лъебералда лъабабго
Лъимералъе – къого сон.
Зодосан гьезухъ, вохун,
Валагьун вуго тохтур.

## ГЪУНИБ

Августалъул бакъ буго
Баккун щолеб мугIрузде.
Ва Гъуниб росдада тIад
Роржана къвекIал цIумал.

Дун пикрабалъ ялагьун
Йиго гьадал цIумазухъ,
Муридазул рухIалцин
Гурищ дол – рагъулъ хварал.

Ракьалдайин абуни,
Маххул къункъараби руго,
Зодоре къарукъунел
КочIолъа къватIир кIанцIун.

ГIагараб рукъалдаса
РатIалъизе захIмалъун,
ЛахIзаталь лъалхъун ругин
Ккола къункъраби гьанир.

Гьаниб – борхатаб Гъуниб,
Августалъул бакъ буго,
Къалъ-къалъун къункърабазул
Панаял куркьбазда тIад.

КIичI-кIичIарал нухалъан
Гъоркье дун унеб мехалъ,
ЧIагояб гьаб тIабигIат
Буго дун тIойитIулеб.

Гьаб, хъахIаб чIегIерлъараб,
Заманаялъул къояз
ГIицIго Гъуниб зоб буго
ХисичIого, бацIцIадго.

* * *

Дуца ахIе дие авар мацIалъ кечI,
Дида цоцин рагIи бичIчIичIониги.
Зодисан бортараб цIва, ракьда гIадин,
Дун дур бакъаналда къочулей йиго.

Дуца ахIе дие авар мацIалъ кечI,
Гьелъул тIину гьечIеб гъварилъудасан.
МугIрул поэтасул хвелгьечIеб гьумер
Гьайбатго пикрабалъ цебе чIоледухъ.

Дуца ахIе дие авар мацIалъ кечI,
ТалихIкъараб гьесул хвалилаб рокьул.
АскIой йикIаниги, рикIкIад йикIарай,
Досул йокьулелъул хIикмалъиялъул.

Дуца ахIе дие авар мацIалъ кечI,
Таржама гьечIого дида бичIчIула.
Гьеб буго чIухIараб эркенаб халкъалъ
Рохел, пашманлъидалъ ахIулеб шигIру.

Дуца ахIе дие авар мацIалъ кечI,
Дирго мацIлъун дий гьеб хирияб буго.
Гьеб лъицаго дида босизабичIо,
Гьал цIвабзазда хъварал мугIрулго гIадин.

## ХВЕЛГЬЕЧIЕБ ПОЛК

Рагъулъ чIварал, тIагIарал,
ЦохIо гIадан течIого,
Хабалъа рахъун руго
РачIунел цадахъ чIезе.

Риччанте рагъулъ гIадин
Цо кьерда гъункун чIезе,
Гьанжеги гьел тIолалго
Цогояб миллаталда.

Кавказалъулал гьенир,
Севералъулал гьенир,
Гьазул цоцада рукь цун
ЧIей буго – чармилаб гуч.

ХвелгьечIеб гьаб полк биччай,
Кьварараб гали тIамун,
БагIараб майдан къотIун,
Ва тIолго улкаялда.

Нилъ, хадусеб цIияб гIел,
ГIалхулаб жакъа къоялъ
Хьулгун, бадиб магIугун
Ралагьун руго гьезухъ.

## ГЕОРГИЯСУЛ ЧАЛЛУ

Рагъулъ бергьенлъи щвараб
Нилъер ихдалил чалу,
Макьидаса борчIизе
Гьабула дуца, улка.

ХIалихьалъи, чороклъи
ХIинкъун руго дудаса,
Мун тIутIун базелъун гьел
ТIаде гьунулел руго.

Амма мун кенчIарулеб
Буго киса-кибего.
Ва гIисинлъималазул
Релъи-хъуялда цадахъ.

Мун кенчIарулеб буго
Каранда дов херасул,
Сталинил медалгун
АскIоб гьесие кьураб.

Ясалъул гъалазда – мун,
Солдатасул рачлихъ – мун,
Хералъул гъажилда – мун,
Эмен-лъималазухъ – мун!

Ракетаялъ кинигин,
БецIлъи хъамулебги – мун,
Гьелъ буго халкъ кидаго
Дуда божараб бугеб.

*Руссинаруна МахсутI ЗАЙНУЛГIАБИДОВАС.*

# ЦIИЯБ ТIЕХЬ




*Дагьаб цебегIан къватIибе бачIана магIарулазул машгьурав хъвадарухъан МахIмуд-Апанди МухIамадовасул «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб тIехьалъул кIиабилеб басма. Цебесеб 2017 соналда бахъун букIаралде дандеккун гьеб тIехь авторас тIадеги бечед гьабун буго даруял тIегь-хераздалъунги цогидалги тIадежураяздалъунги. Кьун руго гьениб тIегь-хералъулги пихъазулги магIарулги гIурусги мацIазда словаралги, тIегь-хер кида ва кин ракIарилелали бицунел таблицабиги.*

*ГIемераб хIалтIи тIад гьабун, лъикIалан захIмат бихьун гьабураб МахIмуд-Апандил «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» ккола магIарул мацIалда тIоцебе къватIибе биччараб, кинабго рахъалъ халкъияб тохтурлъиялъул суалал жанире рачараб тIехь. Гьелъго батила, гьеб тIехьалъ магIарулазе унго-унголъунги лъикIаб асар гьабулеб бугебги, гьеб балагьулеб, цIехолеб бугебги. Жидехъе «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» кодобе щварал батIи-батIияб ригьалъул ва гьунар-махщелалъул гIадамаз гьелда тIасан пикраби рицун, гьелъие къимат кьун лъикIалан кагътал рачIунел руго «Гьудуллъи» журналалъул редакциялдеги. Нижеда лъикIаблъун бихьана гьезул цо-цоязулгун цIалдолезул лъай-хъвай гьабизе.*

**МАГIАРУЛ МАЦIАЛДА ТIОЦЕБЕСЕБ**

ШигIриябги, харбилабги, рухIиябги къолощугониги тIехьги къватIибе биччарав, магIарулазда гьоркьоб цIар тIибитIарав хъвадарухъан МахIмуд-Апанди МухIамадовас 2017 соналъ нилъее сайгъат гьабун букIана сахлъи цIуниялъе инсанасе чара гьечIого хIажатабщинаб жанибе бачараб «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб тIехь. АнцIила ункъо бутIаялде гьеб тIехь бикьун букIиналъги бицунеб букIана, тIехьалъ жанибе бачунеб халкъияб тохтурлъиялъул бечедаб ирсалъулги, гьеб ирсалъ инсанасул сахлъиялъе кьезе бугеб пайдаялъулги, гьелдаса бахине бугеб баракаталъулги. ТIехьалъул цоги кIвар бугеб рахълъун букIана, гьенир ругел, жидер бицен гьабулел хурдузулги, пихъазулги, цогиял нигIматазулги суратал гьезул хIакъикъияб кьералъул лъун рукIин. Гьелъулги букIинарищха кIудияб кумек гIадамазе, жидее хIажатаб тIегь-хералъулгун, пихъазулгун лъай-хъвай гьабизеги гьездаса пайда босизеги.

ХIакъикъаталдаги, магIарулазе кIудияб асар гьабуна МахIмуд-Апандил «Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялъ». Киса-кибего гьеб тIехь цIехолел, балагьулел гIемерлъиялъ, автор хIажатавлъун ккана гьеб тIехьалъул кIиабилебги басма бахъизе.




ГьанжегIагар къватIибе бачIана гьеб тIехьалъул гIезегIанго тIадежураялги гьарураб, гьелдаса пайда босулезе жеги-жеги мухIканлъабиги жанир ругеб цIияб – кIиабилеб басма. Гьелъие хъвараб нухбитIиялъулаб цебераrIиялда Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-афанди ГIабдулаевас абулеб буго: «Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялда» жаниб бугебщинаб хазинаялъул бицине дун лъугьинаро. Гьелъие дир заманги букIинаро. Ва амма абила, гIибадат гьабизе ккани, гIадамасе сахлъиги къваригIунелъул, сахлъиялда хурхарабщиналъул бицараб «Хакъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб гьаб тIехь кинацаго цIехезеги ккела, цIализеги ккела, цIунизеги ккела», – абун.

«Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялъул» цебесеб басмаялда 14 букIараб батани, гьаб тIехьалда буго 17 бутIа. Гьелде тIадеги жубан буго 75 гьумер.

Масала, Оносма – цIинкразул хер онкологиялъул унтабазде данде хIалтIизабулеб куцалъул гьаб тIехьалда гIатIидго бицун буго. Гьединалго мисалал цоги-цоги дарабазулги руго гьенир тIаде журан.

Гьеб гуребги, цебесеб «Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялда» даруял тIугьдул-хурдузулги пихъазулги гIурус-авар словарь гурони кьун букIинчIо. ЦIияб тIехьалда, гьелдаго цадахъ, пайда босулезе бигьалъиялъе авар-гIурус словарги лъун буго.

ЦIияб басмаялъул цоги къиматаб рахълъун ккола, кинал унтабазе кинаб тIегь-хер данде кколебалиги, кида гьел ракIаризе кколебалиги бицараб мухIканаб, берречIчIарбго батизе бигьаяб таблицаги календарги кьун букIинги.

Ахиралда лъун руго батIи-батIиял тохтурзабаз тIехьалъе кьурал къиматалги.

Гього-цо квеш ккараб жо буго, цебеселъулго гIадин гьаб тIехьалъулги тираж 1000 экземпляр гурони гьечIолъи. Щибжоха кколеб миллионаде гIагараб халкъ бугеб магIарул миллаталъе цоги-кIигоги азарго гьединаб къиматаб, хIажатаб тIехь. Гьебни щивав магIаруласул рокъоб букIине чара гьечIого рекъараб тIехь буго.

***МухIамад МУХIАМАДОВ,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор.***

## ДИДАНИ ГIЕМЕРАБ ЦIИЯБ ЖО БАТАНА ГЬЕНИБ

Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-Афанди ГIабдулаевас нухбитIиялъул цеберагIиги хъван, кIиабизеги къватIибе биччараб магIарулазда лъикI лъалев шагIир МахIмуд-Апандил «Хакъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб тIехьги цоги нухалда бега-битIун, пикрабалъе ккун вуго дун. Байбихьудаго абила, гьабги, цебеккун бахъараб «Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаги» жеги типографиялъул шакъиялъул махI чIвалелдего рагIа-ракьанде щун, цIалун букIана дица, бала-гъалагьизеян авторас рукопись босун бачIиндал. Доб мехалдаго пикруги бижун букIана, живго МахIмуд-Аапндидаги абун букIана, гьабщинаб жо данде бакIаризе, гьабщинаб хIалтIи гьабизе шагIирасда дуда кин бажарарабилан. ГьитIинаб къоялдасаго кIудияв эмен ГIумаридасан халкъияб тохтурлъиялде рокьи бижарав дица цебегоялдаса бакIарулеб букIанин гьеб тIехьилан гьесги жаваб кьун букIана.

ХIакъикъаталдаги, шагIир хIисабалда лъай–хъвай ккун букIана МахIмуд-Апандилгун дир. Гьебги букIана къоло щугониги соналъ цебе лъикIал гIадамал данделъулеб бакIлъун лъугьун букIараб Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадил рокъоб. Доб мехалда къватIибе бачIун букIана гIолохъанав шагIирасул «Рокьул ирс» абураб тIоцебесеб тIехьги. Гьелдаса хадуб МахIмуд-Апандица къватIире риччана шигIриялги харбилалги гIемерал тIахьал. Гьесул творчествоялда аслияб бакI кколеблъунги лъугьун букIана динияб тема. Гьелги цогидалги тIахьал рехсон заман инабиларин. Гьаниб дие бицен гьабизе бокьараб «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» бугелъул.

ГIумру унтарал сах гьарулаго арав профессионалияв тохтур вугониги, дидагоги гIемераб батIияб-цIияб жо лъана гьаб тIехьалдаса. Гьеб тIехь хIакъикъаталдаги буго кIудияб бечелъи, умумузул халкъияб сахлъи цIуниялда хIалтIизарулел рукIарал дару-сабабал лъазе бокьаразе, гьелде хIажалъи ккаразе унго-унгояб хазина. Гьеб хъван буго бечедаб, берцинаб, цIалулев чиясе асар гьабулеб гIадатияб магIарул мацIалда. БитIахъе абуни, бергьун кIудияб хIалтIи гьабун буго авторас. ГIемераб захIматги заманги тIад инабун буго гьес гьеб баракатаб хIалтIи магIарулазе сайигъат гьабулаго.

Даруял тIугьдул-хурдузулги хIакъалъулъ гIемераб жо жанибе бачун букIин гуребги, жибго тIехь гьабун, гIуцIун буго пайда босулесе хIажатаб дару-сабаб бигьаго, къобихьичIого батуледухъ. Къокъго бицун телин гьеб тIехьалъул кIиабилеб басма гIуцIун бугеб къагIида:

1. Щиб сунде даруяб бугеб;
2. Чорхол гIузрабиги гьезие даруги;
3. Сахлъиялда хутIизе бокьани;
4. Лъимал унтун ругони;
5. ЦIодорлъи гьабе;
6. Лъараб жоялъул зарал гьечIо;
7. Ганзиралъул нахги гьелъул къуватги;
8. Чаязул хIакъалъулъ;
9. Пайдаял малъа-хъваял;
10. Витаминазул пайда;
11. ГIеназул *(соказул)* пайда;
12. Суалазе жавабал;

13. Даруял хурдул кин ратIа рахъилел;

14. Даруял хурдузул паргьанг, (словарь). Гьаниб цо мухIакнлъи гьабилин. Гьеб тIехьалъул цебесеб басмаялда гIурус-авар словарь гурони кьун букIинчIеб батани, гьаниб авар-гIурус словарги тIаде жубан буго.

15. Кида кинаб тIегь-хер бакIаризе кколеб;

16. Балагье мугIрузде, гIазул цIун руго;

17. ХадурагIиялъул бакIалда.

Гьел бутIрузго бицунеб буго тIехьалъ жанибе бачунеб бечедаб хазинаялъулги, гьеб хазинаялъ чиясул сахлъиялъе кьезе бугеб пайдаялъулги, гьелдаса бахине бугеб баракаталъулги.

Цоги кIвар бугеб рахълъун ккола гьеб тIехьалъул, гьенир ругел бицен гьабулел хурдузулги, пихъазулги, цогидал нигIматазулги, гьезул хIакъикъияб кьералъул суратал. Гьелъги кIудияб кумек гьабила гIадамазе, жиде-жидее хIажатал дарабазулгун лъай-хъвай гьабизеги, гьездаса пайда босизеги.

РукIана магIарул мацIалда даруял хурдузулги гьединалго нигIматазулги бицарал цо-цо брошюраби. Амма гьадинаб тIехь жеги букIинчIо. Гьеб буго кинабго даруябщинаб жанибе бачараб, квер цIалтунеб, бихьизеги батизеги гIезегIан кIудияб тIехь.

***АхIмад ГIАЗИЗОВ,***

***Медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор.***

## НИЛЪЕЕ ХIАЖАТАБ ТIЕХЬ

Инсанасда сверухъ буго бицинеги борцинеги хIалкIоларебгIанги гIорхъи-рахъ гьечIеб тIабигIияб бечелъи. Нус-нус тIугьдул, хурдул, анцI-анцI пихъал, гьел гурелги, жиде-жидер хаслъи бугел хIикмалъаби. Гьеб кинабго БетIергьанас бижун буго гIадамасе пайдаялъе, цогидабги хIажалъиялъе. Амма лъалебищха нилъеда гьезул инсанасе бугеб кIвар, бищунго хIажатаб къоялъ гьеб бечедаб гъамасалда жаниб нилъее къваригIараб дару-сабаб батулеблъи. Гьединал пикраби дир ботIролъ рижана магIарулазул машгьурав шагIир МахIмуд-Апанди МухIамадовасул «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб иргадулаб тIехьалъулгун лъай-хъвай гьабидал. Иргадулабин абиялъе гIиллаги ккола, дида гьев хъвадарухъанги цевего рагIун вукIин ва гьес хъварал тIахьалги цIалун рукIин, гьесул творчество бокьулел рикIкIен гIемерал магIарулазда гьоркьовги дун вукIин. Аммаха гьаб тIехьалъ дунго тохтур вугелъулги, инсанасул сахлъиялъул къимат бичIчIулеб букIиналъги батила, дие бергьун кIудияб асар гьабуна. МагIарулаз абухъе, МахIмуд-Апанди, битIахъе къочIотIе гIебу гIадин, тIаде ккун вуго инсанасе чара гьечIого хIажатаб сахлъи цIуниялъул масъалаялде. КигIан гIемераб хIалтIи гьес гьабун батилареб гьабгощинаб тIегь-хер, пихъал лъазарулаго, гьезул хаслъаби цIехолаго, гIадамазе гьезул бугеб пайда лъазабулаго. Гьаб буго, дир хIисабалда, тIубараб гIелмияб институталъ лъикIалан заман тIад инабунцин гьабун бажаруларебгIанасеб хIалтIи. МахIмуд-Апандийин абуни, унеб заманалдаги, бихьулеб захIмат-гIакъубаялдеги вачIун гьечIо. Гьесие, гьеб тIехь хъвалаго, аслияллъун рукIун руго гIадан-инсанги гьесул сахлъиги. Гьеб бихьулеб буго жибго тIехь цIалидалин абиларинха, гьелъул бутIрул – бутIабазухъ балагьидалцин.

«Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялъул» киналго тIокIлъабазул бицине гIемераб заман хIажалъила. Халкъалъе гьелъул бугеб пайдаялъул бицани, цо хассаб тIехьгицин хъвазе бегьила. Чанго рагIиялдалъун абуни, МахIмуд-Апандица гьабун буго бицунги борцунги бажаруларебгIанги кIудияб хIалтIи.

***ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ,***
***Дагъистаналъул мустахIикъав тохтур, хъвадарухъан.***

## АЛЛАГЬГИ ГIАДАНГИ РАЗИЯБ ХIАЛТIИ

Гьале нижер столалда тIад МахIмуд-Апанди МухIамадовас хъвараб «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб нижее сайгъат гьабураб тIехь.

Аллагьас кIодо гьареги, МахIмуд-Апанди, гьадигIан кIудияб сайгъат халкъалъе гьабурав мунги ва гьаб тIехь хъвазе дур ракI гьесизабурав ХасмухIмад-хIажиявги.

Гьаб буго унго-унгояб хазина!

Дун гIадал гIадатиял гIадамаз рекIел боххи загьир гьабуни гурони, щиб къимат кьелеб гьаб къиматаб тIехьалъе, тIехь къватIибе биччалаго, тIадегIанал гIалимзабаз, тохтурзабаз абун бугелъул гьелъул хIакъалъулъ мустахIикъаб рагIи, кьун бугелъул рагIа-ракьанде щвараб къимат.

ТIоцебе тIехь кодобе босулаго, гьелъул берцинго къачIаялъ, лъикIаб кьералъ, тIад бахъараб рекIелъе бортулеб лъимадул сураталъ цо батIияб асар рекIелъе тIинкIула – бижула унтарасулъ сахлъиялде хьул, гIумруялде гъира.

Гьаб тIехьалъул гIуцIи: жиндирго цеберагIиялдаса хадуб МахIмуд-Апандица кьолеб буго унтаразулги дарабазулги хIакъалъулъ свалат-салам лъеяв МухIамад аварагас умматалъе тарал хIадисаздаса байбихьун жакъа къоялде щвезегIан цIар рагIарал гIадамазул (гIалимзабазул) машгьурал тохтурзабазул каламал, сахлъиялдаги дарабаздаги хурхарал магIарул абиял.

Хадуб бицунеб буго хурдул ракIарулеб, гьел ракъвазарулеб къагIидаялъул, рихьизарун руго хурдузул дараби гьарулеца цIунизе кколел гIаммал къагIидаби.

ТIехь гIуцIун буго 17 бетIералдаса. МухIканго бицунеб буго щиб сундуе дарулъулеб, данде кколареб, кин щиб хIалтIизабилеб, батIа бахъилеб, бакъвазабилеб.

ТIехьалда кIудияб кIвар кьолеб буго лъималазул сахлъиялде *(4 бетIер – «лъимал унтун ругони»)*. Руго тIехьалда суалазе жавабал. 14 абилеб бетIералда буго щибаб харил сурат, гьелъул тIабигIияб кьер.

ЦIакъ лъикI буго хурдузул цIарал магIарулги гIурусги мацIалъ рукIин. ТIехьалда жаниб бокьараб суалалъе жаваб буго. ХIисаб гьабеха – МахIмуд-Апанди МухIамадовас цIалун ругелщинал тIахьал, балагьун бугебщинаб къиматаб хазина, чан бакIалде гьев щун ватилев, чан чиясда кIалъан ватилев! Гьесул баракаталъ нилъее рес щун буго гьел хурдул ралагьизе, хIалтIизаризе. ГIадан бицун божулеб хIалкIолъи гуро гьаб! Унго-унгояб гIелмияб хIалтIи буго, бокьараб цIаралъе мустахIикъаб!

ТIехьалъул ахиралда лъун буго жиндир шапакъат щваяв СагIид-афандигун цадахъ бахъараб авторасул сурат. Гьелъги ракI бохизабула ва сахлъиялде хьул бижизабула.

Дида ккола гьаб тIехь щивав чиясул столалдаса камиларин ва кинасего гьелъ кIудияб квербакъи гьабилин.

РакI боххаги дур, МахIмуд-Апанди!

Аллагьас кIодо гьавеги гьадигIан ракIги, хIалги, жанги жаниб лъураб кIудияб сайгъат халкъалъе гьабурав!

***Майсарат САЙПУДИНОВА, хъвадарухъан.***

## ВОХИЗАВУНА ДУН ХУРДУЗУЛ ТIЕХЬАЛЪ

Дунялалда инсанасе Аллагьу ТагIалаяс чан сон кьун батаниги, гьесие бищунго чара гьечIеб бечелъи буго сахлъи. Гьелъго батила абулебги сахлъи – инсанасул бечелъи кколилан. Аммаха гьеб сахлъиялъул къимат нилъеда жибго сахлъиялъ къорехараб мехалда гурони бичIчIуларо! Дие кIудияб рохеллъун букIуна кинаб букIаниги унтуе батIияб-цIияб дару бахъун бугин рагIидалги, хасго дару-сабабалъул бицарал церехун рихьун рукIинчIел тIахьал кодоре щведалги.

Гьеле гьединаб унго-унгояб рохеллъун ва ракIразилъилъун дие лъугьана магIарулазул машгьурав хъвадарухъан МахIмуд-Апанди МухIамадовасул «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб тIехь цIалидал. Бухарияс рехсараб, свалат-салам лъеяв МухIаммад авварагасул хIадис буго: «Аллагьас цониги унти бижичIо жинда данде дару гьечIеб, гIицIго херлъи хутIизегIан, гьединлъидал, нужеца нужго сахлъизе дару балагье», – ян абураб.

Дир хIисабалда, МахIмуд-Апандица гьеб тIехь гIуцIун буго гьеб хIадисги кьочIое босун, гьеб хIадисалде мугъчIвайги гьабун.

Дир руго гIарабазулги, гIурусазулги, ингилис мацIалда хъваралги халкъияб тохтурлъиялъул бицарал гIемерал тIахьал. Амма гьаб тIехьалда гIадин щибаб тIегь-хералъул хIакъикъиял суратал ругеб, суратги жибго тIегь-херги данде ккуни батIа бахъизе лъалеб тIехь, дида жеги батичIо, я бихьичIо. ГIажаиблъи гьабизе ккарабжо, гьеб кинабго батараб, данделъараб!

ЦIакъ гIемерал бакIазде ваккун, цIакъ гIемерал тIахьаздасан пайда босун хъван буго МахIмуд-Апандица гьаб тIехь. Гьаб тIехьалда руго хурдул, цоги тIахьазда дандчIваларелги, батIи-батIиял унтаби сах гьариялъе хIалтIизарулел. Масала, онкологиялъул унтазбазда данде хIалтIизабулеб «Оносма» – цIинкразул хералъул бицараб бакI цоги тIахьазда гьечIо. Гьанибин абуни, гьелъул хIакъалъулъ гIатIидаб гIураб баянги кьун буго. Суратги лъун буго. Гьединал мисалал жеги рехсезе бегьула.

Руго гьеб тIехьалда, пайда босулезе квегIенлъиялъе, хурдузул авар-гIурусги гIурус-аварги цадахъго словаралги кьун. Гьединго тIехьалъул ахиралда лъун руго кида кинаб тIегь-хер бакIаризе колебали мухIканго бихьизабураб календарги, кинаб тIегь-хер кинал унтабазе данде ккolебали мухIкан гьабураб таблицаги.

«Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялъул» цоги кIвар бугеб рахъ ккола, тIехь хъван буго берцинаб, роцIараб, бацIцIадаб, бечедаб магIарул мацIалда.

Хъвай-хъвайги (шрифт) буго бокьараб ригьалъул чияс эркенго цIализе

бажарулеб къагIидаялъул. Гьелъги тIехь кодобе босарабго, гьелде ракIцIала, рохалилаб асар лъугьуна. Гьелъ буго дун МахIмуд-Апандидаса вохаравги, гьелъ буго дица гьесие баркала кьолеб бугебги, кири гIемерлъагиян гьарулеб бугебги.

***ХIумайд-афанди ДУМАЛАЕВ,***
***халкъиял дарабазул тохтур.***

### УНТАРАЗЕГИ УНТИЗЕ БОКЬИЧIЕЗЕГИ ХIАЖАТАБ ХАЗИНА

«Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб, жиндие къисмат кьун гIорцIулареб, найица тIалаялъубе тIегь бакIарулеб гIадин данде гьабураб гьаб тIехьалъ жанире рачун руго даруял хурдузул баянал, гьел хIалтIизарулеб къагIида, щиб унтуе гьез кумек гьабулебали. Кьер бугел суратаз рес кьолеб буго нилъер бакIалда рижулел хурдул ратIа рахъизе, гьезул цIарал лъазе.

ТIехьалда руго дарабазул хIакъалъулъ нилъер Аварагас рицарал хIадисалги, руго гьелда жанир даруял хурдузул хIакъалъулъ машгьурал гIадамазул рагIабиги. Гьел цIакъ рекъонги руго тIехьалда. ТIегь-хер кида бакIарилеб, кин гьеб бакъвазабилебали бицунеб ва суалазе жавабал кьолел бутIрулги руго тIехьалда.

Даруял хурдузул словарги тIехьалда цIияб жолъун бихьана. Авар мацIалда даруял хурдузда цIарал нилъеда къанагIат гурони лъалароан. Авторас цIехон, кивего ваккун гьеб масъала тIубазабун буго. МагIарул мацIалъ хъвараб тIехь лъугьун буго щивав чиясе кумекчилъун, унтарасе сабаблъун.

ТIехь данде гьабулаго авторас пайда босун буго дару-дарманазда хурхарал тIахьал хъварал гIемерал авторазул асараздасан.

Анлънусиялдаса цIикIкIараб гьумералда жанисан босизе жо гIемераб буго.

ЦIвакараб кагъат, цоцалъа бахъараб хъвай-хъвагIай, кьер берцинал суратал – кинабго рекъон ккун буго тIехьалда. БитIахъе тIогьол квацIиялда релълъараб тIехь лъугьун буго гьеб.

МахIмуд-Апандица магIарулазе гьабураб гьеб сайгъат мустахIикъаб буго бокьараб рецц-бакъалъеги, шапакъаталъеги, баркалаялъеги. Авар миллаталъе абадияб хазиналъун хутIила гьеб тIехь.

***Гьонодаса КАРИМУЛЛАГЬ-ХIАЖИ,***
***Хъвадарухъан, жамгIиятчи.***

### ТIЕГЬ-ХЕРАЛДАГИ ХУРХИНАБУН, ЧIАГО ГЬАБУЛЕБ БУГО НИЛЪЕР МАЦI

Нижехъе вачIун вукIана Турциялда вугев цо магIарулав. Нижер харбихъги гIенеккун, гьес абуна: нужеца бицунеб мацI жинда захIматго гурони бичIчIулеб гьечIилан, нужер рагIабазда гьорлъе, ай, магIарул мацIалда гьорлъе гIемерал гIурус рагIаби рачIун ругилан. Турциялда вугев гьес бицунеб букIана унго-унгояб авар мацI. Гьеб лъугьа-бахъин щай дица гьаниб рехсолеб бугеб? Щайгурелъул, МахIмуд-Апандил «Халкъияб тохтурлъиялъул хазина» абураб тIехь цIалулаго, дун вохана, бацIцIадаб авар мацIалдасаги, гьелгощинал тIегь-хералъул цIаралги лъазарун, тIехьалда авар-гIурус словарь батиялъги. Дун

вуго гIумруялъ тIегь-хералда хадув чIарав, гьезул цIарал цIехолев, аскIове вачIарав чиясда дару-дарман малъулев, дидаса бегьарабщинабги гьабун гIадамазул сахлъи цIуниялъе къеркьолев чи.

Абизе кIвела, дида лъаларелги тIегь-хералъул цIарал, унтабазе рецептал гьаб тIехьалда гIемер ратанилан.

Цоги абизе ккола, жакъа анцIгоги ватиларо тIегь-хералда цIар лъалев чи магIарулазул хутIун. Лъалез гьеб бицунебги гьечIо, чIагоязе нахъе толебги гьечIо, хабалъе унеб буго цадахъ босун. Гьеле гьебин бугеб гьаб тIехьалъул бищунго кIудияб цIакълъи. ТIегь-хералдаги хурхинабун, тIагIун унеб мацI чIаго гьаби!

Гьадинаб тIехь магIарулазе цIакъ хIажатаб букIана, жиндир заманалда кантIун вуго МахIмуд-Апанди гьадинаб тIехь хъваялде.

*Амаев ХIАМИД,*
*Гъизиялюрт район, Самилахъ росу.*



# ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ

**МухIамад РАСУЛОВ**



*Хунзахъ районалъул Харахьиса Расулов МухIамад вукIана лъикIав журналистги махщел камилав фото-мухбирги. Дагъпединститутальул филологияб факультет лъугIун хадуб, МухIамад хIалтIана, байбихьуда Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи», хадубги гIемерал соназ республикаялъул «БагIараб байрахъ» («ХIакъикъат») газеталъул редакциязда. Фотоаппаратгун суратал рахъизеги гIадамазул гIумру-яшавалъул бицарал макъалаби хъвазеги Расулов щвечIеб росу магIаруллъиялдаги гъутабиазда ва гIодорлъиялдаги къанагIатги хутIун ратиларо. Гьеб рахъалъ МухIамадие унго-унгояб махщелги щун букIана. Гьединлъидалин М.Расулов СССРалъул Журналистазул союзалъул мухъилъе восун вукIаравги.*

*Газеталъе суратал рахъиги макъалаби хъвайги гуребги, МухIамадил лъикIаб гьунар букIана гIисинал харбал хъвазеги. Хасго цIалдолезе асар гьабулеллъун лъугьунаан гьесул махсаро-хочIалъул харбал. Гьес цо жиндиего хасиятаб къагIидаялъ кагътиде росун рукIана росдал годекIабахъ рицунел махсаро-харбалги. Гьел авторас рухьинарун рукIана, хIакъикъаталдаги жив вукIарав, Кортав абулев чиясда ва рагьулеб букIана гьесул унго-унгояб гIамал-тIабигIат. «Кортасул махсараби» абураб гIаммаб бетIергун «МагIарул годекIаниб» абураб тIехьалда церегIан соназ рахъунги рукIана гьел харбал. Цебесеб гIелалда цоги нухалда Расулов ракIалде щвезавизеги, цIияб гIелалъ гьесул гьунар-махщелалъулгун лъай-хъвай гьабизеги, нижеда лъикIаблъун бихьана МухIамадил гьел махсаро-хочIалъул харбазул цо-цоял журналалда рахъизе.*

## КОРТАСУЛ МАХСАРАБИ

* * *

*Херехь рагIи бегIерал гIадамал ругиланги рагIун, гьел къезаризе пикруялда, рачIун руго гIандадерил лъабгояв. Росу рагIалде щваралго, гьезда гIодулев цо вас данде ккун вуго.*

*– ВуцIцIун гIоде, вас, – ан абун буго гьезул цояс.*



*– Нужго гIодор чIун рилълъа, – ян жаваб гьабун буго гьезие васас.*

*Росдал годекIанире щведал, гIандадерица цо гIолохъанчисда гьикъун буго:*

*– Нужер багIаргьалида накъищ лъица бахъараб? – ан.*

*– Нужер чIегIергьалида лахI бахарав чияс, – ан жаваб кьун буго гьесги.*

*Нилъалзукь квералги чIван рукIун руго годекIанире гIадамал рачIинегIан гIандал, херехь махсароде кквезе ургъулел.*

*ТIаде рехун вачIарав Кортасда гьез цIехон буго:*

*– Нужер гIадамал кире арал? – ан.*

*– Нилъалзукь чIван нужер кверал свакан ратилин, гьезул бакIалда чIвазе рахал къотIизе рохьоре ана, – ян къокъ гьабун буго Кортас хабар.*

* * *

*ТIаде вачIарав гьоболасе хъулухъ гьабизе малъулаго Кортас гIолохъанай чIужуялда абун буго:*

*– Дуца бачIинаго гьесда цебе хъаба цIун лъим лъе. Гьес гьеб гьекъечIони – кIал ккун букIуна, гьекъани – кванан вачIун вукIиналъул гIаламат ккола. КIал ккуравги, гIорцIаравги чи кваназавуни, нилъее кIудияб мунагь букIинарищ?!*

* * *

*Кортас «Жигули» машина босанила. Гьебги бачун шагьар сверулев вукIанила. Рокъове вуссинегIан гьесул машинаялъул цояб хьибилалда живго гIадав жигуличияс машина*

*«къочизабунила». Нахъисеб къоялъ цогияс цояб рахъги гьелдаго релълъинабунила. Гьедин щибаб къоялъ цо-цониги гІуж машинаялдаса камун Кортав къавулъе вуссунароанила. Гьеб хІисабалда анила лъикІаланго заман.*

*Цо къоялъ чІезеги гьавун¸ ГАИялъул инспекторас Кортасе бадибчІвай гьабунила:*

*– Гьадинаб чухІ-чухІараб машинаялда шагьаралде вахъинегІагийищ нечоларев, кидагІаги дуца гьалъул куц-мухъ бачІинабизе бугеб?*

*Кортасги жаваб кьун буго:*

*– Гьаб тункулелги гьалда тункулелги машинаби лъугІараб мехалда цойидасанго къачІазе тун буго!*

* * *

*– Шушби тукаде кьураб гІарцухъ къасиялде кваназе жо щвана, – ян чІужу ячІиндал, Кортас абуна:*

*– Гьелеха, дуца гьекъогеянги абула дида, дунги гьекъоларев вукІаравани, ракъуца хвезе бегьулаан гури нилъ.*

* * *

*Кортав лъарагІлъиялда дибирлъун вукІун вуго. Гьес мажгиталъуб хутІма гьабулаго, щибаб рагІиялдаса хадур гьенире рачІарал гІодулел рукІун руго. Кортасул хутІмаялъул ва махщалил бицунеб рагІун буго Гьарадерихъа дибирасда. Гьесул махщел-гьунаралъул бутІа щвезе хьулалда гьарадерихъев рещтІун вуго Кортасухъ.*

*Кортас абун буго:*

*– Метер мажгиталда хутІма гьабизе дица мун тІамизе вуго.*

*МацІ-хІал лъалареб бакІалда жиндихъа гьеб бажаризего бажариларилан лъугьарав гьоболасе гьес малъа-хъваял гьарун руго.*

*Нахъисеб къоялъ хутІма гьабулаго, гьарадерихъес абун буго:*

*– Гьадалгощинал сверабиги тун Гьарадерихъе рахинеги гІазаналлагь.*

*Халкъ гІодун буго.*

*– Кортасда хадур арал нуж гІадал жагьилзабазе жужахІалда букІунеб гІазабги гІазаналлагь.*

*Халкъ гІодун буго.*

*Гьанже гьарадерихъесда ракIчIун лъан буго нилъер мацI лъалареб агьлуялъе Кортасул хутIмаялъ гьабулеб асаралъул балъголъи.*

* * *

*Шагьаралда бугеб гIагарлъиялде росулъа цо пуланай гIадан хванилан ахIулеб букIун буго Кортас. ЛъикI рагIулеб букIинчIолъиялъ «хвана» абураб рагIи «ана» абун бичIчIун буго шагьаралда ругезда.*

*– Кида арай, сунда арай ва киб гьелда дандчIвай гьабилеб? – ан цIехон буго гьесда.*

*– Къаде ана, молотIа ана, ахираталда дандчIвазе ресги букIина, – ян ахIун буго Кортасги.*

* * *

*Цо къоялъ рузманалдаса вачIунев дибирасда Кортав данде чIван вуго.*

*– Я гъарин, Кортав, рузманалдеги вачIинчIони, как-кIалги рехун тани, дуца доб дунялалде щибгIаги босилеб?*

*– Щибха, дибир, дица добе босилеб, дунгоцини дове ункъояс ккун восун ине кколеб мехалъ?*

* * *

*Азбаралда цо дваргъи-гIанхъи рагIун, къватIиве ваккарав Кортасда цо гьобол ватун вуго жиндирго чу бухулев.*

*– Щиб ккараб? – ан цIехон буго Кортас.*

*– Щибха, вац, ккелеб – нужее росизеян къачIан рукIарал цIулакьодул хулжал, эхеде кIанцIон, нахъа къазе риччачIо малгIуналъ.*

*– Те жибго, – ян абун буго Кортас, – гьенисан цIулакьодул хулжал къазе риччачIеб гьелъ, гьанисан гьалил цIурал хулжал гIагардего къазе риччаларел ратилин.*

* * *

*Цеве хъулухъ-яшавалда вукIун, гьелдаса хъущтIизавурав Къумач цо къоялъ, цIакъго борхатаб тIагъурги лъун, вахъун вуго къватIиве. Гьелда гIажаиблъарав Кортас кин-щибилан цIехон буго.*

*– Цеве дун фурашка лъун хьваданиги, киназдаго вихьулаан,*

*гьаб заманалда лъидаго вихьулев гьечIо. Гьаб тIагъуральгIаги вихьизавилародаян лъун букIана, – ян жаваб кьун буго Къумачица.*

*– Гьа-гьа-гьа, – ян велъанхъун вуго Кортав. – ТIагъур дуца кигIан борхатаб лъуни щибха, гьудул, мун хъущтIараб кIкIал цIакъ гъваридаб бугелъулха.*

* * *

*Цо нухалда шагьаралде щварай Занкилай васас Кортавгун концерталде ячун йиго.*

*Оркестралда цевеги чIун, кверал хьвагIулев дирижорасухъги ялагьун, гьелъ васасда цIехон буго:*

*– ЦокIалго къед бохьизе лъаларев вохьарухъан гIадин гьагъав чиго щибулев накъирачагIазде хьвагIелев?*

*– ТIил хьвагIун, дос дол хIинкъизарулел рукIинчIелани, щибдай дур гIундузул букIинаан гьанже, – ян абун буго Кортасги.*

* * *

*Дояркалъун хIалтIулей Занкилалъухъе вачIун вуго республикаялъул газеталъул хIалтIухъан.*

*– ЛъагIалида жаниб щибаб гIакдадаса чан литр рахьдал бечIчIараб, Занкилай?*

*– КIиазарго.*

*– КIиазаралда щуснусго бечIчIизе кIвелищ?*

*– КIвела.*

*– Лъабазарго?*

*Гьезухъ гIенеккун вукIарав Кортас абун буго:*

*– КIвела, гьебги кIвела гьалда, амма гьеб мехалда рахьдадаса гьениб лъим гIемераб букIинаха.*

* * *

*ГIолохъабазулгун Кортасул къотIи ккун буго хъалиман бухIичIого тезе. Гьезда гьоркьов вукIарав Къумач лъугьун вуго жив Кортасул инсуда гьес хъалиман танилан рохел бицине инилан.*

*– Унге, – ян абун буго Кортас.*

*– Щай?*

*– Щай гурогоха, гьудул, досда дица бухIулеб букIинцин лъаларелъул.*

* * *

***КIудияб шагьаралде къваригIелалъ щварав Кортав гостиницаялъул цо номералда рещтIун вуго. Свак чучиялъе чвердезе арав гьесда, нахъвуссун вачIунаго живго рещтIараб рукъалъул номер кIочон буго. Цересан номеразухъеги ваккулаго, гьес цIехолеб букIун буго:***

***– Гьанив Кортав вугищ? – ан.***

***Ахир-къадги цо номералдасан жаваб кьун буго:***

***– Вуго, – ян.***

***– Киве гьев арав?***

***– Чвердезе.***

***– Гьедин батани, гьев чи дун вуго, – янги абун Кортав жаниве лъугьун вуго.***

* * *

***Цо къоялъ вихха-хочун годекIаниса рокъове векерулев вукIун вуго Кортав. Данде ккараз гIажаиблъун цIехон буго:***

***– Киве гIедегIарав, Кортав?***

***– КъваригIелалъ унев вуго!***

***– КIудияв чи мунго векеричIого, гьал лъималгIаги щайха ритIуларел?***

***– Гьез кин дир къваригIел тIубалеб? – ан абун буго Кортас, – пачаясцин живго ун гурони тIубалареб къваригIел?!***





Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гъудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе **«Гъудуллъи»**.*

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гъудуллъун кквe **«Гъудуллъи»**.*

